**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ MAGISTRATURA BO’LIMI**

*Qol jazba huquqi’nda*

*UDK 9.43.11.411.1*

Buxarbaeva Jazira Jaqsi’li’qovna

# JAZI’W TEORIYASI’ HA’M QARAQALPAQ A’LİPBESİ MENEN İMLASI’N JETİLİSTİRİW MASHQALALARI’

5A120102 Lingvistika «Qaraqalpaq tili»

Magistr

akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an

**D İ S S E R T A Cİ YA**

MAK da jaqlawg’a ruqsat

Magistratura bo’limi basli’g’i’

__________ doc. Gulimov A

Kafedra basli’g’i’:__________ prof. Qudaybergenov

İlimiy basshi’:____________akad. A.Da’wletov

NO’KİS - 2014-ji’l

WO`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI` JOQARI` HA`M WORTA ARNAWLI` BILIM MINISTRLIGI
BERDAQ ATI`NDAG`I` QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI
Magistratura bo`limi magistranti': Buxarbaeva Jazira
Kafedra: «Qaraqalpaq til bilimi» Ilimiy basshi`: akademik A. Da'wletov
Woqi`w ji`li`: 2012-2013/2013-2014 Qa`nigeligi: «Lingvistika» (qaraqalpaq tili)

## MAGISTRLIK DISSERTACIYA ANNOTACIYASI'

***Temani'n' a'hmiyetliligi*** : Qaraqalpaq til bilimi aldi'nda turg'an yen' a'hmiyetli ma'selelerdin' biri woni'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'w basqi'shlari'n ja'ne de teren'irek izertlewden ibarat. Milliy a'debiy tilimiz rawajlani'w basqi'shlari'n izertlewde qaraqalpaq milliy jazi'wi' ha'm woni'n' rawajlani'w basqi'shlari', imla qa'deleri ha'm principlerin u'yreniw za'ru'r.

***Jumi'si'mi'zdi'n' maqseti ha'm wazi'ypalari':*** Izertlew jumi'si'ni'n' tiykarg'i' maqseti qaraqalpaq alipbesinin' basqi'shlari'n u'yreniw ha'm ha'r bir basqi'shtag'i' a'lipbedegi wo'zgerislerdi ani'qlaw, jazi'w teoriyasi' ha'm imla qa'deleri, qaraqalpaq orfografiyasi'nin' principlerin teren'nen izertlewden ibarat.

Go'zlengen maqsetten kelip shig'i'p to'mendegi wazi'ypalar belgilenedi:

- arab, da'slepki lati'n, kirill ha'm son'g'i' lati'n a'lipbelerindegi ha'ripler sa'ykesligi ha'm wo'zgeshelik ta'replerin ani'qlaw;
- ha'r bir basqi'shtag'i' a'lipbedegi imla qa'delerin ha'm principlerin u'yreniw;
- ha'zirgi ku'nde ja'riyalani'p ati'rg'an ilimiy miynetlerge talqi' jasaw ha'm belgili bir juwmaqqa keliw.

***Izertlewdin` obiekti ha`m predmeti.*** Jazi'w teoriyasi' ha'm qaraqalpaq a'lipbesi menen imlasi' izertlew jumi'si'mi'zdi'n' obiekti yesaplanadi'. Qaraqalpaq tilinin' a'lipbesin ha'm imlasi'n jetilistiriwge qatnasli' derekler, awi'zeki ha'm jazba so'ylew teoriyasi', qaraqalpaq a'lipbesinin' rawajlani'w basqi'shlari', qaraqalpaq orfografiyasi'ni'n' tiykarg'i' principleri ilimiy izertlew jumi'si'mi'zdi'n' izertlew obiekti bolsa, ha'zirgi a'lipbe ha'm imla qa'delerin jetilistiriw, jan'adan qabi'l yetilgen a'lipbeni qollani'wda ushi'rap ati'rg'an mashqalalardi' sheshiw woni'n' predmetin belgileydi.

***Izertlew metodikasi` ha`m usi`llari`***. Jumi'si'mi'zda Prezidentimiz I. A. Karimovti'n' wo'z shi'g'armalari'nda bayan yetken xali'q, til, tariyx, ma'na'wiyat, milliy ideologiya ha'm milliy ideya haqqi'ndag'i' pikirleri ha'm sonday-aq, filosofiyani'n' sebep ha'm na'tiyje, uluwmali'q ha'm jekkelik si'yaqli' kategoriyalari'na mas tu'sinikler metodologiyali'q tiykar wazi'ypasi'n atqardi'. Bunnan ti'sqari' izertlew bari'si'nda sali'sti'rmali' bayanlaw ha'm tari'yxi'y-etimologiyali'q metodlar qollani'ldi'. İzertlewde til faktlerin baqlaw, talqi'law, sinxronli'q-bayanlaw ha'm sali'sti'ri'w metodlari' paydalani'ldi'.

***Izertlew na`tiyjelerinin` ilimiy jan'ali'g'i':*** Izertlew jumi'si'mi'zda jazi'w teoriyasi' ha'm qaraqalpaq a'lipbesi menen imlasi' ha'r ta'repleme izertlewdegi birinshi arnawli' jumi's boli'p yesaplanadi'.

***Izertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti ha`m qollani`li`wi`***: Jumi'sti'n' a'meliy a'hmiyeti sonda, woni'n' materiallari'nan qaraqalpaq tilinin' imla so'zligin du'zetip qayta baspadan shi'g'ari'wda, worta arnawli' ha'm joqari' woqi'w wori'nlari' ushi'n sabaqli'q ha'm qollanbalar du'ziwde paydalani'w mumkin.

***Jumi`sti`n` du`zilisi ha`m qurami`***:Jumi`s quri`li`si`boyi`nsha kirisiw, tiykarg`i` u`sh bap, juwmaq ha`m paydalani`lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

***Wori'nlang'an jumi'sti'n' tiykarg'i' na'tiyjeleri:*** Jumi'sta qaraqalpaq a'lipbesinin' tariyxi', woni'n' rawajlani'w basqi'shlari', ha'r bir basqi'shtag'i' a'lipbelerdin' xi'zmeti, kemshilikleri ken'nen izertlendi.

***Juwmaq ha`m usi`ni`slardi`n` qi`sqasha uli`wmalasti`ri`lg`an ko`rinisi***: Joqari'da atap wo'tilgenlerdin' ba'rshesi dissertaciyali'q jumi'sti'n' na'tiyje ha'm uluwmalastiri'lg'an

ko'rinisin quraydi'.

**THE MINISTRY OF HIGHER AND SEKONDARY SPECIAL EDUCATION OF THE REPUBLIK OF UZBEKISTAN**
**KARAKALPAK STATE UNIVERSITY**

Master's department. Master student: Buxarbaeva Jazira
Department: "Karakalpak linguistics", Speciality:"lingustics (Karakalpak languge). Scientific supervisor : academic A. Dawletov
Academik year: 2012-2013 / 2013-2014

## THE ANNOTATION OF MASTER'S DEGREE DISSERTATION

***The actuality of the research:*** One of the important problems front of Karakalpak lingustics is to research deeply his appearing and developing stages. It's important to learn the orphography rules and principles, karakalpak national writing and his developing stages in searching the developing stages of national literal language.

***The aim and objectives of the work.*** The main aim of our work is to learn the stages of Karakalpak alphabeth and to find out changes in the alphabeth of different stages, the theory of writing and orthography rules, to search deeply the principles of Karakalpak orphography.

According to the aim following objectives are marked:

- to determine the differences and the similatities of letters in the Arabic, old latin, Cyril and last latin alphabeths.
- to learn the principles and orphography rules of alphabeth in the different stages.
- to discuss the published scientific works nowadays and make definite conclusion.

***The object and subiect of the research.*** The object of the our work is the theory of writing and the Karakalpak alphabeth and orphography. The sours connecting with attaining the Karakalpak alphabeth and orphography, the oral and written speakingt theory, the developing stages of Karakalpak alphabeth, the main principles of Karakalpak orphography are the objects of our research work, and to attain the present alphabeth and orphography rules, to solve the problems in using the just received alphabeth.

***Methods of the research.*** In our work the thoughts of about national idea, national ideology, spirits, hirtory, language, nation which are mentioned in the works of our president I. A. Karimov and also concept of cause and result, commonnesse and aloneness ca'tegories of philosophy worked as a methodology basis. Beside of it, comparative mention and historical- etymologic methods are used im the searching process. To watch the language facts, discuss, synchronic-mention and comparative methods are used im the research.

***Scientific novelty of the research.*** The writing theory, karakalpak alphabet and orphography in our work is the first special work which was researched thoroughly.

***Scientific and practical significance of the research.*** The practical significance of our work is that it can be used in publishing again the Orphography dictionary of karakalpak language by these materials, creating the textbooks and instr for secondary special and high schools.

***The structure of the work.*** The work consist of introduction, 3 chapters, conclusion and the list of used literatures.

***Main result of the research.*** In the work the history of karakalpak alphabet, its developing stages, the punctions of the alphabet of different stages, the defects are searched widely.

***Brief statement of summany and suggestions.*** All the aborementioned things contain the result and the brief statement of suggestions of dissertation.

# MAZMUNI’

**Kirisiw**………………………….……………………………….…3
Qaraqalpaq a’lipbesi ha’m woni’n’ izertleniwi …..……….……………...7
**I bap. Jazi’w ha’m jazi’w wo’lshemleri** ………………………….…..11
**1.** Awi’zeki ha’m jazba so’ylew haqqi’nda……………………………...11
**2.** Jazi’w ha’m imla…………………………………………………...13
**3.** Qaraqalpaq imlasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’lshemleri..………………………27
**3.1**. Fonetikali’q wo’lshem…………………………………………..…28
**3.2**. Morfologiyali’q wo’lshem…………………………………….....30
**3.3**. Fonetika-morfologiyali’q wo’lshem……………………………31
**3.4**. Fonematikali’q wo’lshem………………………………………33
**3.5.** Semantikali’q wo’lshem ……………………………………….33
**3.6.** Differencialli’q wo’lshemi…………………………………..……... 34
**3.7.** Tu’sinik wo’lshemi………………………………………………..35
**3.8**.Qaraqalpaq orfografiyasi’ni’n’ bas wo’lshemin ani’qlaw haqqi’nda …..35
**II bap.Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ basqi’shlari’** ……………………..……43
**1.** Arab grafikasi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi……………..…43
**2.** Lati’n grafikasi’na tiykarlang’an da’slepki qaraqalpaq a’lipbesi…………………………………………………..………..46
**3.** Wori’s grafikasi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi……………………………………………………...…50
**4.** Lati’n grafikasi’na tiykarlang’an son’g’i’ qaraqalpaq a’lipbesi………………………………………………………..….. 51
**III bap. Ha’zirgi qaraqalpaq a’lipbesi ha’m imla qa’deleri**……………………………………………………………......59
**1.** Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi ha’m imlasi’n jetilistiriwge arnalg’an ilimiy miynetlerge talqi’………………………..66
**2.** Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na kirgizilgen qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler haqqi’nda………………………………………………..76
Juwmaq……………………………………………………………...79
A’debiyatlar dizimi……………………………………………………83

# Kirisiw

**Dissertaciya temasi'ni'n' aktualli'g'i'.** Ha'zirgi tez pa't penen rawajlani'p ati'rg'an bir da'wirde bizin' ana tilimiz bolg'an qaraqalpaq tilinin' rawajlani'wi'- ja'miyettin' ma'deniy rawajlani'wi'ni'n', millettin' ruwxi'y jetiskenliginin' a'hmiyetli belgisi boli'p yesaplanadi'. Ma'mleketimizde ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q reformalar - ma'mleket siyasati'ni'n' basli' bag'dari' dep ja'riyalang'an. Bu'gingi ku'nde awi'zeki ha'm jazba so'ylew ma'deniyati'ma'seleleri ha'r qashang'i'dandan da a'hmiyetli yesaplanadi'.

Na'wqi'ran a'wlad ta'rbiyasi'n ani'q maqsetlerge jo'neltiriw, ani'q bir pu'tinlikti quraytug'i'n u'zliksiz ta'lim procesin sol wazi'ypalarg'a boysi'ndi'ri'w ha'm joqari'da tilge ali'ng'an pikirler shen'berinde ali'p qaraladi'. «Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'» qabi'llang'an O'zbekistan Respublikasi' Oliy Ma'jlisinin' 1997-ji'l 29-avgustta boli'p wo'tken sessiyada O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti İ.A.Karimov «Barkamol avlod – O'zbekiston taraqqiyotining poydevori»[1] atli' bayanati'nda keleshegimiz, u'mitimiz bolg'an jas a'wladti' ta'rbiyalaw strategiyasi'n ani'q ha'm aydi'n belgilep berdi. Sonday-aq, socialli'q turmi'sti'n' a'ne sol quramali' tarawlari'nda iskerlik ko'rsetip ati'rg'an ha'r bir ziyali', pedagog woni' wo'zine bag'darlama si'pati'nda qabi'l qi'li'wi', wo'z is rejesin wondag'i' ideyalar, usi'ni's ha'm pikirler tiykari'nda du'zip, is ko'riwi lazi'm boladi'. Sebebi, jas a'wlad ta'rbiyasi' bizin' keleshegimiz ushi'n qanshama a'hmiyetli yekenligin hesh birimizdin' umi'ti'wi'mi'zg'a haqi'mi'z joq.

Respublikami'zdi'n' «Ma'mleketlik til haqqi'nda»g'i' Ni'zami', «Bilimlendiriw haqqi'nda»g'i' Ni'zami', «Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'» ha'm basqa da hu'jjetlerde ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q, ta'rbiya, til ma'selelerine ayri'qsha itibar berilgen.

Prezidentimizdin' «Joqari'ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda[2] atap wo'tkenindey, wo'zlikti an'law, milliy sana ha'm woy-pikirdin' ko'rinisi,

---

[1] И.Каримов «Баркамол авлод - Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори».Өзбекстан Республикасы Олий мэжлисиниң IX сессиясында сөйлеген сөзи.1997-жыл,29-август, -Ташкент.1997,4-бет

[2] И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. -Тошкент. «Маънавият». 2008, 172 б.

a’wladlar wortasi’ndag’i’ ruwxi’y-ma’nawiy baylani’s til arqali’ sa’wlelenedi. Barli’q iygilikli pazi’yletler insan qa’lbine yen’ a’weli ana ha’yyiwi, ana tilinin’ qaytalanbas go’zzalli’g’i’ menen sin’edi. Ana tili – bul millettin’ ruwxi’.

Qaraqalpaq tilinin’ ma’mleketlik til huqi’qi’na iye boli’wi’ ha’m jan’a lati’n jazi’wi’na wo’tiwine baylani’sli’ qaraqalpaq til ilimi aldi’na ana tilimizdi teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’w ma’selelerin qoymaqta.

Qaraqalpaq til bilimi aldi’nda turg’an yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri woni’n’ payda boli’wi’ ha’m rawajlani’w basqi’shlari’n ja’ne de teren’irek izertlewden ibarat. Milliy a’debiy tilimiz rawajlani’w basqi’shlari’n izertlewde qaraqalpaq milliy jazi’wi’ ha’m woni’n’ basqi’shlari’, imla qa’deleri ha’m wo’lshemlerin u’yreniw ha’zirgi ku’nde aktual ma’selelerdin’ biri.

Qaraqalpaq a’lipbesi ha’m imlasi’n jetilistiriwde ha’zirgi imlani’n’ tiykarg’i’ wo’lshemlerine a’mel qi’li’w sheshiwshi ma’sele boladi’.

Usi’ ko’zqarastan ali’p qarag’anda jazi’w teoriyasi’, qaraqalpaq a’lipbesi menen imlasi’, imla qag’i’ydalari’ ha’m wondag’i’ ayi’ri’m wo’zgerisler arnawli’ tu’rde izertlengen joq. Sol sebepli bul ma’selelerdi izertlew bugingi ku’ngi aktual ma’selelerinin’ biri.

**Izertlew jumi’si’ni’n’ u’yreniliw da’rejesi**. Til biliminde jazi’w teoriyasi’ ha’m qaraqalpaq a’lipbesi menen imlasi’, orfografiyali’q wo’lshemler arnawli’ tu’rde izertlenbegeni menen XX a’sirdin’ 30-ji’llari’nan baslap birqansha maqalalar, kitaplar baspaso’z betinde jari’q ko’rdi. Bul boyi’nsha N. A. Baskakov, K. Ubaydullaev, G. Alaparov, Q. Ayi’mbetov, Ye. Berdimuratov, N. Da’wqaraev, D.S. Nasi’rov, K. Berdimuratov, Ye. Da’wenov, A.Da’wletov, M.Da’wletov, Q. Yermanov, A. Yesemuratov, A. Qi’di’rbaev, S. Ma’jitov, Wo.Dospanov, T. Jiyemuratov ha’m t. b. tilshi ilimpazlar bul ma’sele boyi’nsha wo’zlerinin’ mu’nasip u’leslerin qosti’.

Bul tarawda K. Ubaydullaevti'n' „Qaraqalpaq tilinin' jan'a imlasi'“ [3] (G. Alparov, Q. Ayi'mbetovlar menen birgelikte), „Novi'e pravila orfografii karakalpakskogo yazi'ka“[4] ,“Wori's grafikasi' tiykari'nda jan'a alfavitke ko'shiw-siyasi'y a'hmiyetli ma'sele“[5], „Jan'a qaraqalpaq alfaviti“ si'yaqli' birqansha maqalalari' bar.

XX a'sirdin' 90-ji'llari'nan baslap akad. A.Da'wletov „ Jazi'wi'mi'z jetilisiw joli'nda“[6], „Jetilisken a'lipbe - sawatli'li'qti'n' girewi“[7] , „Jazi'wdi' jetilistiriwdin' ayi'ri'm mashqalalari'“[8], „A'lipbedegi wo'zgerisler turmi's talabi'“[9] si'yaqli' maqalalari'nda a'lipbe ha'm imla qa'delerin jetilistiriw, a'lipbedegi son'g'i' wo'zgerisler so'z yetilgen.

Sonday-aq usi' ma'sele boyi'nsha M.Da'wletov ta itibarg'a i'layi'q birqansha ilimiy miynetleri menen 90-ji'llardan keyin ko'zge taslana basladi'. Woni'n' „A'debiy tilimizdin' orfografiyasi'n jetilistiriw haqqi'nda“[10], „Qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'n du'ziwdin' teoriyali'q tiykarlari'“[11] , „Imladag'i' wo'zgerisler haqqi'nda pikirler ha'm usi'ni'slar“[12] ha'm t.b. usi' taraw boyi'nsha maqalalari' bar. Mine, usi'ni'n' wo'zi bizin' izertlew jumi'si'mi'zdi'n' ayri'qsha a'hmiyetke iye yekenliginen derek beredi.

**Izertlewdin' maqseti.** Izertlew jumi'si'ni'n' tiykarg'i' maqseti qaraqalpaq alipbesinin' basqi'shlari'n u'yreniw ha'm ha'r bir basqi'shtag'i' a'lipbedegi wo'zgerislerdi ani'qlaw, jazi'w teoriyasi' ha'm imla qa'deleri, qaraqalpaq imla wo'lshemlerin teren'nen izertlewden ibarat.

**Izertlewdin' wazi'ypalari'.** Go'zlengen maqsetten kelip shig'i'p to'mendegi wazi'ypalar belgilenedi:

---

[3] K. Ubaydullaev. Qaraqalpaq tilinin' jan'a imlasi'. –To'rtku'l, 1933
[4] Новые правила орфография каракалпакского языка.Сб. «Каракалпакия», т.II –Ленинград, 1934
[5] Rus grafikasi' tiykari'nda jan'a alfavitke ko'shiw-siyasi'y a'hmiyetli ma'sele.// Qi'zi'l Qaraqalpaqstan, 1940, 5-mart
[6] A. Da'wletov. Jazi'wi'mi'z jetilisiw joli'nda .// Yerkin Qaraqalpaqstan,1993, 1-may
[7] A. Da'wletov. Jetilisken a'lipbe - sawatli'li'qti'n' girewi. // Qaraqalpaqstan jaslari',1995, 27-iyul
[8] A. Da'wletov. Jazi'wdi' jetilistiriwdin' ayi'ri'm mashqalalari'. // Til ha'm a'debiyat , 2010
[9] A. Da'wletov. A'lipbedegi wo'zgerisler turmi's talabi'.// Yerkin Qaraqalpaqstan, 2010, 7-yanvar
[10] M.Da'wletov. A'debiy tilimizdin' orfografiyasi'n jetilistiriw haqqi'nda.// Jas leninshi. 1991, 19-mart
[11] M.Da'wletov. Qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'n du'ziwdin' teoriyali'q tiykarlari'.// Vestnik Karakalpakskogo otdelenie AN Uzbekistana. 1998, №4
[12] M.Da'wletov. Imladag'i' wo'zgerisler haqqi'nda pikirler ha'm usi'ni'slar. // Ustaz joli'. 2012, 20-sentyabr

- qaraqalpaq a’lipbesinin’ basqi’shlari’n u’yreniw;
- arab, lati’n, kirill ha’m tag’i’ da lati’n a’lipbelerindegi ha’ripler sa’ykesligi ha’m wo’zgeshelik ta’replerin ani’qlaw;
- ha’r bir a’lipbedegi imla qa’delerin ha’m wo’lshemlerin u’yreniw;
- jan’adan qabi’l yetilgen a’lipbeni qollani’wda ushi’rap ati’rg’an mashqalalardi’ ani’qlaw;
- ha’zirgi ku’nde ja’riyalani’p ati’rg’an ilimiy miynetlerge talqi’ jasaw ha’m belgili bir juwmaqqa keliw.

**Izertlewdin’ obiekti ha’m predmeti.** Jazi’w teoriyasi’ ha’m qaraqalpaq a’lipbesi menen imlasi’ izertlew jumi’si’mi’zdi’n’ obiekti yesaplanadi’. Qaraqalpaq tilinin’ a’lipbesin ha’m imlasi’n jetilistiriwge qatnasli’ derekler, awi’zeki ha’m jazba so’ylew teoriyasi’, qaraqalpaq a’lipbesinin’ rawajlani’w basqi’shlari’, qaraqalpaq orfografiyasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’lshemleri ilimiy izertlew jumi’si’mi’zdi’n’ izertlew obiekti bolsa, ha’zirgi a’lipbe ha’m imla qa’delerin jetilistiriw, jan’adan qabi’l yetilgen a’lipbeni qollani’wda ushi’rap ati’rg’an mashqalalardi’ sheshiw ha’m ha’zirgi ku’nde a’lipbedegi wo’zgerislerge baylani’sli’ jariyalani’p ati’rg’an ilimiy miynetlerge maqset ha’m wazi’ypalarg’a say analiz jasaw woni’n’ predmetin belgileydi.

**Izertlew metodlari’**. Jumi’si’mi’zda Prezidentimiz I. A. Karimovti’n’ wo’z shi’g’armalari’nda bayan yetken xali’q, til, tariyx, ma’na’wiyat, milliy ideologiya ha’m milliy ideya haqqi’ndag’i’ pikirleri ha’m sonday-aq, filosofiyani’n’ sebep ha’m na’tiyje, uluwmali’q ha’m jekkelik si’yaqli’ kategoriyalari’na mas tu’sinikler metodologiyali’q tiykar wazi’ypasi’n atqardi’. Bunnan ti’sqari’ izertlew bari’si’nda sali’sti’rmali’ bayanlaw ha’m tari’yxi’y-etimologiyali’q metodlar qollani’ldi’. İzertlewde til faktlerin baqlaw, talqi’law, sinxronli’q-bayanlaw ha’m sali’sti’ri’w metodlari’ paydalani’ldi’. Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’ ha’m lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’adan qabi’l yetilgen a’lipbe ha’m imlani’ jetilistiriwge arnalg’an dereklerge tallaw

jasaw.

**Izertlewdin' ilimiy jan'ali'g'i' .** Izertlew jumi'si'mi'zda jazi'w teoriyasi' ha'm qaraqalpaq a'lipbesi menen imlasi' ha'r ta'repleme izertlewdegi birinshi arnawli' jumi's boli'p yesaplanadi'. Jumi'sta qaraqalpaq a'lipbesinin' tariyxi', woni'n' basqi'shlari', ha'r bir basqi'shtag'i' a'lipbelerdin' xi'zmeti, kemshilikleri ken'nen izertlendi. Soni'n' menen birge qaraqalpaq a'lipbesinin' rawajlani'wi' ha'm jetilisip bari'wi' joli'nda islengen ilimiy miynetlerge tallawlar ju'rgizilip belgili bir juwmaqlar shi'g'ari'ldi'.

**Izertlew na'tiyjelerinin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Izertlew na'tiyjeleri qaraqalpaq a'debiy tili tariyxi'n u'yreniwde ha'm qaraqalpaq a'lipbesinin' payda boli'wi' ha'm qa'liplesiwi, rawajlani'p bari'wi', jazi'w teoriyasi' ha'm imla qa'delerinin' belgili bir ta'rtipke sali'ni'wi' teoriyali'q jaqtan u'lken a'hmiyetke iye. Jumi'sti'n' a'meliy a'hmiyeti sonda, woni'n' materiallari'nan qaraqalpaq tilinin' imla so'zligin du'zetip qayta baspadan shi'g'ari'wda, worta arnawli' ha'm joqari' woqi'w wori'nlari' ushi'n sabaqli'q ha'm qollanbalar du'ziwde paydalani'w mumkin.

**Dissertaciyani'n' qurami'.** Dissertaciya kirisiw, u'sh bap, juwmaq ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat boli'p, uluwma ko'lemi 80-bet.

## Qaraqalpaq a'lipbesi ha'm woni'n' izertleniwi

Ha'zirgi bizin' jazi'wi'mi'z seslik-ha'riplik jazi'wg'a tiykarlanadi'. Ha'rbir ses wo'zinin' sha'rtli belgisi, grafikali'q tan'basi'na iye boladi'. Jazi'wda qollani'latug'i'n ha'riplerdin' belgili bir ta'rtip boyi'nsha jaylasi'wi'na a'lipbe dep ataladi'.

Da'slepki a'lipbeli jazi'w Nil da'ryasi'na basti'ri'p kelgen giksoslar ta'repinen jarati'lg'an. Giksoslar mi'si'rli'lardi'n' ataqli' ismlerin jazi'wdag'i' ta'jriybesinen paydalang'an: wolar mi'si'rli'lardi'n' ieroglif jazi'wlari'nan jigirmalag'ani'n ali'p, solar arqali' wo'z tilinin' u'nli ha'm

u’nsiz seslerin bildiretug’i’n a’lipbeni jaratqan.

A’lipbe so’zin yen’ da’slep giksoslar qollang’an. “A’lip” so’zi giksossha boli’p “wo’giz” degen ma’nini bildirgen; a sesin bildiriwshi belgi da’slep wo’gizdin’ basi’na uqsag’an. “Be” negizinde giksossha “bet” boli’p u’y degen ma’nini bildirgen. A’ne usi’ yeki so’zden “a’lipbe” so’zi payda bolg’an.[13]

Jazi’wda jumsalatug’i’n barli’q ha’riplerdin’ qabi’l yetilgen qatan’ ta’rtip penen izbe-iz jaylasti’ri’li’wi’ a’lipbe[14] dep ataladi’. Geyde woni’ alfavit[15], azbuka[16] termini menen de ataydi’. A’lipbe ha’riplerdin’ baspa, qoljazba tu’rlerinin’ boli’wi’ jazi’wdi’ qolayli’raq yetiw ushi’n za’ru’rli boladi’. Al bas ha’m kishi ha’riplerdin’ jumsali’wi’ jan’a ga’ptin’ baslani’wi’n ja’ne menshikli ha’m g’alabali’q atli’qlardi’n’ ayi’rmashi’li’g’i’n an’lati’w menen baylani’sli’ boladi’. Baxi’t - menshikli atli’q, baxi’t - g’alabali’q atli’q. Bir qatar tu’rkiy xali’qlari’, soni’n’ ishinde qaraqalpaq xalqi’ da, 20-ji’llarg’a shekem arab grafikasi’ tiykari’nda du’zilgen wo’zlerinin’ a’lipbelerine iye bolsa, 20- ji’llardi’n’ aqi’ri’na kelip, wol xali’qlar massali’q tu’rde lati’n grafikasi’n qabi’l aldi’. Arab grafikasi’ni’n’ ko’plegen kemshilikleri boldi’. Tildin’ ayi’ri’m wo’zinshelik wo’zgesheliklerine baylani’sli’ seslerin an’latatug’i’n arnawli’ ha’ripler jetispedi, bir sestin’ so’z basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda ha’r qi’yli’ tan’balar menen bildiriliwi jazi’wdi’ u’yreniwdi qi’yi’nlasti’rdi’. Sonli’qtan da wo’tken a’sirdin’ 20-ji’llari’nan baslap buri’ng’i’ awqam qurami’ndag’i’ bir qatar tu’rkiy xali’qlar lati’n jazi’wi’n qabi’l yetip alg’an yedi. Wolar lati’n jazi’wi’n da uzaq paydalanbadi’. 1940-ji’llarg’a kelgende wol tu’rkiy xali’qlar wo’ri’s a’lipbesin qabi’l yetip aldi’. Al tu’rkler 1928-ji’ldan berli lati’n a’lipbesin qollanadi’. Ha’r bir tilde jan’a a’lipbe du’ziwde wo’zlerinin’ til wo’zgeshelikleri yesapqa ali’ndi’. Tu’rkiy tilles bir qatar

---

[13] Azizov. Wo. Tilshunoslikka kirish. Toshkent, “ O’rta va oliy maktab”, 1963, 42-bet

[14] A’lipbe. Arab jazi’wi’nda a ha’ribi “alip”, b ha’ribi “be” dep ataladi’.

[15] Alfavit grek jazi’wi’nda a ha’ribi “alfa”, v ha’ribi “vita” dep ataladi’. Usi’nnan alfavit atamasi’ qa’liplesken.

[16] Azbuka. Yeski slavyan jazi’wi’nda wo’z aldi’na kelgende a ha’ribi “az” b ha’ribi “buki” dep atalg’an. Usi’nnan azbuka atamasi’ qa’liplesken.

xali’qlar Awqam tarqawi’ menen, wo’z g’a’resizligine yerisiwden-aq jan’a lati’nlasti’ri’lg’an a’lipbege qayti’p wo’tti. Wo’zbek tilinde 1993-ji’li’, qaraqalpaq tilinde 1994-ji’li’ lati’n a’lipbesi tiykari’ndag’i’ jan’a a’lipbe qabi’l yetildi.

Qaraqalpaq tilinde arab a’lipbesi 1924-ji’li’ reformalasti’ri’lg’an jazi’wg’a wo’tti. Bul reformalasti’ri’lg’an arab a’lipbesinin’ tiykarg’i’ du’ziwshilerinin’ biri Seyfulg’abit Majitov boldi’. Reformalasti’ri’lg’an jazi’wda birqansha kemshilikler du’zetildi. Biraq, bul arab jazi’wi’ndag’i’ qi’yi’nshi’li’qlardi’ toli’q jo’nley almadi’. Sonli’qtan arab jazi’wi’n basqa bir jazi’w menen almasti’ri’w za’ru’rligi tuwdi’.

Usi’ da’wirde ko’pshilik tu’rkiy tilles xali’qlardi’ lati’n jazi’wi’na wo’tkeriw mapazi’ baslandi’. 1922-ji’li’ 21-iyulde Pu’tkilawqamli’q jan’a a’lipbe Worayli’q Komitettin’ basshi’li’g’i’nda tu’rk xali’qlari’ni’n’ unifikaciyalang’an jan’a a’lipbesi islendi. Tu’rkiy tilles xali’qlar 20-ji’llardan baslap usi’ jan’a a’lipbege wo’te basladi’. 1923-ji’li’ a’zerbayjanlar, 1924-ji’li’ qarashay-balkarlar, 1927-ji’li’ tatarlar, 1928-ji’li’ tu’rkmen, qi’rg’i’z, qaraqalpaqlar, 1929-ji’li’ xakas ha’m t.b. xali’qlar lati’n a’lipbesine wo’tti.[17]

Qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’w tariyxi’na ko’z juwi’rtsaq, wonda qaraqalpaq tilinin’ jazi’wi’ha’m orfografiyasi’ boyi’nsha belgili tilshi ali’mlar K. Ubaydullaevti’n’ «Qaraqalpaq alfavitinin’ rawajlani’w jollari’»[18], «Qaraqalpaq tili jazi’wi’ni’n’ rawajlani’wi’» degen izertlew jumi’slari’ woni’n’ 1976-ji’li’ basi’li’p shi’qqan «Qaraqalpaq tili boyi’nsha tan’lamali’ miynetler» degen ji’ynag’i’nda basi’li’p shi’qti’. Sonday-aq, D.S. Nasi’rovti’n’ usi’ ma’selege arnalg’an «Qaraqalpaq tili alfavitin jetilistiriw ha’m unifikaciyalaw haqqi’nda»[19], «Qaraqalpaq tilinin’ orfografiyasi’»[20], «Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’»[21] atli’ izertlewleri toplamlarda ha’m wo’z

[17] Закономерности развития литературных языков народов СССР в советскую эпоху. Тюркские, финно-угорские и монгольские языки. М., «Наука», 1969, -С. 27
[18] Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлери. Нөкис. 1976. 16-25-бб.
[19] Нас?ров Д.С. Об усовершенствовании и унификации алфавита каракалпакского языка. Вопросы совершенствования алфавитов тюркских языков СССР. М., «Наука». 1972, с. 75-87.
[20] Орфография тюркских литературных языков СССР. М., «Наука». 1973. с.117-130.
[21] Насыров Д.С. Становление и развитие каракалпакской письменности. Нукус, 1987

aldi'na kitapsha boli'p basi'li'p shi'qti'. D.S.Nasi'rovti'n' joqari'da atalg'an izertlewlerinde de a'lipbe, orfografiya ha'm jazi'wg'a qatnasli' ma'seleler ko'rsetilgen boli'p, wonda qaraqalpaq a'debiy tili orfografiyasi'ni'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'wi', woni'n' ha'zirgi jag'dayi', a'lipbe ha'm orfografiyani'n' jetiskenlik ha'm kemshilikleri, wolardi' jetilistiriw haqqi'nda ko'rsetilgen. Wol bul ma'sele boyi'nsha bir qatar ilimiy konferenciyalarda shi'g'i'p so'yledi, ilimiy maqalalar ja'riyaladi'. Woni'n' "Ob usovershenstvovanii alfavita karakalpakskogo yazi'ka"[22], "Orfografiya karakalpakskogo yazi'ka"[23], "Qaraqalpaq tilinin' alfaviti ha'm orfografiyali'q qa'delerinin' ji'ynag'i' "[24] si'yaqli' bir qatar maqalalari' bar boli'p wonda a'lipbe ha'm imla qa'deleri ma'seleleri so'z yetilgen .

K.Ubaydullaevti'n' birinshi maqalasi'nda qaraqalpaq tili grafikasi'ni'n' belgili da'wirlerge baylani'sli' wo'zgeriske ushi'raw qubi'li'slari' bayanlanadi'. Woni'n' yekinshi maqalasi'nda qaraqalpaq a'lipbesinin' rawajlani'w jollari' 1924-ji'lg'i' reformalasti'ri'lg'an arab jazi'wi'ndag'i' a'lipbeden baslap 1957-ji'lg'i' 28-fevralda qabi'l yetilgen a'lipbege deyingi rawajlani'w basqi'shlari', wolardag'i' wo'zgerisler, imla wo'lshemleri bir qansha izbe-izli so'z yetiledi.

Til biliminde jazi'w teoriyasi' ha'm qaraqalpaq a'lipbesi menen imlasi', orfografiyali'q wo'lshemler arnawli' tu'rde izertlenbegeni menen XX a'sirdin' 30-ji'llari'nan baslap birqansha maqalalar, kitaplar baspaso'z betinde jari'q ko'rdi. Bul boyi'nsha N. A. Baskakov, K. Ubaydullaev, G. Alparov, Q. Ayi'mbetov, Ye. Berdimuratov, N. Da'wqaraev, D.S. Nasi'rov, K. Berdimuratov, Ye. Da'wenov, A.Da'wletov, M.Da'wletov, Q. Yermanov, A. Yesemuratov, A. Qi'di'rbaev, S. Ma'jitov, Wo.Dospanov, T. Jiyemuratov ha'm t. b. tilshi ilimpazlar bul ma'sele boyi'nsha wo'zlerinin' mu'nasip u'leslerin qosti'.

---

[22] Nasi'rov D. S.. Ob usovershenstvovanii alfavita karakalpakskogo yazi'ka. –M., 1972
[23] Nasi'rov D. S. . Orfografiya karakalpakskogo yazi'ka. –M., 1972
[24] Nasi'rov D. S. . Qaraqalapaq tilinin' alfaviti ha'm orfografiyali'q qa'delerinin' ji'ynag'i'. N, 1974

# I bap. Jazi’w ha’m jazi’w wo’lshemleri

Ha’rbir tildin’ wo’zine ta’n jazi’w qag’i’ydalari’ bar. Jazi’w qag’i’ydalari’ boyi’nsha sol tildin’ ha’zirgi seslik wo’zgeshelikleri yesapqa ali’nadi’.

Alfavittegi ha’riplerdin’ belgili bir qatan’ ta’rtip boyi’nsha jaylasi’wdi’ talap yetiledi. Bul izbe-izliktin’ turaqli’ tu’rde mudami’ saqlani’wi’ turmi’sta a’meliy jaqtan u’lken a’hmiyetke iye boladi’.

Jazi’wdi’n’ tariyxi’nda ha’m jazi’w ta’jriybesinde ken’nen taralg’an a’lipbeler fonografiyali’q a’lipbeler boli’p sanaladi’.

Jazi’w qag’i’ydalari’ boyi’nsha sol tildin’ ha’zirgi seslik wo’zgeshelikleri yesapqa ali’nadi’. Jazi’w qag’i’ydalari’ tariyxi’y, etimologiyali’q, fonetikali’q, morfologiyali’q ha’m t.b. wo’lshemlerge tiykarlanadi’. Ma’selen, a’lipbeni yamasa jazi’w qag’i’ydalari’n bilgen menen woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ko’rsetetug’i’n imlasi’n barli’q jag’dayda toli’q biliw mu’mkin bolmaytug’i’n jag’daylar da ushrasadi’. İmlasi’ boyi’nsha g’arbi’z, sali’, samal, sag’al so’zleri qarbi’z, shali’, shamal, shag’al tu’rinde jazi’li’wi’ da mu’mkin. Biraq, bulardi’n’ sol ko’rsetilgen yeki tu’ri de imlasi’ boyi’nsha ten’dey qabi’l yetilmeydi. Wolardi’n’ qaraqalpaq a’debiy tilinin’ normasi’na sa’ykes keletug’i’nlari’ birinshileri boli’p imlasi’ jag’i’nan duri’s dep sanaladi’.

## Awi’zeki ha’m jazba so’ylew haqqi’nda

Jazi’w – adamlar arasi’nda qari’m-qatnas qurali’ xi’zmetin atqaratug’i’n beligili bir seslik tan’balardi’n’ sistemasi’. Wol adamzat ja’miyetinin’ yen’ u’lken ma’deniy jetiskenliklerinin’ biri. Ha’rbir milliy a’debiy til qari’m-qatnas jasawda awi’zeki so’ylew ha’m jazba so’ylew tu’rinde wo’mir su’redi.

Awi’zeki so’ylew til adamlar arasi’nda wo’z ara awi’zsha qatnas jasaw qurali’ xi’zmetin atqaradi’. Jazba til waqi’t ha’m ken’islik jag’i’nan sheklenbeydi. Wol uzaq da’wirler dawami’nda saqlanadi’ ha’m qanday

ali'sli'qqa kelse de woqi'w mu'mkinshiligine iye boladi'.

Awi'zeki so'ylewdi texnikali'q qurallar arqali' bergende wondag'i' awi'zsha so'ylewge ta'n qag'i'ydalar saqlanadi'. Awi'zeki so'ylew tilde jazba tildegidey so'zlerdi baylani'sti'ri'p keletug'i'n qurallar – intonaciya ha'm t.b. belgiler ko'rinip turmaydi'. Wondag'i' intonaciyali'q wo'zgeshelikler, so'ylewshinin' emocional sezimleri, ekspressivlik tu's beriw usi'llari' sol so'ylew waqti'nda iske asi'ri'li'p woti'radi'. Awi'zeki so'ylewde pikirdi qi'sqa ha'm tu'sinikli bildiriwde qarapayi'm so'zler ha'm basqa da leksikali'q qurallar ken' qollani'ladi'. Bulardan basqa so'ylew bari'si'nda ha'r tu'rli mimikali'q ha'reketler awi'zeki so'ylew tilge ta'n boli'p keledi.

Jazba tilde woylaw arqali' toli'qti'ri'w, so'zlerdi tan'law ha'm belgili wori'n ta'rtipte jaylasti'ri'w ha'm solay yetip du'zetiw mu'mkinshilikleri boladi'. Demek, jazba til adamzat ja'miyetinin' woy-pikirleri, ilim-bilim neshshe a'sirler dawami'nda a'wladtan-a'wladqa wo'tip turatug'i'n yen' a'hmiyetli qari'm-qatnas qurali' xi'zmetin atqaradi'.

Jazi'w yen' da'slep su'wret piktografiyali'q (piktografiyali'q jazi'w) tu'rinde payda bolg'an. Su'wret jazi'wi' belgili bir waqi'tta yamasa sog'an baylani'sli' bolg'an su'wretler arqali' berilgen. Bul jazi'wdi'n' elementleri turmi'sta ha'zirgi ku'nde de ushrasadi'. Ma'selen, jayg'a, da'rwazag'a yamasa ayi'ri'm wori'nlarg'a adamni'n' su'wretin sali'p qoyi'li'wi' usag'an belgiler yen' yeski jazi'wdi'n' bizin' da'wirimizge shekem saqlani'p qalg'an qaldi'g'i' boli'p yesaplanadi'. Wonnan keyingi jazi'wlar ideografiyali'q jazi'wlar yamasa tu'sinik (ierografiyali'q) jazi'w bolg'an. Bul jazi'w – belgili bir ug'i'm, tu'sinikti bildiretug'i'n jazi'w. İdeografiyali'q jazi'wdi'n' bir tu'ri ilimiy simvolika boli'p yesaplanadi'.

Jazi'wdi'n' son'g'i' rawajlang'an tu'ri fonografiyali'q (seslik) jazi'w. Bul jazi'w: buwi'n jazi'wi' (silabikalq) ha'm alfavitlik jazi'w boli'p bo'linedi.

Tilde sesler wog'ada ko'p. Biraq, jazi'wda seslerdin' barli'g'i' sha'rtli tan'balar menen belgilene bermeydi. Wolardi'n' ma'ni an'lati'w, buwi'n ha'm

so’z jasawg’a qatnasi’ bar yen’ a’hmiyetlileri ha’ripler arqali’ tan’balanadi’.

Jazi’wdi’n’ payda boli’wi’ adamzat ja’miyetinin’ rawajlani’wi’ni’n’ wog’ada u’lken tabi’si’ boli’p tabi’ladi’. Ja’miyettin’ rawajlani’wi’ menen jazi’w kem-kem jetilisip rawajlani’p baradi’, jazi’wdi’n’ jan’a tu’rleri payda boladi’ ha’m atqaratug’i’n xi’zmeti u’lkeyip, jumsali’w sferasi’ ken’eyip bardi’. Ha’zirgi ku’nge kelip texnika ha’m texnolgiyani’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’ ha’m kompyuter texnologiyasi’ni’n’ talabi’na muwapi’q bizin’ milliy jazi’wi’mi’zda da jan’alani’wlar ha’m wo’zgerisler payda boldi’.

Jazi’w arqali’ awi’zeki so’ylewdegi ayi’ri’m kemshilikler saplasti’ri’ldi’. Awi’zsha so’ylewdin’ basli’ kemshiligi woni’n’ waqi’t ha’m ken’islik jag’i’nan shekleniwshiligi boli’p tabi’ladi’. Texnikali’q qurallardi’ yesapqa almag’anda awi’zsha so’ylew so’ylewshiden ma’lim da’rejedegi qashi’qli’qta turg’an adamlarg’a g’ana qollani’ladi’. Al waqi’tliq jaqtan tek so’ylew waqti’nda g’ana awi’zsha so’ylew qatnas qurali’ xi’zmetin atqara aladi’. Jazi’wdi’n’ payda boli’wi’ menen tildin’ ken’islik ha’m waqi’t jag’i’nan shekleniwshiligi joyi’ldi’.

Jazi’w adamlar arasi’nda qari’m-qatnas qurali’ xi’zmetin atqaratug’i’n belgili bir seslik tan’balardi’n’ sistemasi’. Wol adamzat ja’miyetinin’ yen’ ahmiyetli ma’deniy jetiskenliklerinin’ biri. Ha’rbir milliy a’debiy til qari’m-qatnas jasawda awi’zeki so’ylew ha’m jazba tilden paydalanadi’.

Awi’zeki so’ylewdi texnikali’q qurallar arqali’ bergende wondag’i’ awi’zsha so’ylewge ta’n qag’i’ydalar saqlanadi’. Awi’zeki so’ylew tilde jazba tildegidey so’zlerdi baylani’sti’ri’p keletug’i’n qurallar-intonaciya ha’m tag’i’ basqa beligler ko’rinip turmaydi’. Wondagi’ intonaciyali’q wo’zgeshelikler, so’ylewshinin’ emocional sezimleri, ekspressivlik tu’s beriw usi’llari’ sol so’ylew waqti’nda iske asi’ri’li’p woti’radi’.

## Jazi’w ha’m imla

Ha’zirgi a’debiy tildin’ jazi’wi’ seslik-ha’riplik jazi’w dep ataladi’.

Seslik-ha’riplik jazi’wdi’n’ quri’li’si’n du’ziwshi tiykarg’i’ faktorlar retinde a’lipbe, jazi’w ha’m imla qatnasadi’.

A’lipbe - belgili bir ta’rtipte jaylasqan ha’riplerdin’ jiyi’nti’g’i’ bolatug’i’n bolsa, grafika – tildegi so’ylew seslerinin’ (fonemalardi’n’) tan’bali’q belgisi yesaplanadi’.

Orfografiya – so’zlerdi jazi’wdi’n’ sistemalasti’ri’lg’an ji’yi’nti’g’i’ boli’p, ken’ ma’nide aytqanda, jazba tildi du’ziwshi barli’q grafikali’q qurallardi’n’ ji’yi’nti’g’i’na orfografiya dep ataladi’.[25]

İmla ha’m orfografiya terminleri ha’zirgi qaraqalpaq tilinde ten’ (parallel) qollani’ladi’. İmla so’zi arab-parsi’ tilinen wo’zleskeni ma’lim. Bul termin bizin’ tilimizde 1940-ji’lg’a deyin singarmoniyali’q orforgafiya wo’lshemleri tiykari’nda jin’ishke buwi’nli’ tu’rinde imla boli’p qollani’ldi’. Al, 1940-ji’ldan baslap wori’s grafikasi’ndag’i’ jazi’wg’a wo’tkennen keyin woni’n’ worni’na orfografiya termini qollani’latug’i’n boldi’. İmla so’zi ha’zirgi lati’n grafikasi’na tiykarlang’an jazi’wi’mi’zda ja’ne de qaytadan qollani’li’p ati’r.

Orfografiya a’debiy tildin’ belgili bir normag’a tu’sken, ha’mme ushi’n ten’dey duri’s jazi’w qag’i’ydalari’n belgileydi. Orfografiyali’q qag’i’ydalar ha’r bir xali’qti’n’, millettin’ so’ylew tili tiykari’nda islenip, a’meliy qollani’w arqali’ jetilisip, qa’liplesip ati’r.

Imla normasi’ tiykari’nda ha’mme birdey sawatli’ jazi’wg’a yerisiwi mu’mkin. Imlani’n’ ko’pshilik qa’deleri grafikali’q qa’deler menen sa’ykes keledi. Imla qa’deleri grafikali’q qa’delerge tiykarlanadi’. Grafikali’q qa’deler tiykari’nda jazi’lg’an birden-bir duri’s jazi’lg’an so’z imlasi’ jag’i’nan da duri’s jazi’lg’an boli’p yesaplanadi’. A’sirese, ayti’li’wi’ menen jazi’li’wi’nda pari’q bolmaytug’i’n so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda grafikali’q ha’m imla q’adeleri birdey da’rejede boladi’. Degen menen, tek grafikali’q qa’deler tiykari’nda so’zlerdin’ imlasi’ jag’i’nan duri’s jazi’wg’a yerisiw mu’mkin yemes. Grafikali’q qa’deler boyi’nsha jazi’wda bir neshe variantlar boli’wi’ mu’mkin. Al imla qa’deleri tiykari’nda tek

[25] Sonda. –B. 6

birewin (duri’si’n) jazi’w normasi’na sa’ykes dep qabi’l aladi’ da, qalg’anlari’n qa’te dep jazi’wdan shi’g’ari’p taslaydi’. Usi’ arqali’ duri’s, bir qi’yli’ sawatli’ jazi’wg’a yerisiw mu’mkin. Jazi’w teoriyasi’ tikkeley imla wo’lshemler menen baylani’sli’.

T. A. Amirovani’n` «К истории и теории графемики»[26] atli’ kitabi’nda jazi’w teoriyasi’ menen baylani’sli’ bolg`an kompleks mashqalalar qarap shi’g`i’lg`an. Bunda avtor ha`rip ha`m grafemani’n` lingvistikali’q jaqtan ayi’rmashi’li’g`i’n, sonday-aq tildin` grafemali’q ha`m fonologiyali’q du`zilisin ilimiy jaqtan tiykarlap beredi. Til imlasi’ni’n` fonologiyali’q ta`repine ayri’qsha kewil bo`lingen. Bunda keltiriliwinshe orforgafiyani’ uluwma tu`rinde imlani’n` ha`m woni’n` bo`limlerinin` grafikali’q ta`repin sho`lkemlestiriw usi’li’ retinde qarawg`a boladi’.

Uluwma tu’rde imlani’ jazba pikirlewdin’ ha’m woni’n’ bo’leklerinin’ grafikali’q ta’repin sho’lkemlestiriwdin’ usi’li’ retinde qarawg’a boladi’, bunda wol birlik ha’m birlik klaslari’ menen ma’nilik qa’siyetleri boyi’nsha ten’lestirilip ko’rsetiledi. Jazba tildin’ seslik til menen baylani’slari’ na’tiyjesinde ha’m bug’an qarap, jazba so’ylew seslik tildi qanday yetip ko’rsetiwi, imlani’n’ grafikali’q tan’balardi’n’ sintaktikasi’ si’pati’nda qarali’wi’ ha’m woni’n interpretaciya qag’i’ydalari’ aynalasi’nda ko’rinetug’i’n yesitiliw sintaktikasi’ni’n’ interpretaciyag’a qatnasi’ menen baylani’sli’ boladi’.

Lingvistikali’q a’debiyatta imlani’n’ predmeti ha’m wazi’ypalari’na ko’zqaraslardi’n’ birdeyligi joq. L.V.Sherba imlani’ «konkret so’zlerdin’ jazi’w usi’li’» dep ani’qlama beredi. Imlani’ qag’i’ydalar sistemasi’ yamasa ji’ynag’i’ dep belgilegende, ji’ynaq - qag’i’ydalar sistemasi’ si’pati’nda ayi’ri’m so’zlerde grafemalardi’n’ qurami’n belgilew yamasa jazi’wda konkret morf (yen’ kishi ma’nili so’z) ha’m so’zlerdi su’wretlew qag’i’ydalari’ si’pati’nda qaraladi’. Imlani’n’ usi’ni’li’p woti’rg’an ani’qlamalari’ a’debiy tildin’ jazi’li’w normalari’n bildiriw qa’siyetin ko’rsetiwshi ha’m tek g’ana

[26] Т.А.Амирова. К истории и теории графемики. «Наука» Главная редакция восточной литературы. Москва 1977

a'meliy maqsetlerdi go'zleytug'i'nli'ni'n belgileydi. Qollani'li'w qa'siyeti imlani' wornati'lg'an ni'zam ha'm da'stu'r si'pati'nda belgileydi.

Bir qatar avtorlar orfografiyag'a so'z shegaralari'n ani'qlaw ha'm irkilis belgilerin qollani'w mashqalalari' menen baylani'sli' bolg'an ma'selelerdi kirgizedi. V.V.Vinogradovti'n' ayti'wi'nsha, «Orfografiya tarawi' til sistemasi'ni'n' ha'r qi'yli' ta'replerin wo'z ishine qamti'ydi'». A.N.Gvozdevtin' pikirinshe, «Orfografiya so'ylewdin' grafikali'q beriliwinin' barli'q usi'llari'n retlestiredi».

Imlag'a ja'miyetlik til a'meliyati' ta'repinen qoyi'lg'an yen' basli' talap si'pati'nda, so'zlerdin' jazi'li'wi' ha'm woqi'li'wi'nda u'lgidegidey, jen'il, qolay ha'm a'piwayi'li'q talabi'na juwap beriwi kerek. Bul talaplar 1933 -ji'li' N.F. Yakovlev ta'repinen sovet lingistikasi'nda teoriyali'q jaqtan qa'liplestirildi. Wolar bizin' da'wirimizde de wo'z aktualli'g'i'n saqlamaqta. Biraq, wol wo'zine barli'q lingvistika teoriyasi'ni'n' di'qqati'n talap yetpekte.

Bul barli'q ma'selelerdin' teoriyali'q ha'm a'meliy jaqtan sheshiliwi ha'rekettegi a'meliyat penen sanasi'w kerekligi menen qi'yi'nlaspaqta, bunda a'sirese, poligrafiyani'n' maqsetlerin itibarg'a ali'w ha'm orfografiyali'q jan'ali'qlardan shetlew (bir ha'riplik jazi'wdi'n' worni'na yeki ha'riplik jazi'w yamasa juplasqan ha'riplerdi ayi'ri'p jazi'wdi'n' kirgiziliwi), yeger keyingileri tekstti a'dewir da'rejede sozi'p jibergen jag'dayda. Sonday-aq orfografiyadag'i' wo'zgerislerdi woqi'w ha'm jazi'p ali'w processlerin jen'illetiw ko'zqarasi'nan da bahalaw kerek.

Adamlardi'n' ha'm ja'miyettin' mo'lsherlew is ha'reketleri imla tarawi'nda ayri'qsha da'rejede bilinedi. Ha'zirgi zaman rawajlang'an jazba tildin' tutas bir bo'legine imla reformasi'n ju'rgiziw mashqalasi' keskin tu'rde qoyi'lmaqta. Bul mashqalalardi'n' a'hmiyetli yekenligin, mi'sali' ha'zirgi zaman francuz lingvistleri ha'm francuz ja'miyetshiligi ushi'n keyingi won ji'lli'qlar dawami'nda, a'sirese keyingi jigirma ji'l ishinde bir neshe ma'rtebe dodalawlari' fakt bola aladi'. Bul dodalawlarda usi' tarawdi'n' ko'rnekli

qa’nigeleri ha’m xali’q bilimlendiriw ministrliginin’ xi’zmetkerleri qatnasadi’. Xali’q bilimlendiriwinin’ Joqarg’i’ ken’esine A. Besle basshi’li’g’i’nda arnawli’ komissiya du’ziw usi’ni’s yetiledi ha’m wonda jazi’wdi’n’ barli’q sistemasi’n radikal tu’rde qayta du’ziw ha’m orfografiyani’n’ ayi’ri’m qi’yi’nshi’li’qlari’ menen anomaliyalari’n saplasti’ri’wdi’n’ za’ru’rligi ha’m maqsetke muwapi’qli’g’i’n u’yreniw tapsi’ri’ladi’. Komissiyani’n’ bayanati’ 1952 ji’li’ islenip wol ha’rekettegi orfografiyani’n’ ta’repdarlari’ ha’m qarsi’laslari’ ta’repinen u’lken si’ng’a ali’nadi’. 1961-ji’li’ A.Besle ta’repinen imlani’n’ reformasi’ni’n’ mu’mkinshiliklerin u’yreniw boyi’nsha komissiya qaytadan du’ziledi. 1965-ji’li’ Besle jan’a imla boyi’nsha wo’zinin’ tiykarg’i’ usi’ni’slari’n bildiredi ha’m woni’ 1966-ji’ldan baslawi’sh mekteplerde qollani’wdi’ jobalasti’radi’.

Biraq ha’rekettegi francuz imlasi’n wo’zgertiw boyi’nsha jobalasti’ri’lg’an barli’q joybarlar a’melge asi’ri’lmadi’. Sebebi, haqi’yqati’nda da imlada dag’dari’s ju’z berip ati’r ma ha’m ja’miyet ushi’n ma’deniy ziyanlarsi’z jazi’w normalari’n wo’zgertiw mu’mkinshiligi bar ma degen sorawdi’n’ sheshimine birgelki juwap joq yedi. «Voprosi’ orfografii» di’n’ arnawli’ sani’nda francuz imlasi’n tez arada maksimal tu’rde a’piwayi’lasti’ri’w talabi’ menen bir qatarda, jan’a imlani’n’ usi’ni’lg’an variantlari’n si’ng’a ali’w jag’daylari’ da ushi’rasatug’i’n yedi. Mi’sali’, Perno-Bryuno ha’m Monnero-Dyumen variantlari’, ju’da’ quramali’ ha’m ha’zirgi da’wirde wori’nlaw mu’mkin yemes delinedi. Ch.Bole wo’z gezeginde ayi’ri’m wo’zgerislerdi kirgiziwdi, bunda qospa dawi’ssi’zlardi’ ha’m qollani’lmaytug’i’n dawi’ssi’zlardi’ ali’p taslawdi’ usi’ni’s yetedi, al dawi’sli’lardi’n’ barli’q sistemasi’n hesh qanday wo’zgerissiz qaldi’radi’.

Tarqalg’an pikirlerge qarama-qarsi’ tu’rde R.Timone francuz imlasi’ haqi’yqati’nda da qatan’ tu’rde sho’lkemlestirilgen sistemadan turadi’ ha’m wol qatan’ qag’i’ydalardi’n’ azg’ana sani’na tiykarlang’an deydi. Woni’n’ pikirinshe, francuz imlasi’ ko’plegen jag’daylarda ayqi’n ko’rsetilgen

fonetikali’q xarakterge iye deydi, so’zliktin’ ko’plegen so’zleri (35000 shamalas) uluwmalasti’ri’lg’an morfologiyali’q elementten quralg’an 4500 seriyag’a bo’liniwi mu’mkin (tu’bir, suffiks, tu’bir aldi’ jalg’awlari’) ha’m birgelki yesitiliwdi bildiretug’i’n uluwma grafikali’q su’wretlewdi ko’rsetedi. Bunday ta’rtiplestirilgen toparlar wo’zinin’ qurami’na 95% so’z jasamawshi’lardan ha’m wolardan ali’ng’an so’z jasawshi’lar kiredi. Uluwmalasti’ri’lg’an jazi’wg’a biriktirilgen so’zlerdin’ bunday tarmag’i’ni’n’ boli’wi’ Timonenin’ pikirinshe, jazi’wdi’n’ radikal tu’rde qayta du’ziliwi menen shug’i’llani’wdi’n’ keregi joq, al bar imlani’n’ barli’q baylani’slari’n ha’m ni’zamli’ qubi’li’slari’n racional tu’rde quri’lg’an sistema si’pati’nda u’yrenip shi’g’i’w maqsetke muwapi’q.

İnglis orfografiyali’q sistemasi’, belgili bolg’ani’nday, so’ylewden bir qansha uzaqlasqan, inglis jazi’wi’ ideografiyali’q jazi’wg’a jaqi’n jazi’wdi’n’ mi’sali’ si’pati’nda da’stu’riy tu’rde keltiriledi. Soni’n’ ushi’n, inglis imlasi’ ko’plegen ji’llardan beri lingvistler ha’m a’meliy-pedagoglardi’n’ dodalaw obiekti boli’p yesaplanadi’. Radikal ha’m bir jo’n tu’rdegi ha’r qi’yli’ proektler usi’ni’lg’an ha’m usi’ni’li’p ati’r. Mi’sali’, tiykarg’i’ wo’lshemi ha’r bir sesti wo’z aldi’na simvol menen an’lati’wdi’ bildiretug’i’n lati’n jazi’wi’na tiykarlanbag’an jan’a a’lipbeni du’ziw usi’ni’s yetilgen. Bunday a’lipbeni du’ziwdin’ haqi’yqi’y janku’yeri si’pati’nda B.Shou wo’zinin’ qarji’lari’n aji’rati’p bul jumi’sti’ wo’tkeriw boyi’nsha pikir bildirgen. Solay yetip, 1958-ji’li’ jan’a inglis a’lipbesinin’ proektin du’ziw boyi’nsha jer ju’zilik konkurs ja’riyalanadi’. «Fonolog» atamasi’n alg’an variant yen’ jaqsi’ dep tabi’li’p, wol inglis tilinin 42 tan’ba 42 ses ja’rdeminde du’ziliwin sa’wlelendirgen (18 dawi’sli’ ha’m 24 dawi’ssi’z). Basqa da inglis ja’miyetshilik g’ayratkerleri, mi’sali’ dr. Follik B. Shouday ha’reket isledi.

Woqi’wdi’ yendi u’yreniwshilerge arnalg’an Pitmen arnawli’ a’lipbesi ken’nen belgili boli’p, ha’tteki qollani’li’p ta keldi. Pitmen a’lipbesi a’piwayi’ lati’n ha’riplerinen ha’m inglis alfavitinde arnawli’ ha’riplik belgisi bolmag’an

seslerdi beriw ushi’n birqansha qosi’msha jan’a belgilerden quralg’an. Bul jol menen kvaziofonetikali’q transkripciyag’a birqansha jaqi’nlasi’wg’a yerisiw mu’mkin. Bul a’lipbenin’ maqseti – woqi’wshi’g’a a’piwayi’ inglis a’lipbesinde ha’rekettegi inglis imlasi’ni’n’ qag’i’ydalari’n qollani’p jazi’lg’an tekstti woqi’wg’a wo’tiwdi jen’illestiriw boli’p tabi’ladi’. Jazi’wdi’ a’piwayi’lasti’ri’w boyi’nsha du’zilgen Britaniya ja’miyeti ta’repinen usi’ni’lg’an go’ne ha’riplerdin’ ja’rdeminde jan’a jazi’w sistemasi’ islenip shi’g’i’lmaqta. Du’zilip ati’rg’an sistemani’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ *bir fonemani’ jazi’wda ba’rhama tek bir grafema yamasa sol grafemali’q topardi’n’ ja’rdeminde jazi’li’wi’n bekkemlewge uri’ni’w boli’p tabi’ladi’.*

Joqari’da keltirilgen barli’q sistemalardi’n’ tiykarg’i’ kemshiligi sonnan ibarat, bul inglis avtorlari’ ta’repinen de belgilenip wo’tiledi, birinshiden, teksttin’ grafikali’q ko’rinisinin’ sezilerli da’rejede wo’zgeriwi ha’m yekinshiden, omonimlerdin’ grafikali’q differensiaciyasi’ni’n’ iykemsizligi boldi’.

Jan’a inglis a’lipbesin du’ziw orfografiyani’n’ birli’q sistemasi’n qayta du’ziw boyi’nsha ko’rsetilgen umti’li’wshi’li’qlar menen bir qatarda basqa da a’disler bar. Solay yetip, Dj.N. Vollinz «Bizin’ jazi’wi’mi’z wo’zimizdin’ yesabi’mi’z boyi’nsha yamasa solay dep yesaplawdi’ qa’lesek te haqi’yqati’nda da ju’da’ aqi’lsi’z dep ayti’wg’a bolmaydi’» dep ko’rsetedi. Woni’n’ pikirinshe, inglis jazi’wi’ wo’zinin’ tiykari’nda fonetikali’q jazi’w boli’p yesaplanadi’, wo’ytkeni jazi’wda ko’plegen so’zlerdin’ sesleri a’lipbenin’ ha’ripleri dep atali’wshi’ sha’rtli simvollardi’n’ sa’ykes toparlari’ menen beriledi.

Ha’zirgi zaman inglis imlasi’ni’n’ tek fonologiyali’q man’i’zda yekenlinin’ tasti’yqlani’wi’n generativ grammatikani’n’ wa’killeri N.Xomskiy ha’m M.Xalle ha’m woni’n’ ta’reptarlari’ni’n’ ideyalari’nda ushi’ratami’z. Xomskiy ha’m Xallenin’ kontsepciyasi’na muwapi’q, inglis imlasi’ awi’zeki tildin’ u’stirtin fonetikali’q formasi’n sa’wlelendirmeydi, al teren’lesken abstrakt formani’, yag’ni’y teren’lesken fonologiyali’q du’zilisti bildiredi ha’m «inglis

so’zlerin beriwde derlik optimal sistema» boli’p yesaplanadi’. Bul ideyani’ rawajlandi’ra woti’ri’p K.Xomskaya atap wo’tedi, inglis jazi’wi’ni’n’ fonetikali’q yemes belgileri sha’rtli xarakterge iye yemes, biraq tildin’ fonetikali’q da’rejeden de teren’irek da’rejesine tuwri’ keledi. İnglis imlasi’ generativ grammatikani’n’ fonologiyali’q komponentine tuwra keledi, yag’ni’y fonologiyali’q qag’i’ydalardi’n’ quramali’ sistemasi’na tuwra kelip, wolardi’n’ qollani’li’wi’ so’zlerdin’ fonetikali’q ha’diysesine ali’p keledi (fonetikali’q transkripciya tu’rinde). Fonologiyali’q komponent dawi’ssi’zlardi’n’ jumsari’wi’na (palatalizaciya), u’nliligine, diftonglani’wi’na, dawi’sli’lardi’n’ qayti’wi’na, dawi’sli’lardi’n’ ji’li’si’wi’na ha’m t.b. baylani’sli’ bolg’an qag’i’ydalardi’ bildiredi.

İnglis jazi’li’wi’ni’n’ fonetikali’q tiykarlani’wi’ni’n’ moyi’nlani’wi’ woni’n’ tu’pkilikli tu’rde qayta du’ziliwinin’ za’ru’rligin yemes, al tek woni’n’ tiykari’nda payda bolg’an ni’zamli’ qubi’li’slardi’n’ azg’ana wo’zgertiliwin tasti’yqlaydi’. Mi’sali’, A.Viyk wo’zinin’ varianti’n usi’na woti’ri’p a’lipbege taza simvollardi’ kirgizbeydi, al ha’rekettegi imlani’ sa’l wo’zgertip, fonemalardi’ grafikali’q su’wretlewdin’ ayri’qsha usi’llari’n ali’p taslaydi’. Viyk omofonlardi’n’ ha’r qi’yli’ jazi’li’wi’n saqlap qali’wg’a umti’ladi’. Na’tiyjede 90% jazi’wdi’ wo’zgertpesten qaldi’radi’. Woni’n’ pikirinshe, yen’ tiykarg’i’si’ - wonsha ko’p ushi’raspaytug’i’n jazi’w menen jazi’latug’i’n so’zlerdin’ jazi’li’wi’n wo’zgertiw yesaplanadi’, barli’q so’z sani’na qarag’anda so’zlikte wolardi’n’ 10% ushi’rasqani’ menen, wolardi’n’ tekstte ushi’rasi’w jiyiligi 30% quraydi’.

V.Xaas wo’zinin’ ja’miyette yeki tildin’ (awi’zeki ha’m jazba) bar boli’w koncepciyasi’na muwapi’q, tek awi’zeki so’ylewdin’ jazba su’wretleniwi yemes, jazba tekst ha’m so’ylewdin’ du’zilis ayi’rmashi’li’g’i’n yesapqa ali’w kerekligin belgilep wo’tedi. Woni’n’ pikirinshe fonemali’q transkripciyani’ yen’ jaqsi’ a’lipbe si’pati’nda qarap bolmaydi’. Fonemali’q transkripciya ha’m a’lipbelik jazi’w ha’rqi’yli’ maqsetlerge xi’zmet yetedi. Fonemali’q

transkripciya lingvistikali’q tallawg’a xi’zmet yetedi; a’lipbelik jazi’w qari’m-qatnas ushi’n xi’zmet yetedi. Sol sebepli orfografiya a’lipbelik jazi’wg’a tiyisli bolg’an sistema si’pati’nda fonemali’q transkripciyag’a uqsas bolmawi’ yamasa woni’n’ menen sali’sti’ri’li’p bolmaydi’. Woni’n’ pikirinshe fonografiyali’q jazi’wdi’n’ jetiskenlikleri menen kemshiliklerin wo’lsheytug’i’n a’piwayi’ wo’lshem joq ha’m boli’wi’ da mu’mkin yemes.

Ha’r qi’yli’ tillerdegi jazi’wdi’n’ seslik-ha’riplik materiali’n izertlewshi ko’plegen lingvistler ta’repinen bir neshe ma’rtebe atali’p wo’tilgenindey, morfologiyali’q jaqtan jaqi’n baylani’sqan so’zlerdi sali’sti’ri’w, awi’zeki so’ylewge qarag’anda, imlani’n’ tiykarg’i’ wo’lshemlerinin’ biri boli’p tabi’ladi’. Solay yetip, awi’zeki so’ylewge qarag’anda, jazi’wda so’zlerdin’ morfemali’q jaqi’nli’g’i’ ayqi’n ko’rinedi.

Wori’s ilimpazi’ S.M.Kuzmina wo`zinin` wori’s imlasi’ni’n` teoriyali’q ma`selelerine arnalg`an «Teoriya russkoy orfografii» atli’ miynetinde[27] etimologiyali’q, tariyxi’y-tradiciyali’q, morfologiyali’q (woni’n` jiyi atali’p ju`rgen differensialli’q tu`rinde) ha`m simvolikali’q wo’lshemlerinin` arasi’nda aytarli’qtay ayi’rmashi’li’q joq dep ko`rsetedi. Avtordi’n` keltirilgen miynetinin` «Fonemadan ha`ripke» qag`i’ydasi’ ha`m wori’s imlasi’ni’n’ wo’lshemleri atamasi’ndag`i’ bo`liminde wori’s jazi’wi’ni’n` bas wo’lshemi haqqi’ndag`i’ ma`sele wori’s imlasi’ teoriyasi’nda yen` a`hmiyetlisi boli’p, woni’ Moskva ha`m Leningrad fonologiyali’q mektepleri ta`reptarlari’ ha`r tu`rli yetip sheshedi, dep ko`rsetken.

Moskva fonologiyali’q mektebi wori’s imlasi’nda jetekshi wo’lshem fonematikali’q wo’lsham dep ani’qlap, wog`an «Fonematikali’q jazi’w – bul a’lipbenin’ bir ha`ribi fonemani’n` ha`r qi’yli’ boli’p wo`zgeriwi, ha`r qi’yli’ fonetikali’q jag`dayda qanday boli’p yesitiliwine qaramaydi’, delingen. Bunda fonemani’n` tu`rleniwleri jazi’wda woni’n` tiykarg`i’ yesitiliwine qarap belgilenedi». «Seslerdi yemes, al fonemani’ bergende, fonologiyali’q jazi’w morfemalardi’ jazi’wda birdeylikti a`melge asi’radi’».

[27] Кузьмина С.М. Теория русской орфографии. Орфография в ее отношении к фонетике и фонологии. М. «Наука», 1981. с. 246-258.

Leningrad fonologiyali’q mektebi ta`reptarlari’ wori’s imlasi’nda morfologiyali’q wo’lshemdi jetekshi dep yesaplaydi’, woni’n` ma`nisi, so`zdin` ha`r bir a`hmiyetli bo`legi (morfema) ba`rhama birdey boli’p beriledi delingen.

Moskva fonologiyali’q mektebinin` miynetlerinde morfologiyali’q wo’lshemnin` tiykarlani’wi’n da`lilsiz dep: «Morfologiyali’q wo’lshemnin` ani’qlani’wi’…tiykari’nan da`lilsiz: ayti’li’wi’nsha, barli’q so`zlerde morfemani’n` birdeyligi saqlanadi’. Biraq ha`riptin` turaqli’ ko`rinisi qalayi’nsha tan`lap ali’nadi’?»[28].

“Morfologiyali’q wo’lshemnen kelip shi’g`i’p, ne ushi’n ayi’ri’m seslik almasi’wlar jazi’wda beriledi (mi’sali’, muxa-mushka, (shi’bi’n-ni’shana) muxa – muxka yemes), al basqalari’ berilmeydi, buni’ tu`siniw mu`mkin yemes (mi’sali’, sadi-sad, sadi –sat (bag`lar –bag`, bag`lar- baq yemes)” - dep jazadi’ L.N.Bulatova[29].

Morfologiyali’q wo’lshemnin` ani’qlawi’na woni’n` ta`reptarlari’ mi’naday qosi’mshani’ kirgizedi: morfemalardi’n` birdeylikte beriliwi «poziciyali’q almasi’wlardi’ ko`rsetpewi» menen yerisiledi[30]. Biraq M.V.Panovti’n` jazi’wi’nsha «bul jazi’wdi’n` morfologiyali’q ani’qlawi’ni’n` worni’na fonologiyali’q jazi’w qoyi’lg`anli’g`i’n belgileydi»[4]. Morfologiyali’q wo’lshemnin` ta`reptarlari’ «fonologiyali’q tu`sindiriwlerge su`yeniwge ma`jbu`r» degen tu`sinikti L.N.Bulatovada: «Tayani’sh jazi’wlar tuwrali’ tu`sinik… tiykari’nan fonologiyali’q boli’p… - tayani’sh jazi’wlar ku`shli jag`dayda turg`an fonemalardi’ beredi» dep aytadi’.

«Ha`r bir tildin’ imlasi’nda ha`r qi’yli’ wo’lshemlerdin` baylani’sqanli’g`i’n bayqawg`a boladi’»[31]. Wori’s tilinin’ imlasi’nda basli’ (fonematikali’q) wo’lshemnen ti’sqari’ basqa da wo’lshemler ayi’ri’p ko`rsetiledi.

---

[28] Панов М.В. Русская фонетика. М., 1967, с.279.
[29] Булатова Л.Н. Еще раз об основном принципе русской орфографии. -ВЯ, 1969, №6
[30] Гвоздев А.Н. Основі’ русской орфографии.-В кн.: Гвоздев А.Н. Избр. работі’ по орфографии и фонетике. М., 1963.
[31] Реформатский А.А. Введение в язі’коведение. М., 1967, с.376.

Wori's tilinin' wo'lshemleri haqqi'ndag`i' ma`sele boyi'nsha, ha`tte bir mektep Moskva fonologiyali'q mektebinin` wo`zinde de toli'q tu`sinik joq. Solay yetip, orfografiyani'n` tiykari'ndag`i' wo'lshemlerdin` tek sanlari' ha`r qi'yli' izertlewshiler ta`repinen ha`r tu`rli boli'p ani'qlanadi'. Sol sebepli, jazi'li'wlardi'n` klassifikaciyasi' da ha`r qi'yli'. Usi' sebepli, ayi'ri'm jazi'li'wlardi'n` ha`r qi'yli' izertlewshiler ta`repinen ha`r qi'yli' tu`rlerge bo`liwleri tu`sinikli.

Til biliminde A.A. Reformackiy imla wo'lshemlerin alti'g'a bo'lip qarag'an: fonetikali'q, fonologiyali'q, etimologiyali'q, tariyxi'y – tradiciyali'q, morfologiyali'q, simvolikali'q. Bul alti' wo'lshemlerdi juplasti'ri'p fonematikali'q - fonetikali'q, etimologiyali'q - tariyxi'y, morfologiyali'q - simvolikali'q dep u'sh toparg'a bo'lgen. [32]

Ayi'ri'm izertlewshiler imlani'n` to`rt wo'lshemi tuwrali' aytadi': fonematikali'q, fonetikali'q, tradiciyali'q ha`m differencialli'q, yamasa u`sh wo'lshemdi keltirgen: (fonematikali'q, fonetikali'q ha`m tradiciyali'q).

Moskva fonologiyali'q mektebinin` barli'q wa`killeri bas wo'lshem si'pati'nda fonematikali'q wo'lshemdi ko`rsetedi. Bul I.S.Ilinskaya ha`m V.N.Sidorov ta`repinen ayqi'n tu`rde ko`rsetilgen.

Wolar du'nya tillerinde jazi'li'wlardi'n` klassifikaciyasi'ni'n` tiplerin bergende barli'q jazi'li'wlardi' yeki toprag`a bo`lip ko`rsetken: fonematikali'q ha`m fonematikali'q yemes. Fonematikali'q jazi'wlar wo`z gezeginde wolar ta`repinen absolyut-fonematikali'q ha`m sali'sti'rmali'-fonematikali'q dep bo`lingen. Usi' barli'q tiplerdin` ishinde seslerge sali'sti'rmali' fonetikali'q ha`m fonetikali'q yemes jazi'wlar dep ayi'ri'p ko`rsetilgen[33].

Fonematikali'q jazi'wlar I.S.Ilinskaya ha`m V.N.Sidorovlardi'n` terminologiyasi' boyi'nsha absolyut-fonematikali'q wo'lshem, birinshiden, hesh qanday sha`rtlersiz ali'natug`i'n jazi'wlar (bul qatti' fonemalardi' an`latatug`i'n *p, b, f, m, t, d, s, n, r, l, k, g, x* ha`riplerinin` jazi'li'wi'), y ha`m i

---

[32] Sonda, 373-375 bb

[33] Ильинская И.С., Сидоров В.Н. Современное русское правописание.- Уч.зап.МГПИ им. В.П.Потемкина, 1953,т. XXII,вып.2,с.8

ha`ripleri, yekinshiden, tek fonologiyali’q sha`rtlerdin` ja`rdeminde – fonemali’q kontekstke ha`m fonemani’n` so`z basi’nda yamasa aqi’ri’nda keliwine qatnasli’ jaylasi’wi’n ko`rsetetug`i’n sha`rtler. Bul jumsaq dawi’ssi’z fonemalardi’ beretug`i’n mi’na ha`riplerdin` jazi’li’wi’: *p-p`, b-b`, f-f`, m-m` ha`m t.b.*

«Fonemadan ha`ripke» qag`i’ydalari’ boyi’nsha bul ja`ne de fonematikali’q jazi’li’wlar, sebebi **a, u, i** ha`riplerinin` tan`lani’wi’ tek fonologiyali’q sha`rtlerge – fonemali’q kontekstke baylani’sli’.

Fonematikali’q yemes jazi’li’wlarg`a keltirilgen qag`i’ydalarda sha`rtlersiz yamasa tek fonologiyali’q jag`daylar ja`rdeminde g`ana ali’nbaytug`i’n jazi’li’wlar juwap beredi.

Fonematikali’q yemes jazi’li’wlardi’n` ishinde, fonetikali’q, etimologiyali’q, tariyxi’y-tradiciyali’q, morfologiyali’q ha`m simvolikali’q wo’lshemlerge baylani’sli’ jazi’wlar ayi’ri’p ko`rsetilgen.

A.A.Reformackiy **c** ha`ribinen keyin **i’** ha`ribinin` jazi’li’wi’n fonetikali’q jazi’w dep yesaplaydi’. Biraq keltirilgen qag`i’ydalarg’a muwapi’q boli’p yesaplanbaydi’: **i’** ha`ribin jazg`anda jazi’wshi’ kelesi qag`i’ydani’ paydalana almaydi’: «ayti’lg`ani’n jaz», yamasa: «yesitkenin`di jaz». Wol **i’** ha`ribin **c** ha`ribinen keyin qosi’mtalarda ha`m ayi’ri’m tu`birlerde jazi’wdi’ biliwi kerek. Solay yetip, bul jazi’li’wlarg`a qag`i’yda boyi’nsha morfologiyali’q sha`rtlengen jazi’wlarg’a tuwra keledi.

Solay yetip, wori’s tilinde birden – bir wo’lshem tek fonetikali’q wo’lshem dep qarawg’a bolmaydi’.

Etimologiyali’q wo’lshem si’yaqli’ tariyxi’y-tradiciyali’q wo’lshemler de «jazi’wda ha`zirgi jag`daydi’ yemes, al wo`tkendi su`wretlewge tiykarlang`an, etimologiyali’q wo’lshem haqi’yqati’nda da tildin` wo`tmishine tiykarlanadi’» [34]. Etimologiyali’q wo’lshemge tiykarlang’an jazi’li’wg`a «Fonemadan ha`ripke» qag`i’ydasi’nda morfologiyali’q jaqtan sa’ykeslestirilgen jazi’wlar

[34] Sonda, -B. 374

tuwra keledi: tu`birlerde **o** yamasa **e** ni duri’s jazi’w ushi’n, qaysi’ tu’birde qanday ha`rip jazi’li’wi’n yeste saqlap qali’w kerek.

Tradiciyali’q jazi’wdi’n` ayqi’n mi’sali’ retinde sh ha`ribinin` worni’na **sh** ha`ribinin` jazi’li’wi’n keltirse boladi’: pomoshnik (ja`rdemshi) so`zinde ha`m <ovo> qosi’mtasi’nda **v** ha`ribinin` worni’na **g** ha`ribinin` jazi’li’wi’ (bol`shogo, sinego).

*Morfologiyali’q* ha`m *simvolikali’q* wo’lshem bir-birine jaqi’n: «Wolardi’n` uluwmali’g`i’ jazi’wda fonetikali’q qurallardi’ qollani’wg’a umti’li’wda yemes, bunda morfologiyali’q jazi’w grammatikani’ (morfologiyani’) sa`wlelendiredi, fonetikani’ shetlep wo`tedi, ha`tteki woni’n` menen qarama-qarsi’ keletug`i’n so’zler de ushrasadi’, al simvolikali’q jazi’wlar fonetikali’q jaqtan aji’ralmaytug`i’n leksikali’q omonimlerdi ayi’ri’wg`a umti’ladi’.[35]

Solay yetip, S.M.Kuzminani’n` keltirgen qag`i’ydalari’nda barli’q to`rt: etimologiyali’q, tariyxi’y-tradiciyali’q, morfologiyali’q (woni’ ko`binese differenciyalli’q dep ataydi’) ha`m simvolikali’q wo’lshemlerde a`dewir ayi’rmashi’li’qti’n` joq yekenligi ayti’ladi’.

Uluwmalasti’rg`anda, wori’s tili imlasi’ni’n’ wo’lshemleri tuwrali’ ayti’lg`anlarg`a juwmaq jasay woti’ri’p, sinxron ta`riyplew ko`zqarasi’nan jazi’wlar yekige bo`linedi – *fonematikali’q* ha`m *fonematikali’q yemes*. Fonematikali’q yemeslerdin` ishinde *ha`riplik kontekst* penen *sa’ykeslestirilgen* (<z> ha`ribine pitken tu`bir aldi’ qosi’mtalari’ni’n` jazi’li’wlari’) ha`m *morfologiyali’q sa’ykeslestirilgen* jazi’wlar aji’raladi’.

Juwmaq retinde S.M.Kuzmina to`mendegilerdi keltiredi:

1. Jazi’w sistemasi’ni’n` ta`ripi uluwma alg`anda tildin` ta`ripine baylani’sli’ boladi’, jazi’w menen tikkeley baylani’sli’ bolg`an til qabatlari’ni’n` ta`ripleniwine baylani’sli’, mi’sali’ morfologiyali’q ha`m fonologiyali’q. Ha`r qi’yli’ fonologiyali’q teoriyag`a su`yene woti’ri’p, bir-birinen tu`pkilikli tu`rde aji’ralatug`i’n ha`r qi’yli’ orfografiyali’q sistemag`a kelemiz. Bunda Moskva

[35] Sonda, -B.375

ha`m Leningrad fonologiyali’q mekteplerine qatnasli’ «moskva» ha`m «leningrad» orfografiyali’q sistemalari’ tuwrali’ aytsa boladi’.

2. Awi’zeki ha`m jazba so`ylew tildin` yeki biyg`a`rez formasi’ si’pati’nda qaraladi’ ha`m usi’g`an baylani’sli’ ha`riplik ha`m imla jazi’wlar yeki qatar qag`i’ydalardan – sesten fonemag`a wo`tiw qag`i’ydasi’nan ha`m fonemadan ha`ripke wo`tiw qag`i’ydasi’nan turadi’ dep ko`rsetiledi.

3. Seslerden fonemag`a ha`m fonemadan ha`ripke wo`tiw qag`i’ydalari’n du`ziw wori’s fonologiyasi’ni’n` ayi’ri’m quramali’ ha`m tarti’sli’ mashqalalari’n jan`a ko`zqarastan ko`rip shi’g`i’wg`a mu`mkinshilik beredi. Orfografiya bir qatar jag`daylarda fonologiyada bar bolg`an anaw yamasa mi’naw ko`zqaraslardi’ qollawshi’ yamasa wog`an qarsi’ bolg`an da`lillengen qosi’msha argumentlerdi beredi.

Yerinlik ha`m til arti’ dawi’ssi’zlari’ qatti’-jumsaq jag`i’nan a`zzi poziciyada jaylasqan ha`m ku`shli poziciyada turg`an ses penen almaspaytug`i’nlardi’, giperfonema menen yemes, al qatti’ fonema menen sali’sti’ri’ladi’: (<p>ravda, (haqi’yqat), <k>niga, (kitap) ($\prec \frac{п}{п'} \succ$ *равда*, $\prec \frac{к}{к'} \succ$ *нига* ) yemes.

4. S.M.Kuzminani’n` miynetinde yeki qag`i’ydani’n` toli’q dizimi keltirilgen («Sesten fonemag`a» ha`m «Fonemadan ha`ripke») ha`m usi’ qag`i’ydalarda yesapqa ali’natug`i’n sha`rtler ta`riplengen.

Wori’s tilindegi so`zler fonemali’q jaqtan duri’s jazi’wi’na yerisiw ushi’n kelesi sha`rtler a`hmiyetli boladi’: *fonetikali’q* (seslik qorshaw, pa`tke qatnasli’ jag`dayi’, so`zdin` basi’nda yamasa aqi’ri’nda boli’wi’), *alternaciyali’q* (sol morfemani’n` do`gereginde seslerdin` almasi’wlari’ tuwrali’ derekler) ha`m *morfologiyali’q* (berilgen sestin` berilgen fonemag`a sa`ykes keliwi boyi’nsha morfemalar tuwrali’ mag`luwmatlar).

Wori’s tilinde so`zlerdin` ha`riplik jazi’li’wi’na yerisiwde u`sh tu`rli sha`rt sheshiwshi bolg`anli’g`i’ keltiriledi: *fonologiyali’q,*

*morfologiyali'q* ha`m *ha`riplik* (aldi'n`g`i' yeki tu`r ja`ne de sha`rtlerge bo`linedi).

Bul ilimpazlardi'n` pikirinshe, wori's jazi'wi' haqqi'nda ilimnin` tek yeki bo`limi (grafika ha`m orfografiya) ha`m qag`i'ydalardi'n` yekewi (grafikali'q ha`m orfografiyali'q) tuwrali' yemes, al ha`ripti tan`lawdi'n` ha`r qi'yli' tu`rdegi sha`rtlerin - fonologiyali'q sha`rt (morfemani' yesapqa almaydi') ha`m morfologiyali'q (buni' yesapqa ali'wshi') yesapqa alatug`i'n bir bo`limi (orfografiya) tuwrali' ayti'w kerek.

## Qaraqalpaq imlasi'ni'n' tiykarg'i' wo'lshemleri

Ha'rbir xali'qti'n' milliy tilinin' imla qag'i'ydalari'ni'n' jan'adan isleniwi woni'n' a'lipbesi menen ti'g'i'z baylani'sli'. A'lipbenin' wo'zgeriwi menen woni'n' imlasi' da sog'an sa'ykes jan'adan islenip jetilisip baradi'. Ma'selen, arab jazi'wi'ni'n' qollani'li'wi'nda imla ha'm punktuaciya boyi'nsha belgili bir wo'lshemge tiykarlang'an turaqli' qag'i'yda bolmadi'. Arab jazi'wi'nan lati'n jazi'wi'na wo'tiwge baylani'sli' 1926-ji'li' Baku qalasi'nda wo'tkerilgen Birinshi pu'tkilawqamli'q tyurkologiyali'q siezdte tu'rkiy tillerinin' imla qag'i'ydalari'n islewde fonetikali'q wo'lshem (morfologiyali'q wo'zgesheliklerin birlestiriw menen) tiykar yetip ali'ndi'.[36] Usi' siezden keyin 1929-ji'ldan baslap ko'pshilik tu'rkiy xali'qlardi'n' imlasi'n du'ziw jumi'slari' baslandi'. 1932-ji'li' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq tilinin' imlasi' du'zilip, wol sol ji'li' sentyabr ayi'nda wo'tkerilgen birinshi imla konferenciyasi'nda maqullandi'. Bul imla qag'i'ydalari'ni'n' du'ziliwine Qazan qalasi'nan tatar ali'mi' G.Alparov qatnasti'. Qabi'l yetilgen imla qag'i'ydalari' fonetika-morfologiyali'q wo'lshemge tiykarlani'p, woni'n' fonetikali'q wo'zgesheligi basi'm yetip ali'ng'an yedi .[37] Al, lati'n jazi'wi' boyi'nsha 1938-ji'li' oktyabr ayi'nda To'rtku'l qalasi'nda wo'tkerilgen u'shinshi imla konferenciyasi'nda maqullang'an imla qag'i'ydalari' morfologiya-fonetikali'q wo'lshem tiykari'nda du'zilip, woni'n' morfologiyali'q wo'zgesheligi basi'm

[36] Sonda, -B.8
[37] Sonda,-B. 32

yetip belgilengen. Lati'n jazi'wi'nan wori's jazi'wi'na wo'tkennen keyin de morfologiya-fonetikali'q wo'lshem imlada saqlani'p qaldi'.[38] Demek, qaraqalpaq imlasi'ni'n' isleniw tariyxi'na sholi'w jasap qarag'ani'mi'zda woni'n' usi' yeki wo'lshemge tiykarlang'ani' ma'lim. Biraq, son'g'i' waqi'tlardag'i' joqari' woqi'w wori'nlari'na arnalg'an sabaqli'qlarda joqari'da atalg'an yeki pirncipten basqa imla ushi'n tariyxi'y-da'stu'riy ha'm differencialli'q wo'lshemlerinin' qatnasli' yekenligi ko'rsetiledi.[39]

Haqi'yqati'nda, imla qag'i'ydalari'ni'n' du'ziliwi qospali' si'patqa iye. Ma'selen, jeke so'zlerdin' jazi'li'wi' fonematikali'q, sonday-aq ayi'ri'm so'zlerdin' wo'zgeriske ushi'rap jazi'li'wi' fonetikali'q, so'zlerdin' qosi'li'p ha'm dizbeklesiwi arqali' jazi'li'wi' semantikali'q ha'm t.b. wo'lshemlerge tiykarlanadi'. Bul jag'i'nan qarag'ani'mi'zda, imla qag'i'ydalari'ni'n' isleniwi bir yaki yeki wo'lshemge tiykarlanatug'i'ni' ma'lim. Usi' jag'daylardi' yesapqa alg'anda, imlani'n' ha'm imla qag'i'ydalari'ni'n' isleniwinde woni'n' tiykarg'i' wo'lshemlerin ani'qlap ali'w kerek boladi'.

K.M.Musaev tu'rkiy tillerinin' imlasi'n islewde fonetikali'q, morfologiyali'q, fonetika-morfologiyali'q, fonematikali'q, semantikali'q ha'm tu'sinik wo'lshemlerinin' qatnasli' yekenligin ko'rsetedi.[40] Atalg'an imla wo'lshemlerin qaraqalpaq imlasi'ni'n' isleniwi ushi'n da qatnasli' boli'wi' kerek. Sonli'qtan qaraqalpaq tilinin' faktleri tiykari'nda usi' wo'lshemlerdin' qollani'li'wi'n ko'rip shi'g'ami'z.

## Fonetikali'q wo'lshem

Bul wo'lshem awi'zeki so'ylewge sa'ykes so'zler qalay yesitilse, solay jazi'wdi' talap yetedi[41]. Yag'ni'y «qalay yesitsen', solay jaz» degen urang'a tiykarlanadi'.

Ha'zirgi lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an imla qag'i'ydalari'ndag'i' dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z ha'riplerge jeke-jeke fonetikali'q si'patlama berip,

---

[38] Sonda,-B. 121
[39] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, «Билим». 1999,-Б, 382-384
[40] Sonda, -B.17-38
[41] Дәўлетов М. Қарақалпақ орфографиясының принциплери. ӨзРИАҚҚБ хабаршысы журналы. 2003-жыл №1сан.106-109-бетлер.

wolar so’z ishinde barli’q yesitilgen wori’nlari’nda jazi’la beredi dep qag’i’yda beriwimiz fonetikali’q wo’lshemnin’ talabi’na sa’ykes keledi. Ma’selen, ata, alma, bala, ba’ha’r, taw, tas, suw, t.b. so’zler seslik-ha’riplik ayti’li’wi’ boyi’nsha jazi’lg’an. Bul jazi’w tradiciyali’q tu’sinik boyi’nsha fonetikali’q wo’lshemke sa’ykes. Biraq ha’zirgi u’yreniwlerde joqari’dag’i’ si’yaqli’ so’zler fonematikali’q wo’lshem teoriyasi’ni’n’ payda boli’wi’na baylani’sli’ fonemali’q (fonematikali’q) wo’lshemge tiykarlani’p jazi’ladi’ dep ko’rsetiledi. Yeger joqari’dag’i’ si’yaqli’ fonema-ha’rip poziciyasi’nda jazi’latug’i’n barli’q so’zler fonetikali’q wo’lshem tiykari’nda jazi’ladi’ dep berilse, wonda fonetikali’q wo’lshem tiykarg’i’ bas wo’lshem boli’p qaladi’.

Fonetikali’q wo’lshemge tiykari’nan, birikken qospa so’zler (bu’gu’n, bi’yi’l, belbew, kolg’ap, shegara t.b.), geypara awi’zeki so’ylew arqali’ fonetikali’q wo’zgeriske ushi’rap wo’zlesken so’zler (boli’s, ken’se, samawri’n, shaynek, wori’s, nemis, inglis, ka’ris, miymanxana (mexmanxana), miyirman (mexriban) t.b., sonday-aq tu’bir ha’m qosi’mtalardi’n’ jazi’li’wi’nda geypara qosi’mtalardi’n’ ta’siri arqali’ wo’zgeriske ushi’rag’an (taraq-tarag’i’, terek-teregi, mektep-mektebi t.b.) so’zler, so’zlerdi wo’tkermelew tiykarlanadi’.

Geypara pikir bildiriwshiler imlani’ ko’birek awi’zeki so’ylewge jaqi’nlasti’ri’wdi’ usi’nadi’. Bul jag’dayda jazi’wda ha’r tu’rlilikler tuwdi’ri’p ju’rgen u, u’, o ha’ripleri awi’zeki so’ylewdegi yesitiliwine i’layi’q jazi’wda ko’p buwi’nli’ so’zlerdin’ yekinshi ha’m wonnan son’g’i’ buwi’nlari’nda da jazi’li’wi’ tiyis. Bul awi’zeki so’ylew menen jazi’wdi’ wo’z ara jaqi’nlasti’radi’. Biraq, buni’n’ yekinshi jag’i’ bar. Ko’p buwi’nli’ qosi’mtalar jazi’wda ko’p variantli’ boli’p ketedi. Soni’n’ menen qatar, imlada fonetikali’q wo’lshem basi’m boli’p, dialektlik wo’zgesheliklerge baylani’sli’ ko’plik, tarti’m, seplik qosi’mtalari’ 2 varianttan 12 variantqa deyin ko’beyip ketiwi mu’mkin. Bul jazi’wdi’ qi’yi’nlasti’radi’. A’meliy jazi’wda ko’p buwi’nli’ so’zlerde qosi’mtalardi’n’ qaysi’ varianti’ni’n’ jazi’latug’i’ni’ mektep woqi’wshi’lari’n aljasti’ri’p, qi’yi’nshi’li’qlar tuwi’wi’ mu’mkin. Sonli’qtan ha’zirgi a’meliy

qollani'li'p ju'rgen imla qag'i'ydalari'ndag'i' u, u', o ha'ripleri so'zlerdin' birinshi buwi'ni'nda jazi'ladi' dep qag'i'yda beriw usi' talaptan kelip shi'g'adi'.

Tu'rkiy tillerindegi singarmonizm ni'zami'n izertlewshilerdin' ani'qlawi' boyi'nsha ko'p buwi'nli' so'zlerde yerinlik dawi'ssi'zlardi'n' u'sh buwi'nnan aspaytug'i'nli'g'i', wolardi'n' yekinshi buwi'nda ku'shli, al u'shinshi ha'm to'rtinshi buwi'nlarda kem-kem ha'lsizlenip baratug'i'ni' ko'rsetiledi. Usi' ani'qlawlardi' yesapqa alg'anda, qaraqalpaq tilinin' a'meliy qollani'li'p ju'rgen ha'zirgi imla qag'i'ydalari'ndag'i' yerinlik dawi'sli'lardi' ko'p buwi'nli' so'zlerdin' tek birinshi buwi'ni'nda jazi'ladi' dep sheklep taslamay, wolardi'n' tu'bir ha'm do'rendi tu'bir so'zlerde yekinshi buwi'nda da jazi'w imkaniyati' yesapqa ali'ni'wi' tiyis. Bul jag'day lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a imla qag'i'ydalari'nda ju'da' sheklengen da'rejede ko'rsetilgen.

## Morfologiyali'q wo'lshem

Morfologiyali'q wo'lshem so'zlerdin' morfemali'q qurami'ni'n' birgelki saqlani'p jazi'li'wi'n talap yetedi. Bul wo'lshemnin' talabi' boyi'nsha morfemalardag'i' assimilyaciyali'q qubi'li'slar yesapqa ali'nbaydi'. Bunda tu'bir ha'm qosi'mtalardi'n' da'slepki shi'g'i'si' saqlanadi'. Sonli'qtan bul wo'lshem etimologiyali'q wo'lshem dep te ataladi'. Mi'sali': azang'i', tu'ngi, jong'i', jonqa, basshi', jumi'sshi' (jumi'sshi' yemes).

Sonday-aq, morfologiyali'q wo'lshem qospa so'zlerdin' jazi'li'wi'nda da qollani'ladi'. Mi'sali': ala at (alat yemes), ko'k ala (*ko'gala* yemes), ko'k qutan (*ko'g qutan* yemes), boz jer (*boj jer* emes), Bekniyaz (*Benniyaz* yemes), Turg'anbay (*Turg'ambay* yemes) t.b.

Morfologiyali'q wo'lshem boyi'nsha awi'zeki so'ylew ha'm dialektlik wo'zgesheliklerge baylani'sli' ayti'latug'i'n ko'p variantli' qosi'mtalardi'n' jazi'wda birewi a'debiy til ushi'n norma dep ali'nadi'. Ma'selen, qaraqalpaq tilinin' dialektlik wo'zgesheliklerinde ayi'ri'm qosi'mtalar yerin u'nlesligine baylani'sli' –di'n'/-din', -dun'/-du'n' (iyelik sepliklerinde); -lar/-ler, -lo'r (ko'plik qosi'mta); -li'q/-lik, -luq/-lu'k (atli'qti'n' so'z jasawshi' qosi'mtasi')

si'yaqli' ko'p variantli' boli'p keledi.[42] Bulardi'n' a'debiy tildin' normasi' ushi'n birewi (-lar/-ler,-din'/-di'n', li'q/-lik) qabi'l yetilgen.

## Fonetika-morfologiyali'q wo'lshem

Bul wo'lshem qaraqalpaq jazi'wi'nda 1932-ji'lg'i' qabi'l yetilgen imla qag'i'ydalari'nda ayti'la baslag'an yedi. Fonetika-morfologiyali'q wo'lshemtin' talabi' boyi'nsha imlada so'zlerdin' fonetikali'q wo'zgesheligi menen qatar, morfologiyali'q wo'zgesheligi de yesapqa ali'nadi'. Biraq, bul wo'lshemde so'zlerdin' jazi'wi'nda woni'n' fonetikali'q jag'i' basi'm yetip ali'nadi'. Bul wo'lshemnin' talabi' boyi'nsha 1932-ji'lg'a deyin fonetikali'q wo'lshem tiykari'nda jazi'lg'an *kitab, mekteb, quli'b, Elmuratop* t.b. si'yaqli' so'zlerdin' aqi'ri'ndag'i' u'nli dawi'ssi'z **b** sesinin' worni'na u'nsiz dawi'ssi'zdi' bildiretug'i'n **p** ha'ribi, al so'z aqi'ri'ndag'i' u'nsiz dawi'ssi'z **p** sesinin' worni'na yerinlik-tislik **v** ha'ribi jazi'latug'i'n boldi': *kitap, mektep, quli'p, Elmuratov* t.b. Sonday-aq, fonetikali'q wo'lshemge tiykarlang'an –mi's/-mis (*barami's, kelemis*) betlik qosi'mtalari'ndag'i' u'nsiz dawi'ssi'z **s** sesi u'nli dawi'ssi'z sesi **z** sesi arqali' jazi'ldi' ha'm a'debiy til normasi' ushi'n usi' tiykarda qa'liplesti.

Soni'n' menen qatar, yerinlik qi'si'q dawi'sli' **u, u'** sesleri ko'p buwi'nli' so'zlerdin' barli'q yesitilgen wori'nlari'nda yemes, tek yeki buwi'ng'a deyin jazi'w qabi'l yetildi. Wolarg'a jalg'anatug'i'n qosi'mtalar tu'bir morfemasi'ndag'i' yerinlik dawi'sli'ni'n' ta'sirisiz morfologiyali'q wo'lshem tiykari'nda jazi'latug'i'n boldi': *tu'lku-tu'lkiler, u'ku'-u'kini, bugu'n-bu'gingi, uzi'n-uzi'nli'q* t.b.

## Fonematikali'q wo'lshem

Fonematikali'q (yamasa fonemali'q) wo'lshemnin' qollani'li'wi' fonema teoriyasi'ni'n' u'yreniliwi menen baylani'sli'. Bul teoriya fonetika ilimine birinshi ret akademik L.V.Sherba ta'repinen qosi'li'p, fonemani'n' so'z ishinde ma'ni ayi'ri'wshi'li'q belgige iye yekenligi ani'qlanadi'.

---

[42] Sonda,-B.314 -315

Fonema teoriyasi’na tiykarlang’an fonemali’q wo’lshem tuwrali’ yen’ da’slepki tu’sinik wori’s tilinin’ imlasi’nda 20-ji’llardi’n’ aqi’ri’ 30-ji’llardi’n’ basi’nda R.İ.Avanesov ha’m V.N.Sidorov ta’repinen berilgen yedi. Bul wo’lshemnin’ fonematikali’q si’pattag’i’ teoriyasi’ wori’s imlasi’n izertlewshiler İ.S.İlinskaya ha’m V.N.Sidorovti’n’ «Sovremennoe wori’sskoe pravopisanie» degen maqalasi’nda ken’ bayan yetiledi. Sonday-aq, fonematikali’q wo’lshemi S.M.Kuzmina[43] ha’m V.P.İvanovani’n’ miynetlerinde so’z yetiledi.

Ha’zirgi tu’rkiy tillerinde fonematikali’q wo’lshem tuwrali’ K.M.Musaevti’n’ «Voprosi’ razrabotki dalneyshego sovershenstvovaniya orfografii tyurkskix literaturni’x yazi’kov Soveckogo Soyuza» degen ko’lemli maqalasi’nda ken’ tu’sinik beriledi [7. 16-27 bb]. Fonematikali’q wo’lshem ha’zirgi tu’rkiy tillerinde chuvash, qarachay-balkar, bashqurt, wo’zbek tillerinin’ imlasi’nda qollani’ladi’.

Fonematikali’q wo’lshem qaraqalpaq imlasi’nda ha’zirshe belgisiz. Fonematikali’q wo’lshem tiykari’nda jazi’latug’i’n so’zler tradiciyali’q u’yreniw boyi’nsha morfologiyali’q wo’lshemge tiykarlani’p u’yrenilip kiyati’r.

Fonema-so’ylew seslerindegi so’z ma’nilerin aji’rati’wshi’ tildin’ yen’ kishi birligi. Wol so’z ishinde ma’ni aji’rati’wshi’ til birligi bolg’anli’qtan ha’ripler arqali’ tan’balanadi’. A’lipbedegi ha’rbir ha’rip fonema xi’zmetin atqaradi’. Ma’selen, u’sh fonemadan quralg’an tas (atli’q) –tes (feyil), to’s (atli’q), tus (atli’q) – tu’s (feyil) so’zlerindegi a, e, o, o’, u, u’ fonemalari’ juwan ha’m jin’ishke dawi’sli’ ha’riplerdi bildiredi ha’m sol juwan-jin’ishkelik belgisine qaray singarmofonematikali’q wo’lshemke tiykarlani’p jazi’ladi’.

Sonday-aq, *bala, dala, qala, shala, jala, tala* so’zlerinin’ ha’mmesi de to’rt ha’ripten quralg’an ma’nili so’z. Wolardag’i’ ma’ni aji’rati’wshi’ fonemali’q xi’zmetti so’zdin’ basi’nda kelgen b, d, q, sh, j, t dawi’sli’ ha’ripleri atqari’p kelgen. Yeger so’z basi’ndag’i’ fonemali’q xi’zmettegi dawi’ssi’z ha’riplerdi ali’p taslap aytqani’mi’zda bul so’zler ma’ni aji’rati’wshi’li’q belgige

[43]Кузьмина С.М. Теория русской орфографии. М., «Наука», 1981, с.246-254

iye bola almay, wolardi'n' ha'mmesi tek bir so'zge (ala so'zine) ha'm bir ma'nige barabar boladi' da qaladi'.

Fonematikali'q wo'lshemnin' talabi' boyi'nsha imla qag'i'ydalari' so'z ha'm morfemalardag'i' seslerdin' ayti'li'wi'na qaray yemes, fonemalarg'a tiykarlani'p jazi'ladi'. Yag'ni'y so'z ha'm morfemalardi'n' fonemali'q qurami'ni'n' saqlani'p jazi'li'wi'n talap yetedi. Ma'selen, arab, Xalqabad so'zlerinin' aqi'ri'ndag'i' b, d u'nli dawi'ssi'zlar awi'zeki so'ylewde u'nsiz p, t *(arap, Xalqabat)* tu'rinde ayti'lsa da imlada qabi'l yetilgen b, d fonemasi' menen jazi'ladi'. Demek, fonematikali'q wo'lshem boyi'nsha seslerdin' ayti'li'w wo'zgesheligi jazi'wda yesapqa ali'nbaydi'.

**Semantikali'q wo'lshem**

Birikken qospa so'zlerdin' imlasi' semantikali'q wo'lshemge tiykarlanadi'. Bul wo'lshemge to'mendegi qospa so'zler tiykarlani'p jazi'ladi'.

1. Qospa so'zlerdin' bir si'n'ari' wo'z aldi'na ma'ni an'latpaytug'i'n bolsa, yamasa semantikali'q jaqtan bir so'zge barabar pu'tkilley birigip ketken bolsa qosi'li'p jazi'ladi': *qarabaraq, palawqabaq, ayg'abag'ar, iytsiygek, aqtiken, aqso'kit, suwshigin, jerto'le, malqora, aybalta, ko'za'ynek, qoljazba, baspaso'z ha'm t.b.*

2. Haywanlardi'n', ja'nliklerdin' qospa atlari' qosi'li'p jazi'ladi': *jolbari's, da'wseben, tasbaqa, alabug'a (bali'q), iytbali'q, aqqutan, palha'rre, sari'shayan, qaraqulaq ha'm t.b;*

3. Barli'q antroponimler qosi'li'p jazi'ladi': *Atamurat, Bekniyaz, Allambergen, Da'wletbay, Seytkamal, Bekbergen ha'm t.b.*

4. Ma'nilik jaqtan bir so'zge barabar toponimler qosi'li'p jazi'ladi': *Qon'i'rat, Alti'nko'l, Qarao'zek, Taxtako'pir, Besto'be, U'shsay, Qattag'ar, Aqda'rya, Qi'zi'lqum, Qaraqum, Aralboyi', Arqakavkaz, Ku'yikqala, Ellikqala ha'm t.b.*

Sonday-aq bas ha'ripten baslani'p jazi'latug'i'n u'lken tariyxi'y sa'nelerdin', bayramlardi'n', joqari' ma'mleketlik sho'lkemlerdin',

lawazi'mlardi'n', si'yli'qlardi'n' atlari'ni'n' jazi'li'wi' semantikali'q wo'lshemge tiykarlanadi': *Jan'a ji'l, Nawri'z bayrami', Ga'rezsizlik ku'ni, Qurban hayt, Qaraqalpaqstan Respublikasi', O'zbekistan Respublikasi', O'zbekistan Qaharmani', Alti'n medal, Xali'q mug'allimi ha'm t.b.*

## Differencialli'q wo'lshemi

Differencialli'q wo'lshemge formasi' bir, ma'nisi ha'rtu'rli so'zler (omonimler) tiykarlanadi'. Bul wo'lshem simvolikali'q wo'lshem dep te ataladi'. Differencialli'q wo'lsheminin' mazmuni' ma'nilik wo'zgesheligi menen aji'rali'p turadi'. Sonli'qtan bul wo'lshem semantikali'q wo'lshemke ju'da' jaqi'n keledi.

Differencialli'q wo'lshemi tiykari'nda jazi'latug'i'n so'zler A.Da'wletovti'n' miynetinde «formasi' bir qi'yli' bolg'an geypara omonim so'zler jazi'wda qosi'msha sha'rtli belgi menen belgileniwi mu'mkin». Ma'selen, *alma' (atli'q) – a'lma (feyil), atlas (material) – a'tlas (geografiyali'q atlas)* ha'm t.b. Bul so'zler so'ylewde dawi'sli'lardi'n' pa'tli ya pa'tsiz ayti'li'wi' menen pari'qlansa, jazi'wda dawi'sli'ni'n' u'stine pa't belgisin qoyi'w arqali' ayi'ri'ladi'»[44] dep ko'rsetedi.

Haqi'yqati'nda, pa't so'z ma'nilerin aji'rati'w ushi'n qollani'ladi'. Biraq, tu'rkiy tillerinde, soni'n' biri qaraqalpaq tilinde pa't belgisin imlada qoyi'p jazi'w qollani'lmaydi'. Jazi'wda wolardi'n' ma'nisi kontekst arqali' pari'qlanadi'. Sonli'qtan differencialli'q wo'lshemin, wo'z aldi'na qollani'w wonsha a'hmiyetli yemes. Woni' semantikali'q wo'lshemge birlestirgen maqul boladi'.

## Tu'sinik wo'lshemi

Bul wo'lshem K.M.Musaevti'n' izertewinde qollani'lg'an.[45] Bul miynette tu'sinik wo'lsheminin' talabi' boyi'nsha yeki yamasa birneshe so'zler bir tu'sinikke iye boli'p kelse, qosi'li'p jazi'ladi' dep beriledi: ku'nshi'g'i's, ku'nbati's, ayg'abag'ar, betoramal, baspaso'z, shiykizat, alabug'a (bali'q), wonbir, woneki ha'm t.b.

[44] Sonda, -B.384
[45] Sonda, -B.38

Tu’sinik wo’lshemi tu’rkiy tillerinde yele toli’q ani’qlanbag’an. Joqari’dag’i’ tu’sinik wo’lshemine berilgen so’zlerden belgili, bul wo’lshem tiykari’nda jazi’latug’i’n so’zlerdin’ imlasi’ semantikali’q wo’lshemge ku’ta’ jaqi’n, ha’tte birdey. Sonli’qtan bizin’ pikirimizshe, tu’sinik wo’lshemin wo’z aldi’na bo’lip almay, semantikali’q wo’lshemge birlesitirgen maqul. Sebebi bulardi’n’ yekewinde de yeki yamasa birneshe so’zler qosi’li’p jazi’li’w arqali’ semantikali’q jaqtan bir tu’sinik bildiriledi.

Demek, joqari’da so’z yetilgenlerden belgili, imla qag’i’ydalari’ ko’p aspektli wo’lshemge tiykarlani’p du’ziledi. Biraq ha’rbir konkret tu’rkiy tillerinin’ imla qag’i’ydalari’n islewde joqari’da atap wo’tilgen imla wo’lshemlerinin’ ha’mmesin toli’q qollani’w kerek pe yamasa wolardi’n’ tiykarg’i’lari’n basshi’li’qqa alami’z ba? Usi’ jaqlari’n til faktleri tiykari’nda ani’qlap ali’wi’mi’z kerek.

## Qaraqalpaq imlasi’ni’n’ basli’ wo’lshemin ani’qlaw haqqi’nda

Jazi’wi’ yerte rawajlang’an tillerdin’ tariyxi’na na’zer awdarsaq, wolardi’n’ imla wo’lshemlerinin’ belgili bir etaplardi’ basi’p wo’tkenin ko’remiz. Ma’selen, wori’s tili imlasi’ni’n’ 200 ji’ldan aslam tariyxi’nda jay, a’piwayi’ wo’lshemnen baslap, ilimge tiykarlang’an fonetikali’q wo’lshem, tariyxi’y-tradiciyali’q (yamasa etimologiyali’q), morfologiyali’q (fonetika-morfologiyali’q), fonetikali’q (morfologiyali’q wo’lshemnin’ birlesiwi menen) wo’lshemlerdin’ qollani’lg’ani’ ma’lim.

Ha’zirgi wori’s izertlewshileri ta’repinen wori’s tili imlasi’ni’n’ wo’lshemleri ha’r tu’rli boli’p klassifikaciyalanadi’.

A.A.Reformackiy wori’s tili imla wo’lshemleri alti’ tu’rin ko’rsetedi. Bul alti’ tu’rli wo’lshemdi wo’z ara jaqi’nli’g’i’na qaray **fonematikali’q ha’m fonetikali’q, etimologiyali’q ha’m tariyxi’y-tradiciyali’q, morfologiyali’q ha’m simvolikali’q** dep yekew-yekewden juplasti’ri’p bo’ledi[46]. Sonday-aq basqa da izertlewshiler imla wo’lshemlerin **fonematikali’q, fonetikali’q,**

---

[46]Реформатский А.А. Введение в языкознание. М., 1964, с.376.

**tradiciyali'q ha'm differensialli'q** tu'rinde to'rtke bo'ledi.[47] Tag'i' da bir ali'mlar u'sh tu'rge **(fonetikali'q, fonemali'q ha'm tradiciyali'q)**[48] bo'lip ko'rsetedi.

S.M.Kuzmina wori's tili imlasi'ni'n' teoriyali'q ma'selelerine arnalg'an miynetinde etimologiyali'q, tariyxi'y-tradiciyali'q, morfologiyali'q (woni'n' jiyi atali'p ju'rgen differencialli'q tu'rinde) ha'm simvolikali'q wo'lshemlerinin' arasi'nda aytarli'qtay ayi'rmashi'li'q joq dep ko'rsetedi.[49] Usi'nday pikir K.M.Musaevti'n' izertlewinde de so'z yetiledi. Wol tu'rkiy tillerinde imla wo'lshemlerinin' alti' tu'rin ataydi' ha'm wolardi'n' ayi'ri'mlari'n birlestiriw mu'mkinshiliginin' bar yekenligin ko'rsetedi. Ha'zirgi qollani'li'p ju'rgen fonetika-morfologiyali'q wo'lshem yeki wo'lshemnin' (fonetikali'q ha'm morfologiyali'q) birlesiwi yekenin, woni'n' morfologiyali'q tu'rinin' fonemali'q (yamasa fonetikali'q) wo'lshem bazasi'nda du'ziletug'i'nli'g'i'n da'lilleydi. [50]

Ha'zirge deyin qaraqalpaq imlasi' ushi'n neshe wo'lshem qollani'latug'i'ni' ha'm tu'rleri ani'q yemes. Ha'tte, bul jag'day ha'zirgi tu'rkiy tillerinde de yele toli'q ani'qlang'an joq. Qaraqalpaq tili imlasi'ni'n' 1938-ji'lg'i' qabi'l yetilgen imla qag'i'ydalari'na deyin fonetikali'q ha'm fonetika-morfologiyali'q wo'lshemler (fonetikali'q wo'zgesheligin basi'm yetip ali'w menen) qollani'ladi'.[51] Al, 1938-ji'lg'i' qabi'l yetilgen imla qag'i'ydalari'nan baslap ha'zirge deyin morfologiya-fonetikali'q wo'lshem (morfologiyali'q jag'i'n basi'm yetip ali'w menen) qollani'li'p kiyati'r. [52]

Geypara son'g'i' joqari' woqi'w wori'nlari'na arnalg'an sabaqli'qta imla qag'i'ydalari'ni'n' fonetikali'q, morfologiyali'q (etimologiyali'q), tariyxi'y-tradiciyali'q ha'm differensialli'q wo'lshemlerge tiykarlang'anli'g'i'

---

[47] Sonda,-B. 249
[48] Современный русский язык. (Под ред. В.А.Белошанкова). М., «Высшая школа», 1981, с.122.
[49] Sonda, -B. 253
[50] Sonda, -B.20-21
[51] Sonda, -B. 32
[52] Sonda, -B. 35

ko'rsetiledi. Bul sabaqli'q avtori' ta'repinen imla ushi'n morfologiyali'q, a'sirese fonetikali'q wo'lshem basli' wo'lshem dep yesaplanadi'.[53]

Joqari'da sholi'w jasalg'an pikirlerdi yesapqa alg'anda, qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'ni'n' isleniwi ushi'n woni'n' wo'lshemlerinin' sani'n wonsha ko'beyte bermey, wolardi' wo'z ara jaqi'nli'g'i'na qaray birlestirip, 3 yamasa 4 wo'lshemnen artti'rmaw maqsetke muwapi'q keledi. Ma'selen, joqari'da so'z yetilgen fonetika-morfologiyali'q, morfologiya-fonetikali'q ha'm morfologiyali'q wo'lshemlerge tiykarlanatug'i'n so'zlerdin' jazi'li'wi' birin-biri qaytalaydi'. Sonli'qtan ha'zirgi imlani' u'yreniwde atalg'an wo'lshemler birlestirilip fonematikali'q wo'lshem termini menen berilgeni jo'n. Bul jag'day imla wo'lshemlerinin' til faktleri tiykari'nda ani'qlani'p, jetiskenliklerinen derek beredi.

Ha'zirgi lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'ndag'i' «a» ha'ribi til arti', juwan, ashi'q dawi'sli' boli'p, wol a sesin (fonemasi'n) tan'balaydi'. Bul ha'rip so'zlerdin' barli'q yesitilgen wori'nlari'nda jazi'la beredi dep qag'i'yda beriliwi da'stu'rli izertlew boyi'nsha fonetikali'q wo'lshemge tiykarlang'an. Mi'sali': *ata, ana, bala, dala* t.b. so'zlerdegi ha'ripler seslik ayti'li'wi'na sa'ykes keledi. Biraq, bul si'yaqli' jazi'li'w ha'zirgi imlani' u'yreniwde fonetikali'q wo'lshemge yemes, fonematikali'q wo'lshemge tiykarlanadi' dep qaraladi'. Demek, imlada fonematikali'q wo'lshemnin' qollani'li'wi' fonetikali'q wo'lshemdi biraz shekleydi. Bul jag'dayda fonetikali'q wo'zgeriske ushi'rap qa'liplesken so'zlerdi fonetikali'q wo'lshem tiykari'nda jazi'ladi' dep yesaplaw mu'mkin. Mi'sali': *bu'gin, bi'yi'l, shegara, qolg'ap, belbew, samawri'n, boli's, shirkew, teletin, shaynek* t.b.

Sonday-aq, morfologiyali'q wo'lshem tiykari'nda jazi'ladi' dep da'stu'rli u'yrenilip kiyati'rg'an *jong'i', jonqa, tungi, azang'i', basshi', isenbedi, Turg'anbay,* t.b. si'yaqli' so'zler de son'g'i' imlani' u'yreniwlerde boyi'nsha fonematikali'q wo'lshem tiykari'ndag'i' jazi'wg'a wo'tkeriledi. Bul so'zlerde

---

[53] Sonda, -B. 383-384

*jon'qa, bashshi', isembedi, Turg'ambay* tu'rinde fonetikali'q wo'zgeriske ushi'rap ayti'lg'an menen, jazi'wda so'z ha'm morfemalardi'n' fonemali'q (ha'riplik) qurami'n saqlap jazi'w qabi'l yetilgen. Bul jag'day morfologiyali'q wo'lshemnin' imla ushi'n kereksiz boli'p, woni'n' worni'n fonematikali'q wo'lshemnin' basqani'nan da'rek beredi.

Usi' jag'daylardi' yesapqa alg'anda qaraqalpaq orfografiyasi' ushi'n buri'n qollani'li'p kelgen fonetika-morfologiyali'q ha'm morfologiya-fonetikali'q, morfologiyali'q wo'lshemlerdi birlestirip fonematikali'q wo'lshem dep qollani'wg'a tuwra keledi. Sonda qaraqalpaq imlasi' ushi'n fonematikali'q, fonetikali'q ha'm semantikali'q wo'lshemler tiykarg'i' wo'lshem retinde qollani'li'wi' tiyis.

Yendi qaraqalpaq imlasi'ni'n' bas wo'lshemi qaysi' wo'lshem bolatug'i'ni'n ani'qlap ali'wi'mi'z kerek.

Wori's til biliminde *fonologiya* iliminin' payda boli'wi' til iliminde imla wo'lshemlerdin' teoriyali'q jaqtan rawajlani'wi'na tiykar saldi'. Ha'zirgi wori's jazi'wi'ni'n' teoriyasi' fonologiya ilimine shekemgi ha'm fonologiyali'q dep yeki etapqa bo'linip u'yreniledi. Fonologiya iliminin' payda boli'wi' menen fonetika ilimine fonema teoriyasi' qosi'ldi'. Bul teoriya wori's tilinin' imlasi'nda fonemali'q (yamasa fonematikali'q) wo'lshemdi rawajlandi'rdi'.

Fonema teoriyasi'na tiykarlang'an fonemali'q wo'lshem tuwrali' yen' da'slepki tu'sinik wori's tili imlasi'nda 20-ji'llardi'n' aqi'rg'i' 30-ji'llardi'n' basi'nda R.İ.Avanesov ha'm V.N.Sidorov ta'repinen berildi. Bul fonematikali'q si'pattag'i' teoriyasi' wori's tilinin' imlasi'n izertlewshiler İ.S.İlinskaya ha'm V.N.Sidorovti'n' «Sovremennoe russkoe pravopisanie» degen maqalasi'nda ken' bayan yetiledi[54]. Sonday-aq, fonematikali'q teoriyasi' S.M. Kuzminani'n'[55] ha'm V.F.İvanovani'n'[56] miynetlerinde so'z yetiledi.

[54] Иванова В.Ф. Современная русская орфография. М., «Высшая школа»,1991, с.150.
[55] Sonda, -B. 246-254
[56] Sonda, -B. 145-154

Tu’rkiy tillerinde fonematikali’q wo’lshem ideyasi’ yen’ da’slep qazaq ali’mi’ Axmet Baytursi’n uli’ni’n’ miynetinen wori’n aladi’. Axmet Baytursi’n uli’ni’n’ izertlewinde bul singarmofonetikali’q wo’lshem dep ataladi’[57].

Ha’zirgi tu’rkiy tillerinde fonematikali’q tuwrali’ K.M.Musaevti’n’ «Voprosi’ razrabotki dalneyshego sovershenstvovaniya orfografii tyurkskix literaturni’x yazi’kov Soveckogo Soyuza» degen ko’lemli maqalasi’nda ken’ tu’sinik beriledi.[58] Fonematikali’q wo’lshem ha’zirgi tu’rkiy tillerinde chuvash [59], qarachay-balkar [60], bashqurt[61], wo’zbek[62] tillerinin’ ha’m Qi’rg’i’zstandag’i’ dungan[63] tilinin’ imlasi’nda qollani’ladi’.

Belgili wori’s ali’mi’ Aleksandr Aleksandrovich Reformackiy wo`zinin` «Til bilimine kirispe»[64] atli’ kitabi’nda – «Yeger a’lipbe ha`riplerdin` sani’ tildin` fonemalari’ni’n` sani’na ten` boladi’» degen wo’lshem menen du`zilgende, wonda imla tuwrali’ sorawdi’n` yari’mi’ juwapsi’z qalg`an bolar yedi, dep ko`rsetedi. Biraq ideal tu`rde du`zilgen a’lipbenin’ bolmawi’ ha`m wolar tariyxi’y jaqtan ha`r qi’yli’ tendenciyalardi’ sa`wlelendiriwi sebepli, a’ipbenin’ qollani’li’wi’ imla qag`i’ydalari’ boyi’nsha jazi’li’wdi’ talap yetedi. Ha`riplerdin` tildi bildiriwde qollani’li’w qag`i’ydalari’nan basqa jazi’wdi’n` so`zlerdi qosi’p ha`m ayi’ri’p jazi’w ha`m so`zlerdi wo`tkermelew si’yaqli’ qag`i’ydalari’ da bar.

Orfografiya – grektin` orthos – «duri’s» ha`m grapho –«jazaman» degendi bildirip, grekshe ortliographia so`zine wori’sti’n` kal`ka, jazi’w so`zi tuwri’ keledi. Bunday jazi’li’wdi’n` normasi’ ha`r qi’yli’ wo’lshemler menen retlestiriledi. A’lipbedegi ha`riplerdin` qollani’li’wi’ menen baylani’sli’ bolg`an imla ushi’n juplasqan alti’ wo’lshemdi belgilewge boladi’.

---

[57] Джусупов М. Фонология А.Байтурсынова и фонология сингармонизма. Ташкент. «Узбекистан». 1995. с.27.
[58] Sonda, -B. 16-27
[59] Sonda, -B. 96
[60] Грамматика карачаево-балкарского языка. Нальчик. «Эльбрус». 1976. с.96.
[61] Грамматика современного башкирского литературного языка. М., «Наука». 1981.с.74.
[62] Асқарова М., Қосимова К., Жамолхонова Н. Ўзбек тили. Тошкент. «Ўқитувчи». 1989. 56-бет.
[63] Джумаза М.И. Теоретические основы дунганской орфографии. АКД. Бишкек. 1996. с.22-23.
[64] Реформатский А.А. Введение в язы кознание. М., 1964, с.376.

Birinshi wo'lshem – fonemali'q, yekinshisi – fonetikali'q. Jazi'wdi'n` fonematikali'q wo'lshemi ha`r bir fonema turg`an pozisiyasi'na qaramastan sol ha`rip penen beriledi dep keltirilgen: mi'sali', *dubai, dub* so`zleri ha`r qi'yli' boli'p ayti'lg`ani' menen birgelki boli'p jazi'ladi': *duba – [b]* formasi'nda, yag`ni'y, u`nli dawi'ssi'z, al *dub* formasi'nda so`zdin` aqi'ri'nda bul u`nsiz dawi'ssi'z boli'p keledi. Al, kerisinshe, fonetikali'q wo'lshemde bolsa, ayti'li'p ati'rg`an sesler ha`ripler menen beriledi: solay yetip, fonematikali'q ha`m fonetikali'q jazi'li'wlar ku`shli poziciyalarda uqsas, al a'zzi poziciyalarda uqsamaydi'. Wori's tilindegi *som* (i'laqa) ha`m *sama* (wo`zim) so`zleri fonematikali'q ha`m fonetikali'q jaqtan birdey boli'p jazi'lg`ani' menen *soma poymala sama* (i'laqani' wo`zim usladi'm) degen jag`dayda wori's tilinde fonematikali'q jazi'li'w boli'p yesaplanadi', wo`ytkeni ku`shli poziciyalarda [o] ha`m [a] ha`ripleri aji'rali'p turg`anli'g`i'n an`latadi', al fonetikali'q jaqtan bul ayti'lg`an so`zler kelesi tu`rde bolar yedi: *sama poymala sama*–«bali'q» ha`m «bali'qshi' hayal» qay jerde yekenligin ayi'ri'w qi'yi'n.

Orfografiyani'n` u`shinshi ha`m to`rtinshi– **etimologiyali'q ha`m tariyxi'y-tradiciyali'q wo'lshemleri** – jazi'wda ha`zirgi boli'p turg`an jag`daydi' su`wretlemey, al wo`tken da`wirdi, yag`ni'y etimologiyali'q wo'lshem haqi'yqati'nda da tildin` wo`tkendegi jag`dayi'na tiykarlang`an; **e** ha`ribi bar so`zler usi'lay jazi'lg`an: *pchel* (ha`rrelerdin`), *jen* (hayallardi'n`), *poshel* (ket), *pshenniy* (so`kli), *ljesh`* (wo`tirik aytasan`), sebebi bul jag`daylarda wori's tilinde buri'ng`i' waqi'tlari' [e] fonemasi' bolg`an, al biraq ha`zirgi wori's tili ushi'n bunda [o], yag`ni'y «o jumsaq dawi'ssi'z yamasa qi'si'n`qi'dan son`» qollani'ladi'.

1917 ji'lg`i' reformag`a shekem wori's imlasi'nda bunday tradiciyali'q jazi'wlar ko`plep ushi'rasatug`i'n yedi.

Besinshi ha`m alti'nshi' wo'lshemlerdi bir-birine sali'sti'ri'wg`a boladi': bul **morfologiyali'q ha`m simvolikali'q wo'lshemler.** Yekewinin` uluwmali'g`i' sonda, wolar tildi fonetika arqali' bermewge ti'ri'sadi', bunda

morfologiyali'q jazi'li'wlar grammatikani' (morfologiyani') sa`wlelendiredi fonetikani' shetlep wo`tedi, ha`tteki, woni'n` menen qarama-qarsi'li'qqa kirisedi, al simvolikali'q jazi'li'wlar fonetikali'q jaqtan pari'qlanbaytug`i'n leksikali'q omonimlerdi ayi'ri'wg`a ti'ri'sadi'.

Reformag`a shekemgi wori's imlasi'nda simvolikali'q jazi'li'wlardi'n` ayqi'n mi'sali' si'pati'nda yeki omonimnin` ayi'rmashi'li'g`i'n keltiriwge boladi': mir` (uri's antonimi') ha`m mir` (ja`ha`n sinonimi').

Ha`zirgi wori's imlasi'nda *podjeg* jag`i'w (**e** ha`ripli feyil) ha`m *podjog* wo`rtep jiberiw (**o** ha`ripli atli'q) jazi'li'wlari' morfologiyali'q ha`m simvolikali'q wo'lshemlerdin` baylani'sqanli'g`i'n ko`rsetedi, wo`ytkeni wolar ha`m grammatikali'q ha`m leksikali'q wo`zgesheliklerge iye. Simvolikali'qqa kelesi jazi'li'wlar da jaqi'n keledi: *kompaniya* (bir topar adamlar) ha`m *kampaniya* (mapaz), *estokada* (rapira yamasa shpaga menen uri'w) ha`m *estakada* (jer u`sti quri'lmasi'), bul jag`daydag`i' jazi'li'wlardag`i' wo`zgeshelikler basqa tillerdin` etimologiyasi'na tiykarlang`an. Simvolikali'q jazi'li'wlarg`a adamlardi'n` atlari'nda bas ha`riplerdin` qollani'li'wi'n kirgiziwge boladi': (french (kurtka) ha`m general French, moroz (suwi'q) ha`m Ded Moroz (Ayaz ata). Bul mi'sallarda simvolikali'q wo'lshem ideografili'q ko`rinisler menen baylani'sqan.

Ha`r bir tildin' imlasi'nda ha`r qi'yli' wo'lshemlerdin` bir-biri menen baylani'sqanli'g`i'n baqlawg`a boladi', biraq ha`r bir imla sistemani' jetekshi wo'lshemleri ani'qlap beredi. Solay yetip, wori's imla sistemasi' ushi'n fonematikali'q wo'lshem jetekshi boli'p yesaplanadi' ha`m bunnan tiykarg`i' imla qag`i'ydalari' kelip shi'g`adi', al bati's evropa tillerinin' imlalari'nda etimologiyali'q ha`m tariyxi'y-tradiciyali'q wo'lshemler jetekshi sanaladi' (mi'sali', inglis ha`m frantsuz tillerinin' imlalasi' ushi'n). Wori's tilinin' imlasi' haqqi'nda M.V. Panovti'n' miynetin ko'rsetiwge boladi'.[65]

[65] Panov M.V. I vse-taki ona xoroshaya! M. 1964

Joqar’idag’i’ si’yaqli’ tajriybelerge su’yenip, bunnan sonday juwmaq shi’g’ari’w mu’mkin. Tu’rkiy tillerinde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde da’stu’rli u’yrenilip kelgen “so’zlerdegi ha’ripler qalay yesitilse, solay jazi’ladi’” dep fonetikali’q wo’lshemge berilip kelgen qag’i’yda imlani’ u’yreniwlerde ha’zirgi talaplari’na barli’q jag’dayda tuwri’ kele bermeydi. Yeger usi’ qag’i’ydag’a tiykarlani’p bas wo’lshemdi belgileytug’i’n bolsaq, wonda jazi’wda so’zlerdin’ 90-95% fonetikali’q wo’lshemdi quraydi’ dep yesaplaw mu’mkin. Ma’selen, bala, taraq sozlerindegi ha’ripler ayti’li’wi’na sa’ykes qaysi’ wo’lshemge tiyisli yekenligin belgilegenimizde 100% fonetikali’q wo’lshemdi quraydi’. Sonday-aq, jon-qa (jon’qa) so’zine tallaw jasap qarayi’q. Bul so’zdegi to’rt ha’rip ayti’li’w sesine sa’ykes “j” (j), “o” (o), “q” (q), “a” (a); bir ha’rip (n) sa’ykes yemes.Bul so’zdegi ha’riplerdin’ ayti’li’w sesine sa’ykes 80% in fonetikali’q wo’lshem dep yesaplaw duri’s yemes.Wol 100% fonemali’q jazi’wdi’ bildiredi. Sebebi bul so’zlerdin’ jazi’li’wi’na sesler yemes, fonemali’q xi’zmettegi ha’ripler qatnasadi’. Yeger so’zlerdin’ jazi’li’wi’n ha’rip yemes, ses belgileytug’i’n bolsa, wonda jonqa so’zi jon’qa boli’p jazi’li’wi’ tiyis. Bul jag’day imlada bas wo’lshem wazi’ypasi’n fonematikali’q jazi’wdi’n’ atqaratug’i’nli’g’i’nan derek beredi.

Juwmaqlast’ri’p aytqanda, jazi’w teoriyasi’ tikkeley imla wo’lshemleri menen ti’g’i’z baylani’sli’. Sonli’qtan imla wo’lshemleri arqali’ g’ana biz duri’s jazi’wdi’ jolg’a qoyi’wi’mi’zg’a boladi’.Qaraqalpaq tilinde jazi’w teoriyasi’ ushi’n jetekshi wo’lshem fonematikali’q wo’lshem yesaplanadi’.

# II bap. Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ basqi’shlari’

Ha’zirgi qaraqalpaq jazi’wi’ seslik-ha’riplik jazi’w boli’p sanaladi’. Ha’r bir ses wo’zinin’ sha’rtli belgisine- grafikali’q tan’basi’na (ha’ripke) iye boladi’.

A’lipbedegi ha’ripler belgili ta’rtip penen izbe-iz jaylasadi’. Jazi’wi’mi’zdi’n’ tariyxi’nda arab jazi’wi’nan buri’n woni’n’ wo’zine ta’n jazi’wi’ni’n’ bolmag’ani’ ma’lim. Sol sebepli jazi’wi’mi’zdi’n’ ha’zirgi tariyxi’nda arab, lati’n ha’m wori’s jazi’wi’ tiykari’nda du’zilgen a’lipbe qollani’li’p keldi.

Qaraqalpaq jazi’wi’ - wo’zinin’ qa’liplesiw bari’si’nda bir neshe ma’rtebe wo’zgerislerdi basi’nan keshirdi. Qaraqalpaq jazi’wi’ tariyxi’nda 4 etap ko’zge taslanadi’:1928 ji’lg’a shekem - arab a’lipbesine tiykarlang’an jazi’w; 1928 - 1940 ji’llar – da’slepki lati’n a’lipbesine tiykarlang’an jazi’w; 1940 - 1994 ji’llar—kirill a’lipbesine tiykarlang’an jazi’w; 1994 —ji’ldan baslap keyingi lati’n a’lipbesine tiykarlang’an jazi’w.

Jazi’wdi’n’ qi’sqa tariyxi’y dawirde to’rt ret wo’zgerip, u’sh tu’rli (arab, lati’n, kirill ) a’lipbeler tiykari’nda jan’adan qaraqalpaq a’lipbesinin’ islenip shig’i’li’p tazadan qabi’l yetiliwi tosi’nnan bolmadi’. Wol ushi’n u’lken tariyxi’y sebepler boldi’. Bul haqqi’nda jumi’sti’n’ sa’ykes bo’limlerinde ayti’ladi’.

## Arab grafkasi’na tiykarlang’an da’slepki qaraqalpaq a’lipbesi

Jazi’wda jumsalatug'i’n barli’q ha'riplerdin' qabi’l yetilgen belgili bir ta'rtip penen izbe-iz jaylasti’ri’li’wi’ a'lipbe dep ataladi’. Alipbe so'zi arab ha'riplerinin' ati’nan kelip shi’qqan: arabsha **a – alif, b – be** dep ataladi’. Alfavit so'zi grek ha'riplerinin' ati’nan kelip shi’qqan: grekshe **a – alfa, v – vita** dep

atalg'an. Wori’ssha azbuka so'zi de usi’nday jol menen qa'liplesken: yeski slavyansha **a – az, b – buki** dep atali’p, **azbuka** sozi kelip shi’qqan.[66]

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ا | ب | پ | ت | ج | چ | خ | د | ر | ز |
| س | ش | غ | ف | ق | ک | گ | ڴ | ل | م |
| ن | ھ | ہ | و | ۇ | ۋ | ى | ي | | |

Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ 1924-ji’lg’a shekemgi da’wiri ha’r tu’rli basi’li’mlarda ha’r qi’yli’ boli’p sa’wlelenedi. D. S. Nasi’rov 1972- ji’lg’i’ maqalasi’nda mi’nalardi’ keltirgen: «Qaraqalpaq xalqi’ revolyuciyag’a shekem milliy jazi’wi’na iye bolmag’an.[67] Bir ji’l wo’tkennen son’ ja’ne wol basqa bir maqalasi’nda “… Revolyuciyadan buri’n qaraqalpaq xalqi’ni’n’ a’lipbesi bolg’an ha’m wol arab a’lipbesine tiykarlang’an” dep ko’rsetedi. “Biraq bul a’lipbe ha’mme xali’q ushi’n wortaq bolmadi’, woni’ ko’binese mollalar, iyshanlar ha’m ha’meldarlar qollang’an”.[68] Bul pikirler basqa miynetlerde de tasti’yqlang’an. N.A. Baskakov “Qaraqalpaq a’debiy tili revolyuciyag’a shekem lokal variantta uluwma Worta aziyali’q a’debiy tiller tu’rinde belgili bolg’an, «tu’rkiy» dep atali’p, biraq wol wonsha ku’shli taralmag’an, sebebi qaraqalpaqlardi’n’ ishinde sawatli’lari’ 0,2 procentten aspag’an” dep jazadi’.[69] XIX a’sirlerde arab a’lipbesin qaraqalpaq ha’meldarlari’ qollang’anli’g’i’ tuwrali’ «Evraziya xali’qlari’ni’n’ tilleri ha’m jazi’li’wlari’»[70] degen kitapta da keltirilgen.

Soni’n’ menen bir qatarda joqari’da keltirilgen a’debiyatlar ha’m M.İ. İsaevti’n’ bir qatar xali’qlardi’n’ jazi’wlari’ni’n’ tariyxi’ boyi’nsha ali’p

[66] File:///C:Dokuments and settings/Qaraqalpaq jazi’wi’/htm

[67] *Д. С. Насыров* Об усовершенствовании и унификации алфавита каракалпакского языка // *Вопросы совершенствования алфавитов тюркских языков СССР.* — М.: «Наука», 1972. — С. 75-87.

[68] *Д. С. Насыров* Орфография каракалпакского языка // *Орфографии тюркских литературных языков СССР.* — М.: «Наука», 1973. — С. 117-130.

[69] *Н. А. Баскаков* Каракалпакский язык // *Языки народов СССР.* — М., 1966. — Т. I’’I’’. — С. 31.

[70] *К. М. Мусаев* Языки и письменности народов Евразии. — Алматы: «Гылым», 1993. — С. 72. — 242 с. — 100 экз. — ISBN 5-628-01418-4

barg’an izertlew miynetlerinde[71] qaraqalpaq milliy jazi’wi’ ilimiy jaqtan tiykarlani’p shi’g’i’li’p, 1924-ji’li’ pu’tkil ja’miyetshilikke tarqati’lg’an.

Qaraqalpaq xalqi’ da bir qatar tu’rkiy tilles xali’qlar menen birlikte 1928-ji’lg’a shekem arab grafikasi’na tiykarlang’an jazi’wdi’ qollandi’. Bul a’lipbe arab jazi’wi’na tiykarlang’an boli’p 28 ha’ripti quradi’[4]. 1924-ji’ldi’n’ noyabr ayi’nda «Yerkin qaraqalpaq» (أيركين قاپلاقاراق) dep atalg’an birinshi qaraqalpaq gazetasi’, al 1925-ji’li’ birinshi woqi’wli’qlar ha’m sabaqli’qlar basi’li’p shi’qti’. Qaraqalpaq tilinde arab a’lipbesi 1924-ji’li’ reformalasti’ri’lg’an jazi’wg’a wo’tti. Bul reformalasti’ri’lg’an arab a’lipbesinin’ tiykarg’i’ du’ziwshilerinin’ biri Seyfulg’abit Majitov boldi’. Bul 1924 - ji’lg’a deyin arab tilinde qalay qollani’lg’an bolsa, qaraqalpaq imlasi’ ushi’n da sol tu’rinde jazi’ldi’. Arab jazi’wi’ xali’qti’n’ sawat ashi’wi’ ushi’n qi’yi’n jazi’w boldi’. Wonda bir belgi menen (ha’rip) qollani’li’wi’na qaray birneshe sesti bildiretug’i’n yedi. Sonday-aq arab jazi’wi’nda bas ha’rip ha’m irkilis belgileri qollani’lmaytug’i’n yedi. Bul jag’daylar woqi’w-woqi’ti’w jumi’slari’nda ha’m baspaso’z islerinde qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’rdi’. Usi’ jag’daylar yesapqa ali’ni’p, 20-ji’llardan baslap, buri’ng’i’ awqam qurami’ndag’i’ tu’rkiy xali’qlardi’n’ tillerinde arab a’lipbesine reforma jasaldi’. Reformalasti’ri’lg’an jazi’wg’a birqansha wo’zgerisler kirgizildi. Biraq, bul reforma arab jazi’wi’ndag’i’ qi’yi’nshi’li’qlardi’ toli’q jo’nley almadi’.

Arab a'lipbesindegi ha'ripler to'rt tu'rli boli’p jazi’ladi’: jeke turg'anda, so'zdin' basi’nda, wortasi’nda, aqi’ri’nda turg'anda bo'lek tan'balar menen belgilenedi. Usi’ qi’yi’nshi’li’qlar sebepli woni’ xali’qti’n' tez wo’zlestiriwi mu'mkin bolmadi. Sonli’qtan arab jazi’wi’n basqa bir jazi’w menen almasti’ri’w za’ru’rligi tuwi’ldi’.

---

[71] *М. И. Исаев* Языковое строительство в СССР. — М.: «Наука», 1979. — С. 105-107. — 352 с. — 2650 экз.

## Lati’n grafikasi’ tiykari’ndag’i’ da’slepki qaraqalpaq a’lipbesi

1920-ji’llari’ buri’ng’i’ awqam ko’leminde tu’rkiy xali’qlardi’n’ tillerin lati’n jazi’wi’na wo’tkeriw mapazi’ baslandi’. 1922-ji’li’ 21-iyulde Pu’tkilawqamli’q jan’a tu’rk a’lipbesi Worayli’q Komiteti sho’lkemlestirildi. Pu’tkilawqamli’q jan’a a’lipbe Worayli’q Komitetinin’ basshi’li’g’i’nda tu’rk xali’qlari’ni’n’ unifikaciyalang’an jan’a a’lipbesi islendi. Tu’rkiy tilles xali’qlar 20-ji’llardan baslap usi’ jan’a a’lipbege wo’te basladi’. 1923-ji’li’a’zerbayjanlar, 1924-ji’li’qarashay-balkarlar, 1927-ji’li’ tatar, 1928-ji’li’ tu’rkmen, qi’rg’i’z, qazaqlar, wo’zbekler, qarqalpaqlar, 1929-ji’li’ xakas ha’m t.b. xali’qlar lati’n a’lipbesine wo’tti.

1926-ji’li’ 26-fevraldan 6-mart arali’g’i’nda Bakude Pu’tkilawqamli’q birinshi tu’rkologiyali’q siezd boldi’. Siezd arab a’lipbesinen lati’n a’lipbesine wo’tiw tuwrali’ qarar qabi’l yetti. 1927-ji’li’ Bakude Pu’tkilawqamli’q jan’a tu’rk Worayli’q Komitetinin’ birinshi plenumi’ boldi’. Plenum tu’rkiy xali’qlari’ ushi’n lati’n jazi’wi’ tiykari’ndag’i’ unifikaciyalang’an jan’a a’lipbeni qabi’l yetti. Usi’ plenumnan keyin 1928-ji’li’ Qaraqalpaqstanda jan’a a’lipbe komitetinin’ plenumi’ boli’p, wonda lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a a’lipbe qabi’l yetildi. Qaraqalpaq tilinin’ lati’nlasti’ri’lg’an jan’a a’lipbesi 1929 – 1930 – woqi’w ji’li’nan baslap ma’mleketlik jazi’w retinde yengizildi.

Wol 32 ha’ripten, yag’ni’y: **a, v, s, c, d, e, a’, f, g, h, x, i, ,j, k, l, m, n, u’, o, o’, p, q,** ση, **r, s, t, u, v, y, z, ş** ha’riplerinen quraldi’. Bul a’lipbede bas ha’ripler joq yedi.

1930-ji’li’ qaraqalpaq ziyali’lari’ni’n’ baslamasi’ menen «Mijnetkeş Qaraqalpaq» gazetasi’ redakciyasi’nda a’lipbe ha’m imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha pikir ali’si’wlar wo’tkerildi. Woni’n’ juwmag’i’nda alfavitten ***s*** ha’ribin ali’p taslap, woni’n’ worni’na ***ş*** ha’ribin jazi’w usi’ni’s yetildi. 1932 - ji’li’ sentyabr ayi’nda To’rtku’l qalasi’nda lati’n jazi’wi’na arnalg’an birinshi imla konferenciyasi’ shaqi’ri’li’p, qaraqalpaq tilinin’ a’lipbe ha’m imla

qag’i’ydalar ji’ynag’i’ qabi’l yetildi. 1932-ji’li’ qaraqalpaq tilinin’ imlasi’ du’zildi.[72] Yen’ tiykarg’i’ wo’zgeris, bul bas ha’riplerdin’ kirgiziliwi ha’m a’lipbede ha’riplerdin’ jaylasi’w ta’rtibinin’ wo’zgertiliwi boldi’. Yendi wol mi’na ko’riniste boldi’**: Aa, Bv, Vv, Gg, Dd, Ee, Cc, Zz, Ii, Jj, Kk, Ll, Mm, Nn, Oo, Pp, Rr, Ss, Tt, Uu, Ff, Xx, Şş, Hh, A’a’, Qq,** Ƣƣ, **Ņņ, O’o’, Yy .**

Qabi’l yetilgen jan’a imla qag’i’ydalari’ G.Alparov, K.Ubaydullaev ha’m Q.Ayi’mbetov ta’repinen du’zildi.[73] Qabi’l yetilgen imla qag’i’ydalari’ fonetika-morofologiyali’q wo’lshemge tiykarlani’p, woni’n’ fonetikali’q wo’zgesheligi basi’m yetip ali’ndi’.

İmla qag’i’ydalari’nda geypara dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z ha’riplerdin’ jazi’li’wi’nda to’mendegi wo’zgerisler boldi’:

1) yeziwlik, qi’si’q dawi’sli’ **i’, i** ha’ripleri so’zlerdin’ barli’q yesitilgen wori’nlari’nda jazi’ladi’: *bi’yi’l, bilim, qi’zi’l, qi’yi’n, ilim* t.b.;

2) yerinlik qi’si’q dawi’sli’ **u,u’** ha’ripleri ko’p buwi’nli’so’zlerdin’ yekinshi buwi’ni’na deyin saqlani’p jazi’ladi’: *uzun, uzunli’q, bu’gu’ngi, tu’lku’, tu’lku’nin’* t.b.;

3) yerinlik, ashi’q dawi’sli’ **o, o’** ha’ripleri so’zdin’ tek birinshi buwi’ni’nda jazi’ladi’: w*oti’n, wori’n, bo’dene, tu’ye, ko’remen* t.b.;

4) geypara qatar kelgen dawi’ssi’z sesler so’ylewde bir-birine almasi’p yesitilse de, jazi’wda so’zlerdin’ tu’biri saqlani’p jazi’ladi’. Mi’sali’: *senler (seller yemes), ko’nbegen (ko’mbegen yemes), basshi’ (bashshi’ yemes), jonqa (jon’qa yemes t.b.).*

Bul fonetika-morfologiyali’q wo’lshemge tiykarlani’p islengen imlada ilimge tiykarlang’an biraz jetiskenlikler boldi’. Biraq, sog’an qaramastan, imlada fonetikali’q wo’lshemnin’ basi’m boli’wi’ ha’m lati’nsha geypara ha’riplerdin’ jetispewi si’rttan kirgen so’zlerdin’ duri’s jazi’li’wi’n ta’miynley

[72] Мусаев К.М. Вопросы разработки и дальнейшего совершенствования орфографии тюркских литературных языков. Орфографии тюркских литературных языков СССР. М., «Наука», 1973. с.10.
[73] Алпаров Г., Убайдуллаев К., Айымбетов Қ. Қарақалпақ тилиниң жаңа имлас?. Төрткүл. 1933.

almadi'. Usi'nday jag'daylarg'a bola, a'lipbe menen imlani' qayta islew ma'selesi ko'terildi.

1935-ji'li' To'rtku'lde yekinshi konferenciya wo'tkerilip, bunda a'lipbenin' qurami'nan **a', o', u', i'** ha'riplerin ali'p taslaw ha'm ashi'q buwi'nli' birinshi buwi'ni'nda **i'** ha'ribin jazbay tu'sirip qaldi'ri'w, yerinlik qi'si'q dawi'sli' ha'riplerdi **(u, u')** so'zdin' tek birinshi buwi'nda *(quli'n, uzi'n, tu'lki, u'ki t.b.)* jazi'w usag'an wo'zgerisler kirgiziw ma'selelri qarali'p, talas-tarti'sli' pikirler boli'p bir sheshimge kelinbedi.

Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an u'shinshi orfografiyali'q konferenciya 1938 - ji'li' To'rtku'lde boldi'. Bul konferenciyada N.Da'wqaraev, Q. Ayi'mbetov ha'm K.Ubaydullaev ta'repinen du'zilgen qaraqalpaq tilinin' a'lipbe ha'm imla qag'i'ydalari'ni'n' jan'a varianti' talqi'lani'p, wol Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' ta'repinen qabi'l yetildi. A'lipbede ha'riplerdin' jaylasi'w ta'rtibi to'mendegishe boldi': **Aa, Bv, Vv, Gg, Dd, Ee, Cc, Zz, Ii, Kk, Ll, Mm, Nn, Oo ,Pp, Rr, Ss, Tt, Uu, Ff, Xx, Şş, Ņņ, A'a', O'o', Hh, Qq,** Ƣƣ**, Yy, Ŭŭ, Jj, .**

A'lipbede qollani'lg'an imla morfologiya-fonetikali'q wo'lshemge tiykarlani'p, woni'n' morfologiyali'q jag'i' basi'm yetip ali'ndi'. Bul imla qag'i'ydalari'ni'n' wo'zgerisleri 1932-ji'lg'i' imla qag'i'ydalari'na qarama-qarsi' boli'p, yerinlik dawi'sli' **o, o', u, u'** ha'ripleri so'zdin' birinshi buwi'ni'nda jazi'latug'i'ni' ko'rsetilgen yedi: mi'sali': *woti'n, quli'n, quli'p, tu'lki t.b.*, al yeziwlik qi'si'q dawi'sli' **i', i** ha'ripleri ashi'q buwi'nli' so'zlerdin' birinshi buwi'ni'nda jazi'lmay berildi: *qzi'l, qsi'm, blim, tlek, ktap t.b.*, biraq bul jazi'w u'lken kemshiliklerge jol qoydi'. So'zlerdin' tu'biri saqlanbay, buzi'li'p jazi'ldi'. Bul jag'day woqi'w-woqi'ti'w jumi'slari'nda so'zlerdin' tu'biri menen qosi'mtalari'n mektep woqi'wshi'lari' aji'rata almaytug'i'n da'rejege ali'p keldi.

Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbenin' du'ziliw ta'rtibi 1-kestede keltirilgen.

Qaraqalpaq til a’lipbesinin’ kestesi

| Lati'n grafikasi' | | | Rus grafikasi' | | Lati'n grafikasi' | | | Rus grafikasi' | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1928 | 1932 | 1938 | 1940 | 1957 | 1928 | 1932 | 1938 | 1940 | 1957 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| Aa | Aa | Aa | Aa | Aa | Pp | Xx | Şş | Пп | Пп |
| Bb | Bb | Bb | - | Әә | Qq | Şş | Ņņ | Рр | Рр |
| Cc | Vv | Vv | Бб | Бб | Ƣƣ | Hh | Əə | Сс | Сс |
| Çç | Gg | Gg | Вв | Вв | Rr | Əə | Өө | Тт | Тт |
| Dd | Dd | Dd | Гг | Гг | Ss | Qq | Hh | Уу | Уу |
| Əə | Ee | Ee | Дд | Ғғ | Tt | Ƣƣ | Qq | - | Үү |
| Ee | Çç | Çç | - | Дд | Uu | Ņņ | Ƣƣ | - | Ўў |
| Ff | Zz | Zz | Ee | Ee | Vv | Өө | Yy | Фф | Фф |
| Gg | Ii | Ii | . | Ёё | Yy | Yy | Uu | Хх | Хх |
| Hh | Jj | Kk | Жж | Жж | Zz | Ьь | Jj | | Ҳҳ |
| Xx | Kk | Ll | Зз | Зз | Şş | | Ьь | Цц | Цц |
| Ii | Ll | Mm | Ии | Ии | | | | Чч | Чч |
| Ьь | Mm | Nn | Йй | Йй | | | | Шш | Шш |
| Jj | Nn | Oo | Кк | Кк | | | | Щщ | Щщ |
| Kk | Oo | Pp | | Ққ | | | | ъ | ъ |
| Ll | Pp | Rr | Лл | Лл | | | | Ыы | Ыы |
| Mm | Rr | Ss | Мм | Мм | | | | Ь | Ь |
| Nn | Ss | Tt | Нн | Нн | | | | Ээ | Ээ |
| Ņņ | Tt | Uu | | Ң | | | | Юю | Юю |
| Oo | Uu | Ff | Oo | Oo | | | | Яя | Яя |
| Өө | Ff | Xx | - | Өө | | | | Ққ, Ғғ, Ҳҳ | |

## Wori's grafikasi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi

1940-ji'lg'a kelip buri'ng'i' awqamdag'i' tu'rkiy tilles respublikalari' menen bir qatarda qaraqalpaq xalqi' da wori's grafikasi'na tiykarlang'an a'lpbege wo'tti ha'm woni'n' qurami' to'mendegi ta'rtipte du'zildi. Bul a'lipbenin' qurami' 31 ha'rip, yeki belgiden ( ha'm ) turadi': Аа, Бб, Вв , Гг, Дд, Ее, Жж, Зз, Ии, Кк, Лл, Мм, Нн, Оо, Пп, Рр, Сс, Тт, Уу, Фф, Хх, Цц, Чч, Шш, Ыы, Ээ, Юю, Яя, Ққ, Ғғ, Ҳҳ, Ьь, Ъъ.

Qaraqalpaq tilinin' wori's jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a a'lipbe ha'm imla qag'i'ydalar ji'ynag'i' K.Ubaydullaev, Q.Ayi'mbetov ha'm N.Da'wqaraev ta'repinen islendi ha'm 1940-ji'ldi'n' aqi'ri'nda kitapsha yetip shi'g'ari'ldi'.

Qaraqalpaq tilinin' wo'zine ta'n seslik o'zgesheliklerin bildiretug'i'n jin'ishke dawi'sli' **ә, ө, ү** ha'ripleri wori's a'lipbesine ko'shkende a'lipbenin' qurami'nan ali'p taslandi'. Bul ha'riplerdin' wazi'ypasi' **а, о, у** ha'riplerine ju'klenip, wori's tilindegi jin'ishkertiw (`) belgisinin' ja'rdemi menen jazi'latug'i'n boldi': *баҳарь, маҳаль, дань, sапь, саль-паль, оть, толь, суть, турь, журь т.б.* Bul a'lipbe ha'm imlada biraz shatasi'q ha'm kemshiliklerdi payda yetti. Sonli'qtan a'lipbe ha'm imla 1954-ji'li' qayta qarali'p, u'lken du'zetiwler ha'm qosi'mshalar kirgiziw menen 1957-ji'li' 28-fevralda hu'kimet ta'repinen tasti'yqlandi' ha'm woni'n' du'ziliw ta'rtibi to'mendegishe boldi':

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Аа | Әә | Бб | Вв | Гг | Ғ ғ | Дд | Е е | Ё ё | Жж |
| З з | И и | Үү | Кк | Ққ | Лл | М М | Н н | Ңң | О о |
| Өө | Пп | Р р | С с | Т т | У у | Үү | Ўў | Ф ф | Х х |
| Ҳ ҳ | Ц ц | Ч ч | Ш ш | Щ ш | Ы ы | Я я | Е е | Ю ю | |

Bul a’lipbenin’ 8 ha’ribi **(ə, ө, ү, ў, ғ, қ, ң, х)** qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n seslik wo’zgesheligi retinde wori’s a’lipbesinin’ u’stine qosi’ldi’. Wori’s a’lipbesi ha’zirgi ku’nde a’meliy jaqtan lati’n a’lipbesi menen qatar qollani’li’p kiyati’r.

Wori’s jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesinin’ ha’ripler sani’ qaraqalpaq tilinin’ seslik wo’zgesheliklerinin’ sani’ menen ten’lestirilmedi, wori’s so’zlerin duri’s jazi’wg’a beyimlestirildi. Wori’s jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesinde a’debiy tilimizdin’ 9 dawi’sli’ fonemasi’ 13 ha’rip penen **(а, ə, о, ө, у, ү, ы, и, е, э, ё, ю, я)** ali’ndi’. Jeke seslerdi bildirmey, yeki sesti bildiretug’i’n ё (ио), ю (йу), я (иа) ha’riplerinin’ ali’ni’wi’, jin’ishkertiw ha’m ayi’ri’w belgilerinin’ qollani’li’wi’ jazi’wdi’ qi’yi’nlasti’rdi’, so’zlerdin’ tu’biri menen qosi’mtalari’ni’n’ shegarasi’ belgisiz boli’p qaldi’. Mi’sali’: ою (ойыў), қою (қойыў) t.b.

Soni’n’ menen qatar, wori’s a’lipbesine tiykarlang’an a’lipbe ha’m imladag’i’ qa’te-kemshiliklerdin’ ko’beyiwine 1938-ji’lg’i’ imlada jiberilgen kemshiliklerdin’ du’zetilmesten 1940-ji’lg’i’ imlag’a wo’tkeriliwi boldi’.

## Lati’n grafikasi’na tiykarlang’an son’g’i’ qaraqalpaq a’lipbesi

G’a’rezsizlikke yerisiw menen buri’ng’i’ awqam qurami’ndag’i’ ko’pshilik tu’rkiy tilles respublikalar, atap aytqanda O’zbekistan, Tu’rkmenstan, A’zerbayjan respublikalari’ lati’n a’lipbesine wo’tti. O’zbekistan Respublikasi’ 1993-ji’li’ 2-sentyabrde jazi’wdi’ wo’zgertiw tuwrali’ ni’zam qabi’l yetti. Usi’ ni’zamg’a muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi 1993-ji’ldi’n’ 8-sentyabrinde qaraqalpaq tilinin’ jan’a a’lipbe ha’m imla qag’i’ydalari’n tayarlaw boyi’nsha sheshim qabi’lladi’. 1993-ji’lda lati’n jazi’wi’na tiykarlang'an jan'a a'lipbege wo'tiw boyi’nsha jumi’slar baslandi’. Bundag'i’ go'zlengen maqset - jazi’wdi’ yele de jetilistiriw, so'ylew tili menen jazi’wdi’ jaqi’nlasti’ri’w, texnikali’q qurallardi’ men'geriwdi jen'illestiriw,

du'nyani'n' ko'pshilik xali'qlari' lati'n jazi'wi'na tiykarlangan a'lipbelerden paydalanatug'i'nli'gi'n yesapqa ali'w.

Qaraqalpaq tilinin' a'lipbe ha'm imla qag'i'ydalari'ni'n' jumi'sshi' topari' ta'repinen tayarlang'an a'lipbenin' joybari' won yekinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won birinshi sessiyasi'nda (1994-ji'l, 26-fevral) 31 ha'rip qurami'nda qabi'l yetildi (2-keste).

Bul qabi'l yetilgen a'lipbede ayi'ri'm kemshilikler boldi'. Sonli'qtan 1995-ji'li' 25-mayda boli'p wo'tken Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' yekinshi sessiyasi'nda "Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw haqqi'nda" Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na wo'zgerisler kirgiziw haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' shig'ari'ldi'. Lati'n a'lipbesindegi ayi'ri'm ha'riplerdi qabi'l yetiwde tu'rkiy xali'qlardi'n' a'lipbelerindegi payda bolg'an ta'jiriybege su'yenip qaraqalpaq a'lipbesi tiykari'nda is ju'rgiziwshi, ma'deniy jaqtan rawajlang'an ma'mleketlerdin' jazi'wlari'na jaqi'nlasti'ri'w ko'zde tuti'ldi'. Usi' tiykarda 1995-ji'li' 25-mayda 1994-ji'li' qabi'l yetilgen alipbege ayi'ri'm wo'zgerisler kiritildi. 1995-ji'li' 25-dekabrde wol a'lipbege ja'ne de o'zgerisler kirgizildi. 1996-1997-woqi'w ji'li'nan baslap Respublikada 1-klasqa barg'an mektep woqi'wshi'lari' jan'a alipbede woqi'y basladi'.

Biraq jan'a a'lipbenin' imla qag'i'ydalari'n islewde geypara ha'riplerdin' jetispeytug'i'ni' ha'm wolardi'n' geypara ha'riplerinin' formasi'na wo'zgerisler kirgiziw kerekligi bayqaldi'. Wo'zgerisler kirgizilgen a'lipbe birinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' besinshi sessiyasi'nda (1995-ji'l, 29-dekabr) 32 ha'rip boli'p qabi'llandi' (3-keste).

Qabi'llang'an jan'a a'lipbenin' 5 ha'ribi **(a', g', o', u', n')** u'stin belgisi menen, bir ha'rip **(sh)** ha'ripler birikpesi tu'rinde ali'ndi'. Bul ha'rip qaraqalpaq tilinde wori's a'lipbesindegi ш, щ, ч ha'riplerinin' wazi'ypasi'n atqaradi'.

Jan’a a’lipbe tiykari’nda du’zilgen qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ 1995-ji’l 30-dekabrdegi 281/12 sanli’ qarari’ menen tasti’yqlandi’ ha’m 1996-ji’ldi’n’ I yari’mi’nda «Bilim» baspasi’nda kitapsha boli’p basi’li’p shi’qti’.

A’lipbe ha’m imlani’ ja’ne de jetilistiriw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi 2009-ji’ldi’n’ 8-oktyabrinde qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgizilgen ni’zam qabi’lladi’. A’meliy qollani’li’p kiyati’rg’an a’lipbenin’ qurami’na s (c) ha’m ch (ch) ha’ripleri qosi’li’p a’lipbenin’ qurami’ 34 ha’rip boli’p qabi’l yetildi. Soni’n’ menen qatar, e, o, o’ ha’riplerinin’ imlasi’na wo’zgerisler kirgizildi. So’z basi’nda dara tu’rinde jazi’li’p kiyati’rg’an e, o, o’ ha’riplerinin’ aldi’nan tu’pkilikli so’zlerde y,w ha’ripleri qosi’li’p, ye, wo, wo’ birikpeleri tu’rinde jazi’latug’i’n boldi’. Mi’sali’: yertek, yerkin, yeki, Yernazar, wol, wotar, won, Wospan, wo’t, wo’nim, woner, Wo’tegen t.b.

Qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgizilgen imla qag’i’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’ 2011-ji’ldi’n’ I yari’mi’nda “Bilim” baspasi’nda basi’li’p shi’qti’. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang'an jan'adan qabi’l yetilgen a'lipbede dawi’sli seslerdi bildiriw ushi’n 9 ha'rip **- a, a', o, o', u, u', i, i’, e,** dawi’ssi’z seslerdi bildiriw ushi’n 23 harip - **b, d, f, g, g', h, x, j, k, q, l, m, n, n', p, r, s, t, v, w, y, z, sh** qabi’l yetildi.

A'lipbedegi ha'riplerdin' belgili bir ta'rtip boyi’nsha izbe-iz jaylasi’wi’ sha'rtli tu'rde qabi’l yetiledi. Bul izbe-izliktin' turaqli’ tu'rde mudami’ saqlani’wi’ ameliy jaqtan u'lken a'hmiyetke iye boladi’. Asirese, so'zlikler du'zgende, dizimler jazg’anda ha'riplerdin' a'lipbedegi wori’n ta'rtibi qatan' saqlani’p jazi’lsa, wolardan paydalani’w an'sat boladi’. A'lipbedegi haripler qoljazba ha'm baspa tu'rine, bas harip ha'm kishi harip tu'rine iye boladi’.

2-keste

| | baspa | Jazi'li'wi' | Ayti'li'wi' | Kirill |
|---|---|---|---|---|
| | **1994-ji'li' 26-fevralda qabi'l yetilgen latin jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi** | | | |
| 1 | Aa | *Aa* | *a* | а |
| 2 | Ää | *Ää* | *a'* | а |
| 3 | Bb | *Bb* | *be* | б |
| 4 | Dd | *Dd* | *de* | д |
| 5 | Ee | *Ee* | *e* | е,э |
| 6 | Ff | *Ff* | *ef* | ф |
| 7 | Gg | *Gg* | ge | г |
| 8 | Ğğ | *Ğğ* | ga | ғ |
| 9 | Hh | *Hh* | *ha* | ҳ |
| 10 | Xx | *Xx* | *xa* | х |
| 11 | İı | *İı* | *ı* | ы |
| 12 | Iı | Iı | ı' | и |
| 13 | Jj | *Jj* | *je* | ж |
| 14 | Kk | *Kk* | *ke* | к |
| 15 | Qq | *Qq* | *qa* | қ |
| 16 | Ll | *Ll* | *el* | л |
| 17 | Mm | *Mm* | *em* | м |
| 18 | Nn | *Nn* | *en* | н |
| 19 | Ňň | *Ňn* | *ň'e* | ң |
| 20 | Oo | *Oo* | *o* | о |
| 21 | Öö | Öö | ö | ө |
| 22 | Pp | *Pp* | *pe* | п |
| 23 | Rr | *Pr* | *re* | р |
| 24 | Ss | *Ss* | *se* | с |
| 25 | Şş | Şş | şe | ш |
| 26 | Tt | *Tt* | *te* | т |
| 27 | Uu | Uu | *u* | у |
| 28 | Üü | Üü | ü | ү |
| 29 | Ww | *Ww* | *w* | ў |
| 30 | Yy | *Yy* | *y* | й |
| 31 | Zz | *Zz* | *z* | з |

3-keste

## 1995-ji'li' 29-dekabrde qabi'l yetilgen lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi

| Баспа | Жазба | Айтылыўы | Кирилл | Баспа | Жазба | Айтылыўы | Кирилл |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Aa | *Aa* | *a* | а | Mm | *Mm* | *me* | м |
| A'a' | *A'a'* | *a'* | ә | Nn | *Nn* | *ne* | н |
| Bb | *Bb* | *be* | б | N'n' | *N'n'* | *n'e* | ң |
| Dd | *Dd* | *de* | д | Oo | *Oo* | *o* | о |
| Ee | *Ee* | *e* | е,э | O'o' | *O'o'* | *o'* | ө |
| Ff | *Ff* | *fe* | ф | Pp | *Pp* | *pe* | п |
| Gg | *Gg* | *ge* | г | Rr | *Rr* | *re* | р |
| G'g' | *G'g'* | *g'a* | ғ | Ss | *Ss* | *se* | с |
| Hh | *Hh* | *he* | ҳ | Tt | *Tt* | *te* | т |
| Xx | *Xx* | *xa* | х | Uu | *Uu* | *u* | у |
| Iı | *İi* | *i'* | ы | U'u' | *U'u'* | *u'* | ү |
| Ii | *İi* | *i* | ж | Vv | *Vv* | *ve* | в |
| Jj | *Jj* | *je* | к | Ww | *Ww* | *we* | ў |
| Kk | *Kk* | *ke* | қ | Yy | *Yy* | *ye* | й |
| Qq | *Qq* | *qa* | л | Zz | *Zz* | *ze* | з |
| Ll | *Ll* | *ll* | | Shsh | *Shsh* | *she* | ш (ч,щ) |

4-keste

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| A a | B b | C c | D d | E e | F f | G g |
| H h | I i | J j | K k | L l | M m | N n |
| O o | P p | Q q | R r | S s | T t | U u |
| V v | W w | X x | Y y | Z z | A‘ a‘ | O‘ o‘ |
| I i | U‘ u‘ | G‘ g‘ | N‘ n‘ | Sh sh | Ch ch | |

5-keste

**2009-ji'li' 8-oktyabrde qabi'l yetilgen lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi**

| Q/t | Bas-pa | Jaz-ba | Ayti'li' wi' | Kirill | Q/t | Bas-pa | Jazba | Ayti'li' wi' | Kirill |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | A a | a | a | А | 18 | Nn | n | Ne | Н |
| 2 | A'a' | a' | a' | ә | 19 | N'n' | n' | n'e | ң |
| 3 | B b | b | be | Б | 20 | Oo | o | O | О |
| 4 | D d | d | de | В | 21 | O'o' | o' | o' | ө |
| 5 | Ee | t | e | Е,э | 22 | Pp | p | Pe | П |
| 6 | Ff | g | fe | Ф | 23 | Rr | r | Re | Р |
| 7 | Gg | | ge | Г | 24 | Ss | s | Se | С |
| 8 | G'g' | g' | g'a | Ғ | 25 | Tt | t | te | Т |
| 9 | Hh | h | he | Ҳ | 26 | Uu | u | u | У |
| 10 | Xx | x | xa | Х | 27 | U'u' | u' | u' | Ү |
| 11 | I'i' | i | I' | И' | 28 | Vv | v | ve | В |
| 12 | I'i | ı | I | И | 29 | Ww | w | we | Ў |
| 13 | J j | j | je | Ж | 30 | Yy | y | ye | Й |
| 14 | Kk | k | ke | К | 31 | Zz | z | ze | З |
| 15 | Qq | q | qa | Қ | 32 | Shsh | sh | she | Щ,щ |
| 16 | Ll | l | la | Л | 33 | Cc | c | ce | С |
| 17 | Mm | m | me | М | 34 | Chch | sh | che | Ч |

# A'lipbelerdin' sa'ykeslik kestesi

<table>
<tr><th>Arab alfaviti</th><th>Lati'n jazi'wi' 1928-1930</th><th>Lati'n jazi'wi' 1930-1938</th><th>Lati'n jazi'wi' 1938-1940</th><th>Kirill jazi'wi'</th><th>Lati'n jazi'wi' 1994-1995</th><th>Lati'n jazi'wi' 1995-2009</th><th>Lati'n jazi'wi' 2009-ji'ldan baslap</th><th>Xalqarali'q fonetikali'q alfavit</th></tr>
<tr><td>ا</td><td colspan="3">Aa</td><td>Аа</td><td colspan="3">Aa</td><td>a</td></tr>
<tr><td>ە</td><td colspan="3">A'a'</td><td>Әә</td><td>Aa</td><td colspan="2">A'a'</td><td>?</td></tr>
<tr><td>ب</td><td colspan="3">Bv</td><td>Бб</td><td colspan="3">Bb</td><td>b</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3">Vv</td><td>Вв</td><td colspan="3">Vv</td><td>v</td></tr>
<tr><td>گ</td><td colspan="3">Gg</td><td>Гг</td><td colspan="3">Gg</td><td>g</td></tr>
<tr><td>غ</td><td colspan="3">Ƣƣ</td><td>Ғғ</td><td>Ğğ</td><td colspan="2">G'g'</td><td>ɣ</td></tr>
<tr><td>د</td><td colspan="3">Dd</td><td>Дд</td><td colspan="3">Dd</td><td>d</td></tr>
<tr><td>ە</td><td colspan="3">Ee</td><td>Ее</td><td colspan="2">Ee</td><td>Ee, Ye ye</td><td>e</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3"></td><td>Ёё</td><td colspan="3">yo</td><td>jo</td></tr>
<tr><td>ج</td><td colspan="3">Cc</td><td>Жж</td><td colspan="3">Jj</td><td>ʒ</td></tr>
<tr><td>ز</td><td colspan="3">Zz</td><td>Зз</td><td colspan="3">Zz</td><td>z</td></tr>
<tr><td>ى</td><td colspan="2">Ii</td><td>Jj</td><td>Ии</td><td colspan="2">İi</td><td>Ii</td><td>i</td></tr>
<tr><td>ي</td><td colspan="2">Jj</td><td>I'i</td><td>Йй</td><td colspan="3">Yy</td><td>j</td></tr>
<tr><td>ک</td><td colspan="3">Kk</td><td>Кк</td><td colspan="3">Kk</td><td>k</td></tr>
<tr><td>ق</td><td colspan="3">Qq</td><td>Ққ</td><td colspan="3">Qq</td><td>q</td></tr>
<tr><td>ل</td><td colspan="3">Ll</td><td>Лл</td><td colspan="3">Ll</td><td>l</td></tr>
<tr><td>م</td><td colspan="3">Mm</td><td>Мм</td><td colspan="3">Mm</td><td>m</td></tr>
<tr><td>ن</td><td colspan="3">Nn</td><td>Нн</td><td colspan="3">Nn</td><td>n</td></tr>
<tr><td>ڭ</td><td colspan="3">Ŋŋ</td><td>Ңң</td><td>Ňň</td><td colspan="2">N'n'</td><td>ŋ</td></tr>
<tr><td>و</td><td colspan="3">Oo</td><td>Оо</td><td colspan="2">Oo</td><td>Oo, Wo wo</td><td>o</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3">O'o'</td><td>Өө</td><td>Oo</td><td>O'o'</td><td>O'o', Wo' wo'</td><td>?</td></tr>
<tr><td>پ</td><td colspan="3">Pp</td><td>Пп</td><td colspan="3">Pp</td><td>p</td></tr>
<tr><td>ر</td><td colspan="3">Rr</td><td>Рр</td><td colspan="3">Rr</td><td>r</td></tr>
<tr><td>س</td><td colspan="3">Ss</td><td>Сс</td><td colspan="3">Ss</td><td>s</td></tr>
<tr><td>ت</td><td colspan="3">Tt</td><td>Тт</td><td colspan="3">Tt</td><td>t</td></tr>
<tr><td>ۇ</td><td colspan="2">Uu</td><td>Ŭŭ</td><td>Уу</td><td colspan="3">Uu</td><td>u</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3">Yy</td><td>Үү</td><td>Uu</td><td colspan="2">U'u'</td><td>y</td></tr>
<tr><td>ۋ</td><td colspan="2">Vv</td><td>Uu</td><td>Ўў</td><td colspan="3">Ww</td><td>w</td></tr>
<tr><td>ف</td><td colspan="3">Ff</td><td>Фф</td><td colspan="3">Ff</td><td>f</td></tr>
<tr><td>خ</td><td colspan="3">Xx</td><td>Хх</td><td colspan="3">Xx</td><td>x</td></tr>
<tr><td>ھ</td><td colspan="3">Hh</td><td>Ҳҳ</td><td colspan="3">Hh</td><td>h</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="2">Ss</td><td>Ts c</td><td>Цц</td><td colspan="2">c</td><td>Cc</td><td>ʦ</td></tr>
<tr><td>چ</td><td>Cc</td><td colspan="2">Şş</td><td>Чч</td><td>Şş</td><td>Sh sh</td><td>Ch ch</td><td>ʧ</td></tr>
<tr><td>ش</td><td colspan="3">Şş</td><td>Шш</td><td>Şş</td><td colspan="2">Sh sh</td><td>ʃ</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="2">j</td><td>i</td><td></td><td></td><td></td><td></td><td></td></tr>
<tr><td>ى</td><td colspan="3"></td><td>Ыы</td><td colspan="2">I'i'</td><td>I'i'</td><td>ɯ</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3">Ee</td><td>Ээ</td><td colspan="3">Ee</td><td>e</td></tr>
<tr><td></td><td colspan="3"></td><td>Юю</td><td colspan="3">yu</td><td>ju</td></tr>
</table>

## III bap. Ha’zirgi qaraqalpaq a’lipbesi ha’m imla qa’deleri

Til yeki tu’rli jol menen ju’zege shi’g’atug’i’nlig’i’ belgili. Biz wo’zimizdin’ woy-pikirimizdi awi’zsha so’ylew arqali’ yamasa jazi’w arqali’’ basqalarg’a bildiremiz. A’lbette, wolar bir-birin toli’qti’ri’p woti’radi’. Awi’zsha so’ylewde so’ylew ag’zalari’, yesitiw ag’zalari’ qatnasadi’ ha’m so’ylew sol payi’tta iske asadi’. Jazbada qag’azg’a yamasa basqa materialg’a tu’sirilgen, ko’riwimiz arqali’ an’lani’p, qayta tiklenetug’i’n tan’balar qatnasadi’.Awi’zeki so’ylew da’slep payda bolg’an bolsa, jazi’w wonnan keyin adamzat ja’miyetinin’ rawajlani’wi’ni’n’ belgili bir basqi’shi’nda kelip shi’qqanli’g’i’ ilimde da’lillengen.

Ha’r bir til ushi’n jan’a jazi’w payda bola bermeydi. Turmi’sta qollani’li’p ati’rg’an jazi’w az sanda bolsa, tiller wog’ada ko’p. Ha’r bir xali’q a’lipbeni qabi’l yeterde wo’z tiline i’layi’qlap, iykemlestirip, a’lipbedegi jetispeytug’i’n tan’balardi’ qosi’msha qabi’l yetedi. Solay yetip wo’z tilinin’ wo’zinshelik wo’zgesheligin saqlaydi’. Ma’selen, lati’n a’lipbesinde 6 dawi’sli’ ha’rip bolsa, qaraqalpaq tilinde 9 dawi’sli’ fonema boli’p, mug’dari’ jag’i’nan sa’ykes kelmeydi. Sonli’qtan lati’nlasti’ri’lg’an qaraqalpaq a’lipbesinde 9 dawi’sli’ sesti an’lati’w ushi’n lati’n a’lipbesinen basqa sistemadag’i’ a’lipbelerden qosi’msha ha’ripler qabi’l yetpesten, kompyuter texnologiyasi’n yesapqa alg’an halda kompyuterde bar bolg’an ko’mekshi belgiler paydalani’lg’an.

2009-ji’ldi’n’ 8-oktyabrindegi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ sessiyasi’nda lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an ha’rekettegi qaraqalpaq a’lipbesine ayi’ri’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’nda qarar qabi’l yetildi. Bul qarardi’n’ qabi’l yetiliwinde ha’rekettegi a’lipbe qabi’l yetilgen da’wirinen baslap usi’ ku’nge shekem ilimpazlar ha’m qa’nigeler ta’repinen ayti’lg’an

pikirler menen usi'ni'slar yesapqa ali'ng'an. Sonday-aq, awi'zeki so'ylew menen jazi'wdi' bir-birine jaqi'nlasti'ri'w, ha'zirgi zaman texnikali'q qurallari'nda, ayri'qsha kompyuter texnologiyasi'nda islewdi jen'illestiriw mashqalalari' yesapqa ali'ng'an.

Til ja'miyetlik qubi'li's bolg'anli'qtan ja'miyette qanday wo'zgeris ju'z berse, wol bizin' tilimizge de belgili da'rejede ta'sir yetip, wo'z izin qaldi'radi'. Ha'zirgi ku'nde kompyuter texnologiyasi'ni'n' ja'miyetshiligimizde ken'nen paydalani'wi' turmi's talabi'na aylanbaqta. Sonli'qtan bul jag'daydi' jazi'wdi' jetilistirip, woni' turaqlasti'ri'wda yesapqa almawg'a bolmaydi'.

Qaraqalpaq tilinde ha'zirgi ku'nge shekem arab, lati'n, kirill ha'm ja'ne lati'n a'lipbelerine tiykarlang'an a'lipbeler qollani'li'p keldi. Bul ko'rsetilgen a'lipbeler tu'rkiy tilleri ushi'n qabi'l yetilgen a'lipbe bolmag'anli'qtan qaraqalpaq tilinin' wo'zine ta'n wo'zinshelik belgilerin yesapqa alg'an halda wo'zgerisler kirgizilip qollani'latug'i'ni' belgili.

Qaraqalpaq tili tu'rkiy tillerinin' biri bolg'anli'qtan tilimizde tu'rkiy tillerge ta'n bolg'an ni'zamli'li'qlar saqlanadi'. Tu'rkiy tillerdin' basli' ha'm tiykarg'i' ni'zami' singarmonizm boli'p yesaplanadi'. Bi'z keltirgen a'lipbeler singarmonizmi joq tillerge arnali'p du'zilgenlikten, wolarg'a ayi'ri'm wo'zgerisler kirgizilip qaraqalpaq tiline ilayi'qlasti'ri'li'p jetilistiriw tabiyiy halat. Xalqi'mi'zdi'n' turmi'si'nda yekinshi ret qabi'l yetilip ati'rg'an lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesi a'dewir jetilistirildi.

Lati'n jazi'wi'na wo'tiw - da'wir talabi' boldi'. Buni' birinshi gezekte ha'zirgi zaman ilim ha'm texnikani'n' rawajlani'wi' keltirip shig'aradi'. Sog'an baylani'sli' Respublikami'zda 1994- ji'ldan baslap jan'a a'lpbege wo'tiw basqi'shpa- basqi'sh iske asi'ri'li'p ati'r. Ha'zige shekem jan'a a'lipbage wo'tiw, woni' u'yreniw bag'dari'nda bir qatar jumi'slar ju'rgizildi. 1996-1997-woqi'w ji'li'nan baslap mekteplerdin' 1 ha'm 2-klaslari'nda woqi'w jan'a a'lipbede woqi'ti'la basladi'. Jan'a a'lipbe

boyi’nsha imla qag’i’ydalari’, so’zlik, bag’darlamalar du’zildi, birqansha metodikali’q qollanbalar du’zildi.

Ko’pshilikke ma’lim, lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a qaraqalpaq a’lipbesine wo’tiw 1994-ji’ldan baslandi’. Sol ji’li’ lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalapaq a’lipbesi ha’m imlasi’ni’n’ qag’i’ydalari’ joybari’ islep shi’g’i’ldi’.[74]

Lati’n grafikasi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesine ayi’ri’m wo’zgerislerdin’ kirgiziliwi jazi’wi’mi’zdi’ ja’ne de jetilistiriwdi ko’zde tutqan turmi’s talabi’. Bunda qaraqalpaq janli’ so’ylew tili menen jazi’wi’n jaqi’nlasti’riwg’a, sonday-aq tupkilikli ha’m basqa tillerden kirip kirgen so’zlerdin’ imlasi’na ayri’qsha di’qqat awdari’lg’an.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqari’ Ken’esinin’ “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw tuwrali’ 2009-ji’ldi’n’ 8-oktyabrinde qabi’l yetilgen qarari’na muwapi’q lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi sho’lkmlestirgen komissiyani’n’ sheshimi menen du’zilgen jumi’sshi’ topar ta’repinen imla qag’iydalari’ qayta du’zildi. Bunda K.Ubaydullaev, D.S. Nasi’rov ta’repinen du’zilgen “Qaraqalpaq tilinin’ alfaviti ha’m orfografiyali’q qa’delerinin’ ji’ynag’i’ ” ha’m usi’ tiykarda tayarlang’an M.Da’wletov, Qutli’muratovlardi’n’ redaktorli’g’i’nda baspadan shi’qqan “Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’ ” paydalani’ldi’. Bul imla qa’de-qag’i’ydalari’ tilshi ali’mlar, ta’jriybeli mektep mug’allimleri, ken’ ja’miyetshilik ta’repinen ko’p talqi’lawlardan wo’tkenlikten, jazi’w ta’jriybesine a’dewir turaqlasi’p qalg’anli’qtan buri’ng’i’ kirill a’lipbesinin’, son’g’i’ lati’nlasti’ri’lg’an a’lipbenin’ imla qag’i’ydalari’na u’lken wo’zgerisler kirgizile bermesten, ko’pshilik qag’i’ydalar wo’zgerissiz ali’ndi’.

---

[74] M.Da’wletov., B.Qutli’muratov. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’. N,”Bilim”,1994

Son’g’i’ jigirma ji’lg’a shamalas jazi’w ta’jriybesi jan’a lati’nlasti’ri’lg’an qaraqalpaq alipbesinin’ a’dewir jetilistirilgen a’lipbe boli’wi’na qaramastan wog’an ayi’ri’m wo’zgerislerdin’ kirgiziliwi, ayi’ri’m ha’riplerdi qosi’msha qabi’l yetiw, ayi’ri’m ha’riplerdin’ imlasi’na wo’zgerisler kirgiziw kerekligi ma’lim boldi’.

1.Ha’rekettegi a’lipbege qosi’msha *c, ch* ha’ripleri kirgizildi. *C , ch* (c, ch) dawi’ssi’z seslerinin’ qaraqalpaq tilindegi jag’dayi’ pu’tkilley birdey: bulardi’n’ yekewi de biripeli (affrikat), u’nsiz dawi’ssi’z sesler, bulardi’n’ yekewi de wori’s tilinen bir da’wirde kirip kirgen so’zlerde qollani’latug’i’n sesler. Sonday-aq buri’ng’i’ kirill a’lipbesinde bulardi’n’ yekewi yeki tu’rli ha’rip penen (c, ch) belgilengen. Usi’ jag’daylarg’a qaramastan ha’rekettegi lati’nlasti’ri’lg’an a’lipbede birewinin’ (ch ni’n’) ayri’qsha tan’ba bolg’an sh menen beriliwi, wonda da kirilshe sh, sh, ch ha’riplerinin’ u’shewinin’ xi’zmetin tek *sh* ha’ribinin’ atqari’wi’, al yekinshisinin’ (c ni’n’) ayri’qsha tan’ba menen berilmey, woni’ an’lati’w ushi’n a’lipbedegi ayri’qsha fonemalardi’ buldiretug’i’n *t* ha’m *s* ha’riplerinin’ dizbegi (*c*) arqali’ berliwi teoriyali’q jaqtan da, a’meliy jaqtan da naduri’s yedi.

2.Tu’p nusqa lati’n a’lipbesinde ha’mmesi boli’p alti’ dawi’sli’ ha’rip bar: *a, o, u, i, e, y*. Wolardi’n’ da birewi qaraqalpaq tilindegi *y* dawi’ssi’z sesin bildiriw ushi’n ali’ng’an. Sonda qaraqalpaq tilindegi tog’i’z dawi’sli’ sesin bildiriw ushi’n ali’ng’an. Sonda qaraqalpaq tilindegi tog’i’z dawi’sli’ fonemani’ lati’n a’lipbesindegi bes dawi’sli’ ha’rip (*a, o, u, e, i*) arqali’ an’lati’w kerek boladi’. Solay yetip ha’rekettegi a’lipbede qaraqalpaq tilindegi juwan dawi’sli’lardi’ bildiriw ushi’n *a, o, u, i* , jin’ishke dawi’sli’lardi’ bildiriw ushi’n *a’, o’, u’,i* ha’ripleri ali’nga’n yedi. Ko’rinip turg’ani’nday, *i, a’, o’, u’* ha’ripleri wo’zgeris penen kirgizilgen yedi. Yendi kompyuter texnologiyasi’na talabi’na muwapi’q lati’n a’lipbesindegi *i* dawi’sli’ ha’ribinin’ u’stindegi noqati’n ali’p taslaw joli’

menen *I’* (i’) ha’ribin an’lati’wg’a bolmaytug’i’nli’g’i’ belgili boldi’. Sonli’qtan *i* ha’ribine kompyuterde bar apostrof ( ' ) belgisi qoyi’li’w arqali’ juwan *i’* (i’) sesi bildiretug’i’n boldi’. Solay yetip qosi’msha belgi buri’ngi’si’nsha u’sh dawi’sli’g’a yemes, al to’rt dawi’sli’g’a (*a’, o’, u’,i’)* qoyi’latug’i’n boldi’.

Jazi’wdi’ az da bolsa da jenilletiw maqsetinde baspasi’nda kishi ha’ribi (i’) u’sh elementli, al bas ha’ribi yeki elementli (I’’) bolsa da, qoljazbada **I’** *ī* tu’rinde yeki elementli boli’p jazi’li’wi’ qabi’l yetildi. Solay yetip baspasi’ I’’ i’, jazbasi’ **I’** *ī* tu’rinde qollani’ladi’. Bunda baspa jubayi’ni’n’ qurami’ boli’wi’ kompyuter texnologiyasi’ ushi’n hesh qanday qi’yi’nshi’li’q tuwdi’rmaytug’i’ni’ yesapqa ali’ndi’.

3.Tu’plilikli so’zlerdin’basi’ndag’i’ *e, o, o’* ha’ripleri menen tan’balani’p kelgen quramali’ sesler (diftonglar) bolg’an *ye, wo, wo’* qosarli’lari’ni’n’ ha’r birinin’ yeki sestin’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’ belgili. Bulardi’n’ ha’r birinin’ yeki fonemani’n’ dizbeginen turatug’i’nli’g’i’ bunnan yari’m a’sir buri’n-aq ilimiy basi’li’mlarda da’lillengen, sabaqli’qlarg’a kirgizilgen, fonetika ilimi boyi’nsha qa’nige ali’mlar ta’repinen ta’n ali’ng’an yedi.

Son’g’i’ da’wirde *elektr, etika, opera, optika* tu’rindegi si’rttan kirgen so’zlerdin’ ken’nen qollani’li’wi’, wolardi’n’ so’z basi’nda kelgen monoftong penen tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda kelgen diftonglardi’ ayi’ri’wdi’n’ mu’mkin bolmay qali’wi’, yag’ni’y *elek (yelek)*degen so’zlerde de *e*, *elektr* degen so’zde de sol *e* ha’ribinin’ (*ye* ni bildiriwge de bir tan’bani’n’) qollani’li’wi’ u’lken qi’yi’nshi’li’q tuwdi’rdi’. Buri’ng’i’ kirilshede wolar *e* ha’m *e* tu’rindegi yeki tu’rli tan’ba menen berilgenlikten (elekr, elektr) bunday mashqala joq yedi. Kirilshede *ya, yu, ë* ha’ripleri si’yaqli’ *e, o, o’* ha’ripleri de so’z basi’nda yeki sesti bildiriw ushi’n qollani’latug’i’n yedi. Solay etip so’zdin’ basi’ndag’i’ *e* monoftongi’ menen (*elektr* degende ) *e* diftongi’n (*elek* degende ) ayi’ri’p tani’w

maqsetinde tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda yeki fonemani’n’ dizbegi yekenligi yesapqa ali’ni’p, woni’ *ye* tu’rinde jazi’w qabi’l yetiledi. Tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’ndag’i yeki fonemani’n dizbegi yekenligi yesapqa ali’ni’p, woni’ *ye* tu’rinde jazi’w qabi’l yetiledi. Tu’pkilikli so’lerdin’ basi’ndag’i’ *wo, wo’* qosarli’lari’ni’n’ jag’dayi’ da tap *ye* si’yaqli’ boladi’. Sonli’qtan wolar da tu’pkilikli so’lerdin’ basi’nda *wo, wo’* turinde yesitiliwinshe jazi’ladi’.

A’lipbege qosi’msha *c* ha’m *ch* ha’riplerinin’ ali’ni’wi’ menen a’lipbe qurami’ 34 ha’ripten ibarat boldi’. Bul yeki ha’riptin’ kirgiziliwi buri’ng’i’ a’lipbedegi seslerdin’ jazi’li’wi’nda ushi’rasatug’i’n qi’yi’nshi’li’qlardi’ saplasti’ra woti’ri’p, bir qansha qolayli’qlar jaratti’.

Jan’a a’lipbege *c* ha’m *ch* ha’riplerinin’ kirgiziliwi, birinshiden, ilimiy ko’zqarastan duri’s bolsa, yekinshi ta’repten, kompyuterde jazi’wdi’ bir qansha jen’illestirdi. Yen’ basli’si’, tu’p nusqa lati’n a’lipbesinin’ mu’mkinshilikleri jeterli paydalani’ldi’.

## A’LIPBE

Qaraqalpaq a’lipbesindegi ha’ripler ha’m wolardi’n’ izbe-iz jaylasi’w ta’rtibi menen atlari’

| Q/t | Baspa | Jazba | Ayti’-li’wi’ | Kirill | Q/t | Baspa | Jazba | Ayti’-li’wi’ | Kirill |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | A a | *A a* | a | a | 18 | N’n’ | *N’n’* | n’e | n’ |
| 2. | A’ a’ | *A’ a’* | a’ | a’ | 19 | O o | *O o* | wo | o |
| 3. | B b | *B b* | be | b | 20 | O’ o’ | *O’ o’* | wo’ | o’ |
| 4. | V v | *V v* | ve | v | 21 | P p | *P p* | pe | p |
| 5. | G g | *G g* | ge | g | 22 | R r | *R r* | re | r |
| 6. | G’ g’ | *G’ g’* | g’a | g’ | 23 | S s | *S s* | se | s |
| 7. | D d | *D d* | de | d | 24 | T t | *T t* | te | t |
| 8. | E e | *E e* | e | e | 25 | U u | *U u* | u | u |
| 9. | J j | *J j* | je | j | 26 | U’ u’ | *U’ u’* | u’ | u’ |
| 10. | Z z | *Z z* | ze | z | 27 | W w | *W w* | we | w |
| 11. | I i | *I i* | i | i | 28 | F f | *F f* | fe | f |
| 12. | Y y | *Y y* | ye | y | 29 | X x | *X x* | xa | x |
| 13. | K k | *K k* | ke | k | 30 | H h | *H h* | he | h |
| 14. | Q q | *Q q* | qa | q | 31 | I’’ i’ | I’ *ī* | i’ | i’ |
| 15. | L l | *L l* | la | l | 32 | C c | *C c* | c | c |
| 16. | M m | *M m* | me | m | 33 | Ch ch | *Ch ch* | che | ch |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17. | N n | *N n* | ne | n | 34 | Sh sh | *Sh sh* | she | sh |

## Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi ha'm imlasi'n jetilistiriwge arnalg'an ilimiy miynetlerge talqi'

XX a'sirdin' 90-ji'llari'nan baslap akad. A.Da'wletov „ Jazi'wi'mi'z jetilisiw joli'nda"[75], „Jetilisken a'lipbe - sawatli'li'qti'n' girewi"[76] , „Jazi'wdi' jetilistiriwdin' ayi'ri'm mashqalalari'"[77], „A'lipbedegi wo'zgerisler turmi's talabi'"[78] si'yaqli' maqalalari'nda a'lipbe ha'm imla qa'delerin jetilistiriw, a'lipbedegi son'g'i' wo'zgerisler si'yaqli' ma'seleler so'z yetilgen.

Sonday-aq usi' ma'sele boyi'nsha M.Da'wletov ta itibarg'a i'layi'q birqansha ilimiy miynetleri menen 90-ji'llardan keyin ko'zge taslana basladi'. Woni'n' „A'debiy tilimizdin' orfografiyasi'n jetilistiriw haqqi'nda "[79], „Qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'n du'ziwdin' teoriyali'q tiykarlari'"[80] , „Imladag'i' wo'zgerisler haqqi'nda pikirler ha'm usi'ni'slar"[81] ha'm t.b. usi' taraw boyi'nsha maqalalari' bar. Mine, bunnan basqa da N. Ayi'mbetovti'n' „Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalapaq a'lipbesi haqqi'nda pikirler"[82],A. A'liev „Wo'z imlami'zg'a iye bolami'z"[83] , Wo. Dospanov „Qaraqalpaq jazi'wi'ni'n' rawajlani'w ma'selesine"[84], A.Da'wletov, D.Yerjanova „Lati'nlasti'ri'lg'an jazi'wdag'i' ayi'ri'm wo'zgerisler haqqi'nda" [85], M.Qudaybergenov „Ha'zirgi qaraqalpaq

---

[75]Da'wletov A. Jazi'wi'mi'z jetilisiw joli'nda .// Yerkin Qaraqalpaqstan,1993, 1-may
[76]Da'wletov A. Jetilisken a'lipbe - sawatli'li'qti'n' girewi. // Qaraqalpaqstan jaslari',1995, 27-iyul
[77] Da'wletov A. Jazi'wdi' jetilistiriwdin' ayi'ri'm mashqalalari'. // Til ha'm a'debiyat , 2010
[78]Da'wletov A. A'lipbedegi wo'zgerisler turmi's talabi'.// Yerkin Qaraqalpaqstan, 2010, 7-yanvar
[79] Da'wletov M. A'debiy tilimizdin' orfografiyasi'n jetilistiriw haqqi'nda.// Jas leninshi. 1991, 19-mart
[80] Da'wletov M. Qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'n du'ziwdin' teoriyali'q tiykarlari'.// Vestnik Karakalpakskogo otdelenie AN Uzbekistana. 1998, №4
[81]Da'wletov M. Imladag'i' wo'zgerisler haqqi'nda pikirler ha'm usi'ni'slar. // Ustaz joli'. 2012, 20-sentyabr
[82] Ayi'mbetov N. Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalapaq a'lipbesi haqqi'nda pikirler. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1998, 20-oktyabr
[83] A'live A. Wo'z imlami'zg'a iye bolami'z. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1994, 17-fevral
[84] Dospanov Wo. Qaraqalpaq jazi'wi'ni'n' rawajlani'w ma'selesine. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1999, 18-sentyabr
[85] Da'wletov A., Yerjanova D. Lati'nlasti'ri'lg'an jazi'wdag'i' ayi'ri'm wo'zgerisler haqqi'nda. Ha'zirgi filologiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri. –N, 2011

a'lipbesinin' a'hmiyetli ma'seleleri"[86], Q. Atabaev „Imla qag'i'ydalari'nda yerin u'nlesliginin' sa'wleleniwi"[87] si'yaqli' maqalalar bar.

M. Qudaybergenovti'n' „Ha'zirgi qaraqalpaq a'lipbesinin' a'hmiyetli ma'seleleri" maqalasi'nda son'g'i' lati'n a'lipbesine wo'zgerisler kiritiwdin' bir neshe sebepleri ko'rsetilip ilimiy jaqtan da'lillengen. „ Demek, ha'rekettegi a'lipbege wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziliwinin' tiykari' bar. Biz usi' kirgizilgen wo'zgerisler menen qosi'mshalar, wolardi'n'sebepleri ha'm a'hmiyeti haqqi'nda pikirlerimizdi bildirmekshimiz.

Birinshiden, kirill a'lipbesindegi ц ha'ribi c ha'ribi qabi'l yetilgen. Ha'rekkettegi a'lipbede bul ha'rip ushi'n ts ha'ripler birikpesi ali'ng'an yedi. Bul jazi'wda biraz qi'yi'nshi'li'qlardi' payda yetip kiyati'rg'an yedi. Demek bul jerde c ha'ribimin' qollani'li'wi' kompyuterde jazi'wdi' jen'illestiredi.

Yekinshiden, kirill a'lipbesindegi чha'ribi ushi'n ch ha'ripler birikpesi ali'w qabi'l yetilgen. H'arekkettegi a'lipbede sh ha'ripler birikpesine u'sh sesti ш, щ, ч seslerin bildiriw xi'zmeti ju'klengen yedi. C ha'ribinin' qabi'l yetiliwine baylani'sli' ч sesi ushi'n ch ha'ripler birikpesi ali'ni'p, al sh ha'ripler birikpesine ш ha'm щ seslerin bildiriw xi'zmeti ju'klengen. Demek c ha'ribinin' qabi'l yetiliwi yeki mashqalani' sheshiwge xi'zmet yetedi.

U'shinshiden, h'arekettegi a'lipbede e haribi e ha'm э seslerin bildiriw ushi'n qabi'llang'an yedi. Bunday ye ha'ripler birikpesinin' tek soz'din' basi'ndag'i' ha'm tu'pkilikli so'zlerdegi e ha'ribinin' worni'na qabi'l ali'ng'anli'g'i'n umi'tpaw kerek. Al wori's tili ha'm wol arqali' basqa tillerden wo'zlestirilgen e ha'm э ha'riplerinen baslanatug'i'n so'zler e ha'ribinen baslani'p jazi'la beredi.

Tortinshiden, и ha'm ы ha'ripleri kompyuterde jazi'wda mashqala tuwdi'ri'p kiyati'r yedi. Ha'rekketegi a'lipbede и ha'ribi ushi'n I, woni'n' bas ha'ribi ushi'n I ha'ribi qabi'l yetilgen yedi. Al ы ha'ribi ushi'n i, woni'n' bas

---

[86]Qudaybergenov M.Ha'zirgi qaraqalpaq a'lipbesinin' a'hmiyetli ma'seleleri. // Ilim ha'm bilimlendiriwge arnalg'an wo'mir. II. Akademik A. Da'wletovti'n' 70-ji'lli'q yubeleyine arnaladi'.-N, 2012

[87] Atabaev Q. Imla qag'i'ydalari'nda yerin u'nlesliginin' sa'wleleniwi. // Ilim ha'm bilimlendiriwge arnalg'an wo'mir. II. Akademik A. Da'wletovti'n' 70-ji'lli'q yubeleyine arnaladi'.-N, 2012

ha’ribi ushi’n I ha’ribi qabi’l yetildi. Bul jazi’wda ы menen и ha’riplerinin’ bir-birinin’ worni’na almasi’p jumsali’w, na’tiyjede so’z ma’nisinin’ buzi’li’wi’na ali’p keldi. Sebebi qaraqalpaq tilinde ы menen и bo’lek-bo’lek sesler (fonemalar) boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan и ha’ribin bildiriw ushi’n i, woni’n’ bas ha’ribin bildiriw ushi’n I belgisi, ы ha’ribi ushi’n i’ – belgisi, woni’n’ bas ha’ribi ushi’n I’ – belgisi qabi’l yetilgen“[88].

«Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi haqqi’nda pikirler» dep atalatug’i’n N.Ayi’mbetovti’n’ maqalasi’nda “a’lipbede e ha’ribi ali’p taslang’an. Wol lati’nshada “e” dep qabi’l etilgen. Bul da tekstlerdi jazg’anda, woqi’g’anda ko’p qolaysi’zli’qlar tuwdi’ri’p woti’radi’ ”- dep pikir bildirgen yedi .[89] Woni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha “e ha’ribi so’zdin’ basi’nda kelse, “ye” birikpesi menen almasti’ri’p, al so’zdin’ wortasi’nda ha’m keyininde kelse, “e” ha’ribi menen jazi’p ketken maqul” dep ko’rsetiledi. M. Da’wletovti’n’ “Imladag’i’ wo’zgerisler haqqi’nda pikirler ha’m usi’ni’slar”[90] degen maqalasi’nda to’mendegi ma’seleler so’z yetilgen:

2009 - ji’l 8-oktyabrdegi qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgizilgen ni’zamdag’i’ u’lken wo’zgeris **e, o, o’** ha’riplerinin’ imlasi’nda ko’rinedi.

Nag’met Ayi’mbetovti’n’ “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’libesi haqqi’nda pikirler” (“Еркин Каракалпакстан”, 1998, 20- октябрь) degen maqalasi’nda “a’lipbede э ha’ribi ali’ni’p taslang’an, wol lati’nsha **e** dep qabi’l yetilgen. Bul ha’riplerdi jazg’anda, woqi’g’anda ko’p qi’yi’nshi’li’qlar tuwdirip woti’radi’ ” dep pikir bildiredi. Woni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha, **e** ha’ribi so’zdin’ basi’nda kelse, ye birikpesi menen almasti’ri’p, al so’zdin wortasi’nda ha’m keyninde kelse, **e** ha’ribi menen jazi’p ketken maqul ” dep usi’ni’s yetedi. Usi’ ayti’lg’an pikirlerdin’ u’stine Abatbay Da’wletovti’n’ izertlewlerinen ali’ng’an **o, o’** ha’riplerinde

---

[88] Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tili a’lipbesinin’ a’hmiyetli ma’seleleri. // Ilim ha’m bilimlendiriwge arnalg’an wo’mir. II Akademik Abatbay Da’wletovti’n’ 70-ji’lli’q yubileyine arnaladi’. –B. 13-15

[89] Ayi’mbetov N. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesi haqqi’nda pikirler. //”Yerkin Qaraqalpaqstan”, 1998, 20-oktyabr.

[90] Da’wletov M. Imladag’i’ wo’zgerisler haqqi’nda pikirler ha’m usi’ni’slar. // Ustaz joli’. 2012, 20-sentyabr

**e** si’yaqli’ boli’p ayti’li’wi’nda sol ha’riplerdin’ aldi’nda **y, w** sesleri yesitilip ayti’latug’i’n jag’daylar bar. Biraq, bul so’zlerdin’ jazi’li’wi’ ha’m woqi’li’wi’n jen’illetiw ushi’n a’meliy qollani’wda wolardi’n’ aldi’ndag’i’ yesitilgen sesler qaldi’ri’li’p, so’z basi’nda **e, o, o’** ha’riplerinin’ dara tu’rde jazi’li’wi’ a’debiy tilde yerteden qa’liplesken norma boli’p kiyati’r.

Soni’n’ menen birge, N.Ayi’mbetov ta’repinen ayti’lg’an “e ha’ribinin’ tu’pkilikli so’zlerde so’z basi’nda ye qosarli’ tu’rinde jazi’li’wi’ wori’s tilindegi elektr, ekonomika, etika, t.b. si’yaqli’ so’zlerden lati’nsha jazi’wi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’g’i’n ko’rsetiwge baylani’sli’ ayti’lg’an boli’wi’ tiyis” dep pikirine qosi’la turi’p, “Bulardi’n’ jazi’li’wi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qti’ ko’rsetiw aytarli’qtay za’ru’rli jag’day yemes, e ha’ribinen baslanatug’i’n so’zlerdin’ ma’nisi ha’r bir milliy tildin’ wo’zine ta’n leksika-semantikali’q wo’zgesheliklerinen belgili boli’p turadi’” dep mi’sal yetip “elektr” menen “elekti” so’zlerin ali’p, “leksika-semantikali’q jaqtan kim de bolsa ayi’ra aladi’” dep ko’rsetedi. Sonday-aq, “wolardi’n’ biri si’rttan kirgen so’z yekeni, yekinshi tu’pkilikli qaraqalpaq so’zi yekenligin u’lken de, jas ta biliwi mu’mkin»[91] dep ko’rsetip, wolardi’n’ ayti’li’wi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qqa di’qqat awdarmaydi’.

A’lipbege kirgizilgen son’g’i’ wo’zgerisler tiykari’nda so’zdin’ yen’ basi’nda tu’pkilikli so’zlerde jumsalatug’i’n birikpeli seslerdi (diftonglardi’) bildiriw ushi’n dara e, o, o’ ha’ripleri worni’na ye, wo, wo’ tu’rindegi qosarli’ ha’ripler jazi’latug’i’n boldi’. Bul elektr, etika, esse, opera, optika si’yaqli’ si’rttan kirgen so’zlerdin’ basi’ndag’i’ dara dawi’sli’ ha’ripler menen elek (yelek), etik (yetik), esse (yesse), opi’ra (wopi’ra), opa (wopa) si’yaqli’ tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’ndag’i’ qosarli’ seslerdi an’latatug’i’n da’l sonday ha’ripler menen shatasti’rmaw ma’selesinen kelip shi’qqan.

Yeger buri’ng’i’si’nsha elektr, elekti si’yaqli’ so’zlerdi bir qi’yli’ e ha’ribi menen jazg’ani’mi’zda, birinshiden, u’lken ayi’rmashi’li’g’i’na qaramastan ( birde e, birde ye ) yeki tu’rli seslik birliklerdi jasalma tu’rde

---

[91] Da’wletov M. Imladag’i’ wo’zgerisler haqqi’nda pikirler ha’m usi’ni’slar. //”Ustaz joli’ “, 2012, 20-sentyabr.

bir tan'ba menen tan'balawdi'n' wo'zi hesh bir jazi'w normasi'na sa'ykes kelmeydi. Yekinshiden, niyet, jiyek, tiye si'yaqli' so'zlerdin' wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda ye tu'rinde jazi'li'wi'ni'n' wo'zi, sonday-aq yar, ya'ki, waz, wa'de h.t.b. si'yaqli' so'zlerde sonday qosarli'lardi'n' jumsali'wi' usi'nday fonetikali'q qubi'li'sti'n' qaraqalpaq tili ushi'n ta'n jag'day yekenligin ko'rsetedi. Usi'nday e ha'ribinin' ayti'li'wi'nda ayi'rmashi'li'qqa iye boli'wi'n mi'na mi'sallardan da ko'riwge boladi'. Mi'sali': **esse** (esse)-**yesse** (samaldi'n' yesiwi), **eskiz** (eskiz)-**yeskiz (**yeskekti yeskiz). Mine usi' so'zler biri esse, eskiz, al yekinshisi yesse, yeskiz tu'rinde jazi'lsa, til teoriyasi'na da, a'meliyatqa da sa'ykes keledi. Usi' jubaylas so'zlerdin' qaysi'si' qanday ma'nide qollani'li'p ati'rg'anli'g'i'n biliw ushi'n da esse, eskiz so'zlerinin' aldi'na y ha'ribin qosi'p ye birikpesi menen jazsaq, wolardi'n' ma'nisin ayi'ri'wda qolayli' boladi'. Bul ko'rsetilgen kvaziomonimlerden ti'sqari' tilimizde usi' taqi'lettegi usas fonetikali'q jag'dayda qarama - qarsi' qoyi'latug'i'n dara ha'm qosarli' dawi'sli'lar ko'plep ushi'rasadi'.

"Qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilisi haqqi'nda so'z yetilgen ko'pshilik a'debiyatlarda tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda jumsalatug'i'n dawi'sli' **e, o, o'** fonemalari' mudami' diftong tu'rinde ayti'ladi', yag'ni'y **e** fonemasi' bul jag'dayda **y** sesi menen, **o** ha'm **o'** fonemalari' **w** sesi menen dizbeklesip keledi dep ko'rsetiledi. Haqi'yqati'nda da fonetikali'q jaqtan tu'pkilikli so'zlerdin' basi'ndag'i' **e, o, o'** ha'ripleri menen an'lati'li'p ju'rgen sesler **ye, wo, wo'** diftonglari' boli'p, wolardi'n' ha'r biri haqi'yqat yeki sestin' dizbegi tu'rinde ayti'ladi'. Bul qubi'li'sqa wo'tken a'sirdin' 30-ji'llari'nda-aq ulli' lingvist ali'mlar E. D. Polivanov, S.E. Malov, N.A. Baskakov ayri'qsha di'qqat awdarg'an yedi.

So'zdin' yen' basi'ndag'i' **ye, wo, wo'** diftonglari'n sezgir apparatlarda eksperimental jol menen izertlep qarag'anda wolardi'n' ha'r biri **y** ha'm **e, w** ha'm **o, w** ha'm **o'** si'yaqli' toli'q yeki dawi'ssiz' ha'm dawi'sli' seslerdin' dizbeginen turatug'i'nli'g'i' tasti'yi'qlandi'. Bul jo'ninde ilimiy

maqalalarda, monografiyalarda jazi'ldi', xali'qarali'q simpoziumlarda so'z yetildi ha'm belgili qa'nigeler ta'repinen ta'n ali'ndi'"[92] dep ko'rsetedi akademik A. Da'wletov.

Buri'ng'i' a'lipbedegi i' ha'm i dawi'sli' ha'ripleri kompyuterde jazi'wda qi'yi'nshi'li'q tuwdi'rg'anli'g'i' sebepli I i ha'ribi ushi'n İ'i' qabi'l yetilgenligi ma'lim. Kompyuter texnologiyasi'nda bul yeki ha'riptin' bir tan'ba menen tan'balani'wi' so'z ma'nisinin' buzi'li'wi'na ali'p keldi. Mi'sali': is (i's)-is (is), mis (mi's)-mis (mis), tis (ti's)-tis (tis), pis (pi's)-pis (pis) si'yaqli' so'zlerdi jazg'anda i'(i') sesi de i(i) sesi de kompyuterde tek bir "i" ha'ribi menen jazi'li'p kete beredi. Bul jag'day so'zlerdin' ma'nisin ayi'ri'wda qi'yi'nshi'li'q tuwdi'ri'p kelgen yedi. Sonli'qtan yeki tu'rli sesti an'latatug'i'n yeki ha'ripti kompyuter texnologiyasi'nda bir tan'ba menen tan'balamaw ushi'n İi ha'ribinin' qa'ptali'na apostrof (') belgisin qoyi'p jazi'w qabi'l yetilgen. Mi'sali': i's (i's)-is (is), mi's (mi's)-mis (mis), ti's (ti's)-tis (tis), pi's (pi's)-pis (pis) h.t.b. Usi' wo'zgeriske baylani'sli' baspaso'z betlerinde ayi'ri'm maqalalar ja'riyalandi'. Ma'selen, T.Wori'nbaevti'n' maqalasi'nda «Bul ha'rip u'sh elementli boli'p, jazi'wdi' biraz qi'yi'nlasti'radi'. Ma'selen, i'g'i'li'si'w, ti'g'i'li'sti'ri'li'p degen so'zlerdi jazg'anda qansha belgilerdin' qollang'ani'na ko'zimiz tu'sedi. Bul jag'day jazi'wda qi'yi'nshi'li'q tuwdi'ri'wi' mu'mkin. Sonli'qtan i' ha'ribinin' u'lkenin apostrof penen ali'p, kishkenesine belgi qoymay, buri'ng'i'si'nsha qaldi'ri'wg'a boladi'. Sonda buri'ng'i' i ha'ribi a'lipbege İ' (э) tu'rinde kiredi. Bul jag'dayda İэ ha'ribi I'i ha'ribine qarama-qarsi' qoyi'li'p, ilimiy jaqtan duri's boladi'» dep pikir bildirgen yedi .[93]

Avtordi'n' İ'i' ha'ribi u'sh elementli boli'p jazi'wi'mi'zdi' qi'yi'nlasti'radi' dep ko'rsetiwinde jan bar. Sebebi, İ'i' ha'ribi bizin' so'zlik qori'mi'zda yen' wo'nimli jumsalatug'i'n so'zlerde qollani'ladi'. Sol sebepli ayi'ri'm ko'p buwi'nli' so'zlerde bunday qosi'msha belgilerdin' qabatlasi'p jumsali'wi' ta'biyiy. Bul ha'rip basqa birikpeli ha'ripler (sh, ch) si'yaqli'

---

[92] Da'wletov A. Ha'zirgi filogiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri.N, 2011,-B. 3-5
[93] Wori'nbaev T. Jazi'wi'mi'zdi' jetilistiriw-turmi's talabi'. //"Ustaz joli' ", 2013, 17-yanvar.

jumsala beredi. Biraq bul ha'rip qoljazbada u'sh elementli yemes, al yeki elementli boli'p jumsaladi'. Sonday-aq, maqalada İ' ha'ribin apostrof penen ali'p, kishkene ha'ribin kirill a'lipbesindegi э menen tan'balaw kerekligi ayti'lg'an. Lati'nlasti'ri'lg'an qaraqalpaq a'lipbesine pu'tkilley basqa sistemadag'i' a'lipbeden, yag'ni'y kirill a'lipbesinen э ha'ribin qabi'l yetiw qay jag'i'nan da pu'tkilley mu'mkin yemes. Yeger э ha'ribin qabi'l yetiw mu'mkin bolg'anda, yen' da'slepten-aq so'z basi'ndag'i' elektr, efir si'yaqli' so'zlerdi jazi'wda bul ha'rip (э) qabi'l yetilmes pe yedi?!

Buri'ng'i' c ha'ripler birikpesi arqali' bildiriletug'i'n dawi'ssi'z sestin' worni'na c ha'ribinin' qabi'l yetiliwi procent, cex, docent, cement, cirk, cirkul si'yaqli' so'zlerdin' qoljazba ha'm baspa islerinde, sonday-aq kompyuter texnologiyasi'nda jazi'li'wi'n jen'illestirdi.

Buri'n sh ha'ripler birikpesine u'sh sesti (sh, sh, ch seslerin ) bildiriw xi'zmeti ju'klengen bolsa, yendi kirilshedegi ch sesi ushi'n ch ha'ripler birikpesi ali'ni'w arqali' bul qi'yi'nshi'li'q jo'nge tu'sti.

Q. Atabaevtin' "Imla qag'i'ydalari'nda yerin u'nlesliginin' sa'wleleniwi"[94] atli' maqalasi'nda " … imla qag'i'ydalari'n du'ziwde tu'rkiy tillerdin' yen' basli' ni'zami' bolg'an singormonizm ni'zami' da yesapqa ali'ni'wi' zaru'r. Bul janli' so'ylew tili menen jazi'w arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qti' azaytadi' ha'm duri's so'ylew menen duri's jazi'wdi'n' tiykari' boli'p xi'zmet yetedi.

Kirill a'lipbesine tiykarlang'an qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari'nda *U'stirt, huqi'q, bu'lbil, du'ldil* si'yaqli' so'zler yerin u'nlesligine boysi'nbay, wolardi'n' yekinshi buwi'nlari'nda yeziwlik dawi'sli'lar jazi'ladi' dep ko'rsetilgen.[95] Al son'g'i' lati'n a'lipbesine tiykarlang'an imla qag'i'ydalari'nda bul so'zler yerin u'nlesligine sa'ykes *U'stu'rt, huquq, bu'lbu'l, du'ldu'l* tu'rinde wolardi'n' yekinshi buwi'nlari'nda da yerinlik dawi'sli'lar (u,u') saqlani'p jazi'latug'i'nli'g'i'

---

[94] Atabaev Q. Imla qag'i'ydalari'nda yerin u'nlesliginin' sa'wleleniwi. Ilim ha'm bilimlendiriwge arnalg'an wo'mir. N, 2012, -B.101-102.
[95] Qaraqalpaq tilinin' orfogrfiyali'q so'zligi.N, 1990, -B.386-387

belgilengen. Imlada bunday yerin u’nlesligi menen u’nlesken soz’lerdi duri’s jazi’wdi’ jolg’a qoyi’w milliy jazi’wi’mi’zdi’ jetilistiriw, rawajlandi’ri’w islerinde ha’m qaraqalpaq janli’ so’ylew tili menen jazi’wi’mi’zdi’ jaqi’nlasti’ri’wda u’lken a’hmiyetke iye. Bul ma’sele boyi’nsha ko’pshilik qa’nigeler ta’repinen baspaso’zde bir qatar maqalalar ja’riyalani’p, jazi’wda yerin u’nlesligin so’zsiz yesaqa ali’ni’wi kerekligi ayti’lmaqta”[96] .

Sonday-aq maqalada tag’i’ da bir a’hmiyetli ma’sele jo’ninde so’z boladi’: “Yerin u’nlesligi menen birge *-i’w, -iw, -uw, -u’w* qosarli’lari’ tuwrali’ ayti’p wo’tiwimiz wori’nli’ boladi’. Imla qag’i’ydalari’nda so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’nda *–uw, -u’w* qosarli’lari’, al yekinshi ha’m son’g’i’ buwi’nlarda *–i’w, -iw* qosarli’lari’ jazi’ladi’ dep ko’rsetilgeni menen haqi’yqati’nda janli’ so’ylew tilinde bul qosarli’lardi’n’ - uw, -u’w tu’rinde ayti’latug’i’nli’g’i’n biykarlaw qi’yi’n. Usi’g’an baylani’sli’ son’g’i’ lati’n a’lipbesine tiykarlang’an imla qag’i’ydalari’nda *mag’luwmat, ayuw, Ayuwbay* si’yaqli’ so’zlerdin’ yekinshi buwi’nlari’nda yeziwlik *i’, i, e* tan’balari’ yemes, al yerinlik *u, u’, o’* tan’balari’ jazi’ladi’ dep belgilengen.[97] Bul so’zlerdin’ yekinshi buwi’nlari’ndag’i’ yerinlik dawi’sli’ tan’balari’ni’n’ jazi’li’wi’n yerin u’nlesligi menen baylani’sti’ri’wg’a bolmaydi’. Sebebi bul so’zler singarmonizm ni’zami’na muwapi’q yerin u’nlesligi menen u’nlespeydi. Kerisinshe, dawi’ssi’zlar singarmonizmine sa’ykes bul so’zlerdin’ qurli’si’ndag’i’ *w* qos yerinlik dawi’ssi’zi’ni’n’ ta’sirinde wo’zinen aldi’ng’i’ yeziwlik *i’* dawi’sli’si’ (jazi’li’wi’ndag’i’) yerinlik seske aylani’p ayti’ladi’. Sebebi qaraqalpaq tilindegi *w* dawi’ssi’zi’ dawi’sli’larg’a yen’ jaqi’n (yari’m dawi’sli’) yerinlik dawi’ssi’z ses yesaplanadi’ ha’m keyinli ta’sir na’tiyjesinde wo’zinen aldi’n kelgen yeziwlik dawi’sli’lardi’ (*i’, i, e*) awi’zeki so’ylew tilinde sa’ykes yerinlik dawisli’larg’a (*u, u’, o’*) aylandi’radi’. Bizin’ pikirimizshe, jazi’wda usi’ si’yaqli’ ko’pshiliktu’bir so’zlerde *–i’w, -iw*qosarli’lari’n yemes, al *–uw, -u’w* qosarli’lari’n saqlap

[96] Da’wletov M. Qaraqalpaq tilinin’ tiykarg’i’ imla qag’i’ydalari’. // Yerkin Qaraqalpaqstan. 1996, 8-avgust
[97] Da’wletov M., Da’wenov Ye. Qaraqalpaq tilinin’ imla so’zligi. N, 1997, 309-310 - betler

jazi'w maqsetke muwapi'q keledi ha'm bul boyi'nsha arnawli' izertlegen qa'nigelerde usi' pikirde[98]. Sonday-aq kirill a'lipbesinde жуўыў, күйиў, қуўыў tu'rinde jazi'latug'i'n so'zlerdin' yekinshi buwi'ni'nda *-уў, -үў* qosarli'lari' yemes, al *–ыў, иў* qosarli'lari'ni'n' jazi'li'wi' imlada birgelki tan'balardi'n' dizbeklesip qalmawi' menen de baylani'sli' boladi'"[99].

A. Da'wletov ha'm D. Yerjanovani'n' "Lati'nlasti'ri'lg'an jazi'wdag'i' ayi'ri'm wo'zgerisler haqqi'nda" maqalasi'nda qaraqalpaq jazi'wi'ni'n' rawajlani'w basqi'shlari'ndag'i' ha'r bir a'lipbede singarmonizm ni'zami'ni'n' a'hmiyeti ha'm xi'zmeti haqqi'nda, a'lipbege kirgizilgen son'g'i' wo'zgerisler ha'm qosi'mshalardi'n' ilimiy jaqtan wori'nli' ha'm tiykarli' yekenligi da'lillengen. " Qaraqalpaq tili tu'rkiy tillerinin' biri bolg'anli'qtan tilimizde tu'rkiy tillerge ta'n bolg'an ni'zamli'qlar saqlanadi'. Tu'rkiy tillerdin' basli' ha'm tiykarg'i' ni'zami' singarmonizm yesaplanadi'. Biz keltirgen a'lipbeler singarmonizmi joq tillerge arnali'p du'zilgenlikten, wolarg'a ayi'ri'm wo'zgerisler kirgizilip qaraqalpaq tiline i'layi'qlasti'ri'li'p jetilistiriw tabiyg'i'y halat. Soday-aq, xalqi'mi'zdi'n' turmi'si'nda yekinshi ret qabi'l yetilip woti'rg'an lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesi yele de jetilistiriwdi, qa'liplestiriwdi talap yetedi.

Wol da'wirdegi a'lipbege kiritilgen wo'zgerisler de singarmonizm ni'zami'na baylani'sli' qaraqalpaq tilinin' wo'zine ta'n wo'zinshelik belgilerin saqlawdan, wolardi' a'lipbege toli'q yendiriwden ibarat boldi'. 2009-ji'ldi'n' 8-oktyabrinde lati'n grafikasi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesine ayi'ri'm wo'zgerislerdin' kirgiziliwi jazi'wi'mi'zdi' ja'ne de jetilistiriwdi ko'zde tutqan turmi's talabi'. Bunda qaraqalpaq janli' so'ylew tili menen jazi'wi'n jqai'nlasti'ri'wg'a, sonday-aq tu'pkilikli ha'm basqa tillerden kelip kirgen soz'lerdin' imlasi'na ayri'qsha di'qqat awdari'lg'an"[100].

---

[98] Da'wletov M. Imlada –i'y, -iy, -uw, -u'w qosarli'lari'ni'n' qollani'li'wi' haqqi'nda. // Qaraqalpaqstan jaslari'. 1996, 26-sentyabr

[99] Sonda, -.B. 101

[100] Da'wletov A., D. Yerjanova. Lati'nlasti'ri'lg'an jazi'wdag'i' ayi'ri'm wo'zgerisler haqqi'nda. Ha'zirgi filologiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri. N, 2011, -B.35

A. Da’wletovti’n’ ko’rsetip wo’tkenindey singarmonizm qaraqalpaq tilinin’ yen’ basli’ fonetikali’q ni’zami’. Woni’n’ fonologiyali’q xi’zmeti – so’z ayi’ri’w, so’z tani’w ha’m so’zdin’ qurami’ndag’i’ seslerdi sho’lkemlestiriw. Bul arqali’ janli’ so’ylew tilin ju’zege shi’g’ari’wda, so’zlerdin’ tutas tulg’asi’n qa’liplestiriwde ha’m qurasti’ri’wda u’lken xi’zmet atqaradi’[101]. Sonli’qtan singarmonizm ni’zami’n jazi’wda, imla qa’delerin islep shi’g’i’wda basshi’li’qqa almawi’mi’z mu’mkin yemes.

Juwmaqlasti’ri’p aytqanda, son’g’i’ lati’n a’lipbesine tiykarlang’an imla qag’i’ydalari’n jetilistiriwde, rawajlandi’ri’wda yerin u’nlesliginbelgili da’rejede yesapqa ali’w teoriyali’q jaqtan da, a’meliy jaqtan da u’lken a’hmiyetke iye. Bul qaraqalpaq tilinin’ basli’ seslik ni’zami’ bolg’an singarmonizmge muwapi’q keledi.

Uluwmalasti’ri’p aytqanda a’lipbege kirgizilgen wo’zgerisler, bazi’ birewlerdin’ aytqani’nday, qi’yi’nshi’li’q tuwdi’rmaydi’, kerisinshe awi’zeki so’ylew menen jazi’wdi’ bir-birine jaqi’nlasti’radi’. Biz isenemiz, a’lipbe ha’m imlag’a yengizilgen bul wo’zgerisler tez arada sin’isip ketedi. Sebebi, ha’zirdin’ wo’zinde-aq woqi’wg’a yendi g’ana bari’p, jan’a a’lipbeni u’yrenip ati’rg’an jas wo’spirimlerde de, biz si’yaqli’ jaslarda da bul qubi’li’s hesh qanday tu’sinbewshilikti keltirip shi’g’ari’p ati’rg’an joq. Yendi bul wo’zgerislerdi qalay u’yreniw, ha’r kimnin’ wo’zine, intasi’na, qala berse woqi’w islerin duri’s jolg’a qoyi’wg’a baylani’sli’ dep woylaymi’z.

---

[101] Sonda, -B. 280

**“Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw tuwrali’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qarari’**

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi QARAR YETEDI:

1. “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ qabi’llansi’n ha’m qabi’llang’an waqi’ttan baslap ha’reketke yengizilsin.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi bir ay mu’ddetke wo’z sheshimlerin “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ muwapi’qlasti’ri’lsi’n, ministrlikler ha’m sho’lkemlerdin’ usi’ ni’zamg’a qayshi’ keletug’i’n normativlik hu’jjetlerin qayta qarap shi’g’i’wi’n ha’m biykarlani’wi’n ta’miyinlesin.
3. 1994-ji’li’ 26-fevraldag’i’ “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’, 1994-ji’li’ 24-sentyabrdegi “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’, 1995-ji’li’ 10-iyuldegi “Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda ”g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’ndag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ wo’z ku’shlerin joytqan dep tabi’lsi’n.

No’kis qalasi’, 8-oktyabr 2009-ji’l.

**“Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda” Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na kirgizilgen qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler haqqi’nda**

**U’SHI’NSHI’ SHAQI’’RI’’Q QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARG’I’’ KEN’ESININ’ WON TO’RTINSHI SESSIYASI’**

*Joybar*

“ Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an Qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda” g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgiziw haqqi’nda Qaraqalpaqstan Republikasi’ni’n’

**NI’ZAMI’**

“ Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an Qaraqalpaq a’lipbesin yengiziw haqqi’nda” g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na to’mendegi qosi’mshalar ha’m wo’zgerisler kirgizilsin:

1. A’lipbege **C** ha’ribin kiritiw usi’ni’s yetiledi. Bul ha’ripti wori’s yamasa basqa Evropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n kirilshdegi **c** ha’ribi worni’nda qollani’ladi’. Mi’sali’, ***cex, cement, centner*** ha’m t.b. tu’rinde yemes, al ***cex, cement, centner*** ha’m t.b. turinde jazi’w qolayli’ dep yesaplaymi’z.
2. So’z basi’nda **E, e** ha’ribi wori’s yamasa basqa Evropa tillerinen kirgen so’zlerde e worni’na g’ana qollani’li’wi’ (**elktr-elektr, ekran – ekran, ekonomika - ekonomika**), al tu’pkiliki so’zlerdin’ basi’nda bolsa **e** jazi’lmay, wol **y** ha’m **e** ha’riplerinin’ dizbegi arqali’ (yag’ni’y **ye** ko’rinisinde) jazi’ladi’ (**yelek, yeki, yer, yertek, yesap, yetik** ha’m t.b.)
3. So’z basi’nda jumsalatug’i’n **O, o** ha’ribinin’ jag’dayi’ da **c** si’yaqli’ boladi’. Sonli’qtan, **o** ha’ribi de so’z basi’nda tek wori’s yamasa evropani’n’ basqa tillerinen kirgen so’zlerde (**opera , orkestr** ha’m t.b.)

qollani’ladi’, al tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda yeki ha’rip penen (yag’ni’y **wo** ko’rinisinde) (**wot, woqpan, wol, woy** ha’m t.b.) jazi’ladi’.

4. Tek tu’pkilikli so’zlerde ga’na jumsalatu’g’i’n **o’** ha’ribi de so’zdin’ basi’nda yesitiliwine qaray **wo’** tu’rinde jazi’li’wi’ za’ru’r (wo’t, wo’s, womir, wo’r, wo’kiniw ha’m t.b.).
5. Ha’zirgi ha’rekettegi dawi’sli’ I’ ha’ribinin’ lati’nsha varianti’ni’n’ qaptali’na apostrof qoyi’li’p, I’’, i’ tu’rinde jazi’ladi’.
6. Wori’s tili yamasa evropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n kirilshedegi **ch** worni’na **ch** birikpeli ha’ribi ali’nadi’. Sonda **sh** ha’ribi **shash, shana, ash, shigit** si’yaqli’ so’zlerde , al **ch** ha’ribi **chex, chek, Chexov** si’yaqli’ wori’s yamasa basqa evropa tillerinen kirgen so’zlerde jumsaladi’.

Solay yetip, usi’ni’li’p woti’rg’an qaraqalpaq tilinin’ lati’n imlasi’ndag’i’ ha’ripler sani’ 34, al solardi’n’ ishinde dawi’sli’lari’ 9 ha’ripten ibarat boli’p, wolar to’mendegiler:

**(A,a), (A’,a’), (O,o), (O’,o’), (U,u), (U’,u’), (I’, i), (I’’, i’), (E,e).**

Qaraqalpaq tilinin’ lati’n jazi’wi’ndag’i’ usi’ni’li’p ati’rg’an a’lipbasinin’ strukturasi’ ha’m kirilsheden lati’n a’lipbesine sa’ykeslik tablicalari’ Ni’zamni’n’ aji’ralmas bo’legi si’pati’nda 1 ha’m 2 qosi’mshalarda keltirilgen.

## Juwmaq

Qaraqalpaq tilinin’ ma’mleketlik til huqi’qi’na iye boli’wi’ ha’m jan’a lati’n jazi’wi’na wo’tiwine baylani’sli’ qaraqalpaq til ilimi aldi’na ana tilimizdi teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan ha’r ta’repleme teren’irek u’yreniw wazi’ypasi’n ju’kleydi.

Bizin’ bul jumi’si’mi’z qaraqalpaq jazi’wi’n teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan ha’r ta’repleme izertlewdegi birinshi arnawli’ jumi’s boli’p yesaplanadi’. Jumi’sta qaraqalpaq a’lipbesinin’ tariyxi’, woni’n’ basqi’shlari’, ha’r bir basqi’shtag’i’ a’lipbelerdin’ xi’zmeti, kemshilikleri ken’nen izertlendi. Soni’n’ menen birge qaraqalpaq a’lipbesinin’ rawajlani’wi’ ha’m jetilisip bari’wi’ joli’nda islengen ilimiy miynetlerge tallawlar ju’rgizilip belgili bir juwmaqlar shi’g’ari’ldi’.

Jumi’si’mi’di’n’ I babi’nda jazi’w teoriyasi’, awi’zeki ha’m janli’ so’ylew, jazi’w ha’m imla, imla wo’lshemleri jo’ninde so’z boldi’ ha’m wonnan to’mendegishe juwmaqlar shi’g’ari’ldi’:

Jazi’w sistemasi’ni’n` ta`riypi uluwma alg`anda tildin` ta`riypine baylani’sli’ boladi’, jazi’w menen tikkeley baylani’sli’ bolg`an til qabatlari’ni’n` ta`ripleniwine baylani’sli’, mi’sali’ morfologiyali’q ha`m fonologiyali’q.

Uluwma aytqanda wori’s tili imlasi’ni’n` wo’lshemleri tuwrali’ ayti’lg`anlarg`a juwmaq jasay woti’ri’p, jazi’w ha’m imla qa’delerin islep shi’g’i’wda imla wo’lshemlerine itibar qarati’w kerek. Ha’rqanday so’z imla wo’lshemleri tiykari’nda jazi’ladi’. Sonli’qtan biz jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilinin’ imla wo’lshemleri haqqi’nda ha’m fonematikali’q wo’lshemdi basli’ wo’lshem si’pati’nda ali’p qaradi’q.

Jumi’si’mi’zdi’n’ II babi’ boyi’nsha to’mendegishe juwmaqqa keliw mu’mkin:

Qaraqalpaq jazi'wi' —wo’zinin’ qa’liplesiw da’wirinde jazi’w tiykarlari’n bir neshe ma’rtebe wo’zgertti. Qaraqalpaq jazi’wi’ tariyxi’nda 4 etap ko’zge taslanadi’:1928 ji’lg’a shekem — arab a’lipbesine tiykarlang’an jazi’w; 1928-

1940 ji'llar -da'slepki lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'w; 1940-1994 ji'llar-kirill a'lipbesine tiykarlang'an jazi'w; 1994 - ji'ldan baslap son'g'i' lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'w.

Bir qatar tu'rkiy xali'qlari', soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi' da, 20-ji'llarg'a shekem arab grafikasi' tiykari'nda du'zilgen wo'zlerinin' a'lipbelerine iye bolsa, 20 - ji'llardi'n' aqi'ri'na kelip, wol xali'qlar massali'q tu'rde lati'n grafikasi'n qabi'l aldi'. Arab grafikasi'ni'n' ko'plegen kemshilikleri boldi'. Tildin' ayi'ri'm wo'zinshelik wo'zgesheliklerine baylani'sli' seslerin an'latatug'i'n arnawli' ha'ripler jetispedi, bir sestin' so'z basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda ha'r qi'yli' tan'balar menen bildiriliwi jazi'wdi' u'yreniwdi qi'yi'nlasti'radi'.

Qaraqalpaqstanda arab ali'pbesinen son' 1928-1940 ji'llar - lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'wdan paydalani'ldi'. Bul a'lipbege bir neshe ma'rte wo'zgerisler kiritildi. A'lipbede qollani'lg'an imla morfologiyali'q-fonetikali'q wo'lshemge tiykarlani'p, woni'n' morfologiyali'q jag'i' basi'm yetip ali'ndi'. Bul imla qag'i'ydalari'ni'n' wo'zgerisleri 1932-ji'lg'i' imla qag'i'ydalari'na qarama-qarsi' boli'p, yerinlik dawi'sli' **o, o', u, u'** ha'ripleri so'zdin' birinshi buwi'ni'nda jazi'latug'i'ni' ko'rsetilgen yedi, al yeziwlik qi'si'q dawi'sli' **i',i** ha'ripleri ashi'q buwi'nli' so'zlerdin' birinshi buwi'ni'nda jazi'lmadi'. Biraq bul jazi'w u'lken kemshiliklerge jol qoydi'. So'zlerdin' tu'biri saqlanbay, buzi'li'p jazi'ldi'. Bul jag'day woqi'w-woqi'ti'w jumi'slari'nda so'zlerdin' tu'biri menen qosi'mtalari'n mektep woqi'wshi'lari' aji'rata almaytug'i'n da'rejege ali'p keldi.

1940- ji'llari' – kirill a'lipbesine tiykarlang'an jazi'wg'a wo'tildi. Wori's jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesinin' ha'ripler sani' qaraqalpaq tilinin' seslik wo'zgesheliklerinin' sani' menen ten'lestirilmedi, wori's so'zlerin duri's jazi'wg'a beyimlestirildi. Wori's a'lipbesine tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesinde a'debiy tilimizdin' **9 dawi'sli' fonemasi' 13 ha'rip penen (a, ә, o, ө, у, ү, ы, и, е, э, ё, ю, я) ali'ndi'.** Jeke seslerdi bildirmey, yeki sesti

bildiretug'i'n ё (ио), ю (йу), я (иа) ha'riplerinin' ali'ni'wi', jin'ishkertiw ha'm ayi'ri'w belgilerinin' qollani'li'wi' jazi'wdi' qi'yi'nlasti'rdi', so'zlerdin' tu'biri menen qos i'mtalari'ni'n' shegarasi' belgisiz boli'p qaldi'. Mi'sali': ою (ойыў), қою (қойыў) t.b.

Soni'n' menen qatar, wori's alfavitine tiykarlang'an a'lipbe ha'm imladag'i' qa'te-kemshiliklerdin' ko'beyiwine 1938-ji'lg'i' imlada jiberilgen kemshiliklerdin' du'zetilmesten 1940-j i'lg' i' imlag'a wo'tkeriliwi bold i'.

1994 - ji'li' qaytadan lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'wg'a wo'tildi ha'm bul a'lipbe de yele de toli'qti'ri'wdi' talap yetti. Solay yetip 2009-ji'li' bul a'lipbege wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi.

Jumi'si'mi'di'n' III babi'nda ha'zirgi a'lipbe ha'm imla qa'deleri ha'm son'g'i' waqi'tta ja'riyalang'an ilimiy miynetlerge talqi'lawlar jurgizdik ha'm to'mendegishe juwmaqlarg'a keldik:

A'lipbege kirgizilgen son'g'i' wo'zgerisler tiykari'nda so'zdin' yen' basi'nda tu'pkilikli so'zlerde jumsalatug'i'n birikpeli seslerdi (diftonglardi') bildiriw ushi'n dara e,o,o' ha'ripleri worni'na ye, wo, wo' tu'rindegi qosarli' ha'ripler jazi'latug'i'n boldi'.

Buri'ng'i' ts ha'ripler birikpesi arqali' bildiriletug'i'n dawi'ssi'z sestin' worni'na c ha'ribinin' qabi'l yetiliwi procent, cex, docent, cement, cirk, cirkul si'yaqli' so'zlerdin' qoljazba ha'm baspa islerinde, sonday-aq kompyuter texnologiyasi'nda jazi'li'wi'n jen'illestirdi.

Buri'n sh ha'ripler birikpesine kirilshedegi u'sh sesti (ш, щ, ч seslerin ) bildiriw xi'zmeti ju'klengen bolsa, yendi kirilshedegi ч sesi ushi'n ch ha'ripler birikpesi ali'ni'w arqali' bul qi'yi'nshi'li'q jo'nge tu'sti.

Buri'ng'i' a'lipbedegi ы (i') ha'm и (i) dawi'sli' ha'ripleri kompyuterde jazi'wda qi'yi'nshi'li'q tuwdi'rg'anli'g'i' sebepli I i ha'ribi ushi'n İ'i' qabi'l yetilgenligi ma'lim. Kompyuter texnologiyasi'nda bul yeki ha'riptin' bir tan'ba menen tan'balani'wi' so'z ma'nisinin' buzi'li'wi'na ali'p keldi. Sonli'qtan yeki tu'rli sesti an'latatug'i'n yeki ha'ripti kompyuter texnologiyasi'nda bir tan'ba

menen tan'balamaw ushi'n İi ha'ribinin' qa'ptali'na apostrof (') belgisin qoyi'p jazi'w qabi'l yetilgen.

Uluwma juwmaqlasti'ri'p aytqanda, a'lipbedegi bul wo'zgerisler qaraqalpaq a'debiy tilinin' turaqli' tu'rde uzaq saqlani'wi'n ta'miynlewge arnalg'an u'lken ilaj dep woylaymi'z. Sonday-aq bul ilajlar qaraqalpaq imlasi'n jetilistiriwge qoyi'lg'an duri's qa'dem boli'p yesaplanadi'.

A'lipbege kirgizilgen wo'zgerisler qi'yi'nshi'li'q tuwdi'rmaydi', kerisinshe awi'zeki so'ylew menen jazi'wdi' bir-birine jaqi'nlasti'radi'. Biz isenemiz, a'lipbe ha'm imlag'a yengizilgen bul wo'zgerisler tez arada sin'isip ketedi. Sebebi, ha'zirdin' wo'zinde-aq woqi'wg'a yendi g'ana bari'p, jan'a a'lipbeni u'yrenip ati'rg'an jas wo'spirimlerde de, biz si'yaqli' jaslarda da bul qubi'li's hesh qanday tu'sinbewshilikti keltirip shi'g'ari'p ati'rg'an joq. Yendi bul wo'zgerislerdi qalay u'yreniw, ha'r kimnin' wo'zine, intasi'na, qala berse woqi'w islerin duri's sho'lkemlestiriwge baylani'sli' dep woylaymi'z.

## A’debiyatlar dizimi

## O’zkekistan Respublikasi’ Prezidenti I. A. Karimovti’n’ shi’g’armalari’:


1. Каримов И. А «Баркамол авлод - Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори».Өзбекстан Республикасы Олий мәжлисиниң IX сессиясында сөйлеген сөзи. Тошкент.1997, 29-август
2. Каримов И. А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент. «Маънавият», 2008


## Ilimiy miynetler ha’m woqi’w qollanbalar:


3. Azizov. Wo. Tilshunoslikka kirish. Toshkent, “ O’rta va oliy maktab”,1963
4. Алпаров Г., Убайдуллаев К., Айымбетов Қ. Қарақалпақ тилиниң жаңа имлас?. Төрткүл. 1933
5. Амирова Т.А. К истории и теории графемики. Москва, «Наука». 1977
6. Асқарова М., Қосимова К., Жамолхонова Н. Ўзбек тили. Тошкент. «Ўқитувчи». 1989
7. Баскаков Н. А. Каракалпакский язык. М. 1966. — Т. II.
8. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис. «Билим». 1999ж.
9. M.Da’wletov., B.Qutli’muratov. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’. N,”Bilim”,1994
10. Джумаза М.И. Теоретические основы дунганской орфографии. АКД. Бишкек. 1996
11. Джусупов М. Фонология А.Байтурсынова и фонология сингармонизма. Ташкент. «Узбекистан». 1995
12. Грамматика карачаево-балкарского языка. Нальчик. «Эльбрус». 1976
13. Грамматика современного башкирского литературного языка.

М.,«Наука». 1981

14. Гвоздев А.Н. Основы русской орфографии.-В кн.: Гвоздев А.Н. Избр. работы по орфографии и фонетике. М., 1963
15. Ильинская И.С., Сидоров В.Н. Современное русское правописание.- Уч.зап.МГПИ им. В.П.Потемкина, 1953,т. XXII,вып.2
16. М. И. Исаев. Языковое строительство в СССР. — М.: «Наука», 1979
17. Иванова В.Ф. Современная русская орфография. М., «Высшая школа»,1991
18. Кузьмина С.М. Теория русской орфографии. Орфография в ее отношении к фонетике и фонологии. М. «Наука», 1981
19. Ю. С. Маслов. Введение в языкознание. Москва, «Высшая школа», 2-изд, 1987
20. Мусаев К.М. Вопросы разработки и дальнейшего совершенствования орфографии тюркских литературных языков. Орфографии тюркских литературных языков СССР. М., «Наука», 1973
21. Нас?ров Д.С. Об усовершенствовании и унификации алфавита каракалпакского языка. Вопросы совершенствования алфавитов тюркских языков СССР. М., «Наука». 1972
22. Нас?ров Д.С. Орфография тюркских литературных языков СССР. М., «Наука». 1973
23. Насыров Д.С. Становление и развитие каракалпакской письменности. Нукус, 1987
24. Nasi'rov D. S. . Qaraqalapaq tilinin' alfaviti ha'm orfografiyali'q qa'delerinin' ji'ynag'i'. –N., 1974
25. Д. С. Насыров Об усовершенствовании и унификации алфавита каракалпакского языка // Вопросы совершенствования алфавитов тюркских языков СССР. — М.: «Наука», 1972
26. Д. С. Насыров Орфография каракалпакского языка // Орфографии

тюркских литературных языков СССР. — М.: «Наука», 1973

27. Панов М.В. Русская фонетика. М., 1967
28. Папп Ф. Учение о русском письме. –В кн.: Болла К., Палл Э., Папп Ф. Курс современного русского языка. Будапешт, 1968
29. Реформатский А.А. Введение в языкознание. М., 1964
30. Современный русский язык. (Под ред. В.А.Белошанкова). М., «Высшая школа», 1981
31. Убайдуллаев К. Қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлери. Нөкис. 1976
32. Ubaydullaev K. Qaraqalpaq tilinin' jan'a imlasi'. –To'rtku'l, 1933
33. Убайдуллаев К. Новые правила орфография каракалпакского языка.Сб. «Каракалпакия», т.II –Ленинград, 1934
34. Закономерности развития литературных языков народов СССР в советскую эпоху. Тюркские, финно-угорские и монгольские языки. М., «Наука», 1969

**Ilimiy jurnallar ha'm gazetalardag'i' maqalalar:**

35. Atabaev Q. Imla qag'i'ydalari'nda yerin u'nlesliginin' sa'wleleniwi. // Ilim ha'm bilimlendiriwge arnalg'an wo'mir. II. Akademik A. Da'wletovti'n' 70-ji'lli'q yubeleyine arnaladi'.-N, 2012
36. Ayi'mbetov N. Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalapaq a'lipbesi haqqi'nda pikirler. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1998, 20-oktyabr
37. A'liev A. Wo'z imlami'zg'a iye bolami'z. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1994, 17-fevral
38. Булатова Л.Н. Еще раз об основном принципе русской орфографии. -ВЯ, 1969, №6
39. Da'wletov A. Jazi'wi'mi'z jetilisiw joli'nda .// Yerkin Qaraqalpaqstan,1993, 1-may
40. Da'wletov A. Jetilisken a'lipbe - sawatli'li'qti'n' girewi. // Qaraqalpaqstan jaslari',1995, 27-iyul

41. Da’wletov A. Jazi’wdi’ jetilistiriwdin’ ayi’ri’m mashqalalari’. // Til ha’m a’debiyat , 2010

42. Da’wletov A. A’lipbedegi wo’zgerisler turmi’s talabi’.// Yerkin Qaraqalpaqstan, 2010, 7-yanvar

43. Da’wletov A., Yerjanova D. Lati’nlasti’ri’lg’an jazi’wdag’i’ ayi’ri’m wo’zgerisler haqqi’nda. Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetli ma’seleleri. –N, 2011

44. M.Da’wletov M. A’debiy tilimizdin’ orfografiyasi’n jetilistiriw haqqi’nda.// Jas leninshi. 1991, 19-mart

45. Da’wletov M. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’n du’ziwdin’ teoriyali’q tiykarlari’.// Vestnik Karakalpakskogo otdelenie AN Uzbekistana. 1998, №4

46. Da’wletov M. Imladag’i’ wo’zgerisler haqqi’nda pikirler ha’m usi’ni’slar. // Ustaz joli’. 2012, 20-sentyabr

47.Дәўлетов М. Қарақалпақ орфографиясының принциплери. ӨзРИАҚҚБ хабаршысы журналы. 2003-жыл №1сан.106-109-бетлер.

48. Da’wletov M. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’n du’ziwdin’ teoriyali’q tiykarlari’.// Vestnik Karakalpakskogo otdelenie AN Uzbekistana. 1998, №4

49. Da’wletov M. Qaraqalpaq tilinin’ orfografiyasi’ ha’m punktuaciyasi’. N, 2013

50. Dospanov Wo. Qaraqalpaq jazi’wi’ni’n’ rawajlani’w ma’selesine. // Yerkin Qaraqalpaqstan,1999, 18-sentyabr

51. Qudaybergenov M.Ha’zirgi qaraqalpaq a’lipbesinin’ a’hmiyetli ma’seleleri. // Ilim ha’m bilimlendiriwge arnalg’an wo’mir. II. Akademik A. Da’wletovti’n’ 70-ji’lli’q yubeleyine arnaladi’.-N, 2012

52. Wori’nbaev T. Jazi’wi’mi’zdi’ jetilistiriw-turmi’s talabi’. //”Ustaz joli’ ”, 2013, 17-yanvar.

**Internet saytlari':**

53. File:///C:Dokuments and settings/Qaraqalpaq jazi'wi'/htm

54. Mijnetkeş Qaraqalpaq http//ru.wikipedia.org/wiki//%

55. К. М. Мусаев Языки и письменности народов Евразии. — Алматы: «Гылым», 1993. -С. 72. - 242 с. -100 экз. — ISBN 5-628-01418-4